

# Discover Boston Public Schools

## Gid Chwa ak Enskripsyon


Edisyon Ane Lekòl 2022-2023 la

Yon resous pou fanmi Lekòl Piblik Boston ki fenk vini ak sila yo ki deja fè pati sistèm lekòl nou an k ap chèche yon nouvo lekòl, pwogram, oswa plasman.

## Pakou Enskripsyon An

Jwenn avèk yon Spesyalis Enskripsyon ki va verifye dokimantasyon lojman ou ansanm ak tout lòt dokimantasyon nesèsè pou enskri nan Lekòl Piblik Boston ; lèske l fin revize dokiman sa yo, Spesyalis la ap kòmanse pwosesis enskripsyon an.

Aplikasyon w lan prale kot yon Spesyalis Plasman kote l ap sibi yon verifikasyon final. Apresa n ap bay pitit ou an yon plas nan yon lekòl. Lèske l fin jwenn yon plas, si pitit ou an elijib pou sèvis otobis, enskripsyon pou transpòtasyon ap fèt otomatikman epi n ap voye lèt plasman w lan lakay ou pa lapòs.



**Pou orè lekòl ki pi ajou yo, konsilte sit entènèt:**  
[www.bostonpublicschools.org/belltimes](http://www.bostonpublicschools.org/belltimes)

# Entwodiksyon

## DAT ENPÒTAN

Kòmansman  
Prijorite  
Enskripsyon

Janvye

5

Fen Prijorite  
Enskripsyon

Janvye

28

Nontifikasyon  
(Avi) sou Plasman

Mas

31

Elèv k ap antre  
nan klas K0,  
K1, 6yèm,  
7yèm, oswa  
9yèm ane.

Fevriye

7

Avril

1

Me

31

Elèv nan  
TOUT LÒT  
klas yo.



**Lekòl Piblik Boston** ofri pwogram skolè, sosyo-emosyonèl, kiltirèl, e ekstraskolè (ki vle di : andeyò orè lekòl yo), ki reponn a bezwen divès tout fanmi yo toupatou nan vil la. Kòmans sou lekòl matènèl rive nan lekòl segondè, lekòl nou yo fè gwo efò pou yo devlope lakay chak elèv : konesans, konpetans, ak karaktè pou yo kapab reyisi nan inivèsite (kolèj), nan karyè yo, ak nan lavi a.

BPS ofri :

- Pwogram garanti pou tout jounen an parapò a klas jadendanfan "K2" pou tout timoun klas 5 an, plis pase 3.000 plas nan klas "K1" pou timoun 4 an, ak yon kantite plas limite nan klas "K0" pou timoun laj 3 an ; avèk pwogram ki kouvri divès orè, depi nan orè tradisyonèl, jiska jou skolè pwolonje, ak yon pwogram lekòl Montessori ;
- Lekòl ki genyen yon diferan aranjman nivo klas yo, pami yo kèk pwogram K-6yèm ane, K-8yèm ane, ak 7yèm-12yèm ane ;
- Yon seri modèl lekòl, pami yo lekòl tradisyonèl, lekòl inovasyon, lekòl pilòt, ak lekòl charter andedan distri a ;
- Lekòl ki genyen kèk pwogram pou elèv ki genyen talan ak don, elèv k ap aprann angle, ak elèv ki genyen andikap,
- Pandanke w ap eksplore divès kalite pwogram nou ofri yo, tanpri kontakte lekòl nou yo epi pale avèk direktè nou yo, pwofesè n yo, elèv nou yo, ak paran n yo. Nonu konnen ke w ap jwenn meyè opsyon yo pou fanmi w nan Lekòl Piblik Boston !

Tanpri note ke akòz viris COVID-19 la ak entèripsyon de (2) ane skolè presedan yo, distri a, oswa eta a, pa t mete plizyè nan metrik ke nou rapòte nan piblikasyon sa a ajou ni yo pa t pibliye yo. Akòz pandemi COVID-19 la ak administrasyon iregilye egzamen MCAS yo pou 2021, p ap genyen okenn Evalyasyon Kontrandi Eta a k ap pibliye pou 2021. Done kontrandi 2019 la ap rete an vigè jiska otòn 2022. Byenke yo p ap itilize l pou objektif kontrandi, DESE pibliye rezilta egzamen MCAS 2021 yo, to diplomasyon (obtansyon diplòm), ak divès lòt pwèn done.

# Kisa Ki Anndan An...

Entwodiksyon.....	Kouvèti Anndan
Yon Gid Enskripsyon Rapid.....	2
Kilès ki bezwen ale nan yon	
Sant Dakèy ?.....	3
Aprann Kichòy sou Lekòl Nonu yo.....	3
Enskri pitit ou.....	4
Egzijans selon Laj Elèv yo.....	4
Vaksinasyon.....	5
Regleman sou Deziyasyon Lekòl	
Plan Ki Baze sou Adrès Kay La.....	6
Elèv Ki San Lojman.....	6
Pwofite.....	7
Lis Datant yo.....	7
Nimewo Owaza.....	8
Pakou Garanti.....	8
Chanjman Adrès.....	8
Transfere Lekòl.....	8
Transpòtasyon.....	9
Pwogram Nonu Ofri	
Lekòl Matènèl Inivèsèl.....	10
Jadendanfan.....	10
Ekselans pou Tout Moun.....	11
Lekòl Konkou Antre Yo.....	11
Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik.....	11
Elèv ki Genyen Andikap.....	12
Elèv k ap Aprann Angle.....	12
Kòman Lekòl yo Klasifye.....	13
Build BPS.....	14
Lekòl K-8 yo nan Yon Koudèy.....	15
Pwofil Lekòl K-8 yo.....	17
Lekòl Segondè yo nan yon Koudèy.....	45
Pwofil Lekòl Segondè yo	
Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè 47	
Lekòl Segondè Admisyon Espesyal.....	65
Lekòl Edikasyon Espesyal.....	77
Resous pou Fanmi ak Elèv.....	81

## Dekouvri Lekòl Piblik Boston 2022-2023

Yon piblikasyon Lekòl Piblik Boston  
Bolling Municipal Building  
2300 Washington St., Roxbury, MA 02119  
617-635-9000

Brenda Cassellius  
Sipèntandan

### Komite Lekòl Vil Boston

Jeri Robinson, *Prezidan*  
Michael O'Neill, *Vis Prezidan*  
Dr. Hardin Coleman  
Ernani DeAraujo  
Lorena Lopera  
Rafaela Polanco Garcia  
Quoc Tran

Entansyon nou pou *Discover BPS* se pou li sèvi kòm yon entwodiksyon pou regleman ak pwogram Lekòl Piblik Boston yo. Se pa yon gid regleman okonplè. Genyen kèk nan enfòmasyon ki nan paj sa yo ki te kapab chanje depi lè nou te pibliye yo a. Pou plis enfòmasyon, rele oswa ale nan yon Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston (BPS), ke nou mete sou lis ki nan paj 2 a.

Pwodiksyon: Lekòl Piblik Boston  
Biwo Kominikasyon

### Nonvanm 2021

Lekòl Piblik Boston pa diskrimine sou baz ras, koulè, laj, enfimite, sèks/fi ak gason, idantite seksyèl, kwayans relijye, orijin nasyonal, zansèt/desandan, retalyasyon, oryantasyon seksyèl, jenetik, osinon estati militè, epitou nou pa tolere kèlkilanswa fòm entimidasyon, menas, ak/oswa pèsèksyon.

**Gade piblikasyon sa a sou entènèt nan  
[www.bostonpublicschools.org/register](http://www.bostonpublicschools.org/register)**

ENGLISH: Discover Boston Public Schools is available in English, Arabic, Cabo Verdean creole, Chinese, French, Haitian creole, Portuguese, Somali, Spanish, and Vietnamese. For a copy, or for assistance, please call or visit any Welcome Center, listed on page 2.

ARABIC: اكتشف مدارس بوسطن العامة متاحة باللغة الإنجليزية والعربية والكريولية الرأس الأخضر والصينية والفرنسية والكريولية الهايتية والبرتغالية والصومالية والإسبانية والفيتنامية للحصول على نسخة، أو للمساعدة، يرجى الاتصال أو زيارة أي مركز الترحيب، المدرجة في الصفحة 2.

CABO VERDEAN: *Diskubri Skolas Pùbliki di Boston* sta dispunivel na Inglês, kriolu di Kabu Verdi, Xinês, Kriolu di Aiti, Portugês, Sumalianu, y Vietnamita. Pa obte un kòpia o asistensia, pur favor telefona o vizita kualker Sentru di Boas-Vindas ki sta na pàgina 2.

CHINESE: 波士頓公立學校探索有英文、佛德角土語、中文、海地土語、葡萄牙文、索馬里文、西班牙文及越南文版本，索取或求助，請電或到訪列在第 2 頁的歡迎中心。

FRENCH: *Découvrez Boston Public Schools* est disponible en anglais, arabe, créole capverdien, chinois, français, créole haïtien, portugais, somali, espagnol et vietnamien. Pour obtenir une copie, ou de l'aide, s'il vous plaît appeler ou visiter un centre d'accueil, figurant à la page 2.

HAITIAN CREOLE: *Dekouvri Lekòl Piblik Boston* yo ekri an Angle, an Kreyòl Kapvèdyen, an Chinwa, an Krèyòl Ayisyen, an Pòtigè, an Somalyen, an Panyòl ak an Vyetnamyen. Si ou bezwen yon kopi, osnon pou tout lòt kesyon, telefone oswa ale nan nenpòt Biwo Sant Dakèy yo, w ap jwenn yon lis nan paj 2.

PORTUGUESE: *Descubra as Escolas Públicas de Boston* está disponível em inglês, caboverdeano, chinês, haitiano, português, somali, espanhol e vietnamita. Para uma cópia ou para assistência, por favor telefone ou visite qualquer Centro de Bem Vindos, listado na página 2.

SOMALI: *Qoraalada barashada Dugsiyada Dadweynaha Boston* waxa la helayaa iyagoo ku qoran Ingiriisi, Kebfeerde koroyoole, Shiine, Hayshiyen koroyoole, Boortaqiis, Soomaali, Isbaanish, iyo Fiyatnaamiis. Nuqul qoraalkaas ah iyo wixii kaalmo ah, wac ama soo booqo mid ka mid ah Xarumaha Soo-dhaweynta Waalidka ee ku qoran bogga 2.

SPANISH: *Descubra las Escuelas Públicas de Boston* está disponible en inglés, caboverdiano criollo, chino, haitiano criollo, portugués, somali, español y vietnamita. Para obtener una copia en cualquiera de estos idiomas o para más información, por favor llame o visite cualquier Centro de Bienvenida que se encuentran enumerados en la página 2.

VIETNAMESE: Tập Khám Phá Trường Công Lập Boston được ấn hành bằng Anh Ngữ, Cabo Verdean creole, Trung Hoa, Haitian creole, Bồ Đào Nha, Somali, Tây Ban Nha, và tiếng Việt Nam. Nếu quý vị muốn có tập này, hoặc cần sự giúp đỡ, vui lòng gọi điện thoại hoặc đến bất kỳ Trung Tâm Chào Đón nào, được liệt kê ở trang 2.

# Gid Enskripsyon Rapid

## KILÈS ki dwe enskri pou lekòl ?

Nan eta Massachusetts, chak elèv dwe kòmanse lekòl nan mwa septanm nan ane kalandriye l ap genyen laj sizan an. (Pou Ane Skolè 2022-2023 a, fò l te fèt an 2016). Nan Boston, plas yo pou Jadendanfan K2 garanti pou tout elèv k ap genyen laj senk an rive 1ye septanm 2022, pou Ane Skolè 2022-2023 a. Epitou genyen plas limite pou timoun laj 3 ak 4 an, byenke plas sila yo pa garanti.

## KI SA ki chwa lekòl mwen yo ?

Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri yon lis chwa lekòl pèsonalize pou chak fanmi, ke yo baze sou adrès kay yo. Konsilte sit entènèt [www.discoverbps.org](http://www.discoverbps.org) pou lis pèsonalize pa w la.

## KI KOTE m kab enskri ?

Kontakte nenpòt nan Sant Dakèy nou yo. Aprann Plis sou sa, sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/welcomeservices](http://www.bostonpublicschools.org/welcomeservices)

- Dorchester - 1216 Dorchester Ave., 617-635-8015
- East Boston - 312 Border Street, 617-635-9597
- Roslindale - 515 Hyde Park Ave., 617-635-8040
- Roxbury - 2300 Washington Street, 2yèm etaj, 617-635-9010

## KI LÈ m dwe enskri ?

Ane Skolè 2021-2022 : **Kounye a**

Ane Lekòl 2022-2023 la, pou w ka genyen plis chans pou genyen chwa w pi prefere a :

- 5 jiska 28 janvyè** Lekòl Matènèl (K0 ak K1) ak klas 6yèm, 7yèm, oswa 9yèm ane
- 7 fevriye jiska 1ye avril** Jadendanfan (K2), Klas 1ye jiska 5yèm ane, 8yèm, 10yèm jiska 12yèm ane  
Plas yo garanti pou klas Jadendanfan K2 jiska 12yèm ane, kèlkeswa lè w te enskri a. Sepandan, nou reyèlman rekòmande w enskri pandan tou priyorite w la pou w ka genyen meyè chans pou w jwenn chwa prefere w yo.

## SE KÒMAN pou m enskri ?

Kontakte nan yon Sant Dakèy. Se paran yo oswa gadyen responsab yo ki dwe konplete enskripsyon yo, transfè yo, ak chanjman adrès yo. Pou rann vizit ou pi fasil, opsyon pou w enskri davans disponib sou sit entènèt : [sis.mybps.org](http://sis.mybps.org) epi ou kapab pwograme yon randevou sou sit : [www.bostonpublicschools.org/appointment](http://www.bostonpublicschools.org/appointment). Tanpri fè si ou vin avèk :

- Idantifikasyon Paran an/Gadyen Responsab la ki genyen foto l ladan l
- Ak de nesans orijinèl timoun nan (oswa paspò l oubyen dokiman I-94 li, si sa ta nesèsè)
- De (2) prèv lojman nan Boston (gade nan paj 4)

## Welcome Center Orè

Lendi - Vandredi

9è am - 5è pm

Mèkredi

Yo bay sèvis siplemantè adistans pou jiska 5è -7è pm

Pandan mwa Janvyè, Fevriye, Out, sèlman sou randevou.



# Kilès ki Bezwen Vizite yon Sant Dakèy?

Si w...

Ebyen

- Fenk Vini Nan Lekòl Piblik Boston
- Yon fanmi ki pa t resevwa plas pou klas jadendanfan K0, K1, oswa K2 ane pase
- Enterese chanje lekòl

**Ale nan yon Sant Dakèy avèk Dokiman Apwopriye yo (gade nan paj 5)**

- Nan dènye ane w nan yon Lekòl pou Elèv ki Kòmanse Aprann Bonè yo ("Early Learners" - ELC/EEC/EES)
- Nan dènye ane w nan yon lekòl Jadendanfan jiska klas 5yèm ane oswa Jadendanfan jiska 6yèm ane
- Nan klas 8yèm ane ak nan ane final ou nan lekòl ou an

**Ranpli fòm chwa ke lekòl aktyèl ou a distribye a**

## Se ki jan mwen kapab aprann plis sou chak lekòl?

**Sou Entènèt:** [www.discoverbps.org](http://www.discoverbps.org) se yon zouti entènèt nou genyen, ki la pou l ede w genyen plis konesans sou kèk pwogram diferan, sou lè yo, regleman inifòm yo, enstalasyon yo, ak pèfòmans akademik lekòl yo ki sou lis ou an.

Abityèlman Biwo Sèvis Sant Dakèy la ebèje kèk **Sesyon Enfòmasyon** ak **Evènman Apèsi** sou Lekòl yo pandan tout otòn nan pou fanmi yo kapab konprann pwosesis enskripsyon an, vizite lekòl yo, epi aprann plis konsènan opsyon lekòl yo. Ane sa a, akòz viris COVID-19 la, evènman sa yo ap fèt vityèlman. Tanpri ale sou sit entènèt: [bostonpublicschools.org/welcomeservices](http://bostonpublicschools.org/welcomeservices) pou w jwenn plis enfòmasyon ak yon orè evènman yo, kou yo vin disponib.



# Enskri Pitit Ou

## Avan w Kontakte yon Sant Dakèy

- Jwenn lis lekòl ou yo sou sit entènèt : [www.discoverbps.org](http://www.discoverbps.org)
- Enskri davans sou sit entènèt: [sis.mybps.org](http://sis.mybps.org)
- Pwograme yon randevou sou sit : [bostonpublicschools.org/appointment](http://bostonpublicschools.org/appointment)
- Fè si ke w vin avèk :
  - ✓ Ak de nesans orijinèl timoun nan, fòm I-94 li oswa paspò li
  - ✓ Kanè vaksinyon timoun nan ki ajou
  - ✓ Idantifikasyon Paran an/Responsab la ki genyen foto l ladan l
  - ✓ Prèv Lojman : de (2) nan dokiman suivan yo ki enprime davans ki genyen non ak adrès aktyèl paran an/responsab elèv la ladan yo :
    - Yon bòdwo sèvis piblik (li pa kab yon bòdwo dlo ni yon bòdwo telefòn pòtab), ki pa pi ansyen ke 60 jou
    - Yon kontra lwaye ki ajou, yon akò seksyon 8, oswa yon deklarasyon mèt kay Lekòl Piblik Boston, ki pa pi ansyen ke en (1) an
    - Yon ak notè pou pwopriyete oswa yon pèman ipotèk ki genyen dat 60 jou ki sot pase yo, oubyen yon bòdwo enpo pou pwopriyete ki pa pi ansyen ke ane ki sot pase a
    - Yon fòm W2 ki pa pi ansyen ke en (1) an ki sot pase a, oswa yon souchèk ki pa pi ansyen ke 60 jou
    - Yon lèt nan men yon ajans gouvènman apwouve ki pa pi ansyen ke 60 jou
    - Yon relve kont bank oswa relve kat kredi, ki pa pi ansyen ke 60 jou

## Kontakte yon Sant Dakèy

Fè si ke w vini avèk dokiman yo ki sou lis anwo a lòske w kontakte youn nan kat Sant Dakèy nou yo (Gade nan paj 2.)

- Si w ap enskri pou ane skolè sa a (2021-2022), kontakte yon Sant Dakèy, pi vit ke posib.
- Si wa p enskri pou pwochèn ane skolè a (2022-2023) :
  - ✓ Elèv k ap antre nan klas jadendanfan K0, K1, 6yèm, 7yèm oswa 9yèm ane : ale nan nenpòt Sant Dakèy ant 5 Janvyè e 28 Janvyè pou w ka genyen pi bon chans pou w jwenn chwa prefere w yo. N ap enfòmè w pa pi ta ke 31 Mas.
  - ✓ Pou elèv k ap antre nan klas K2 oswa nenpòt lòt klas, vizite nenpòt Sant Dakèy ant 7 Fevriye e 1ye Avril pou w genyen pi bon chans pou w jwenn chwa prefere w yo. N ap enfòmè w pa pi ta ke 31 Me.
  - ✓ Plas yo garanti pou klas Jadendanfan K2 jiska 12yèm ane, kèlkeswa lè w enskri a.

## Egzijans Laj pou Enskripsyon pou Ane Lekòl 2021-2022 an

Dat nesans	Laj apati dat 1ye septanm, 2022	Klas
Elèv k ap Aprann Bonè yo		
2019	Laj 3 an	K0
2018	Laj 4 an	K1
2017	Laj 5 an	K2
2016	Laj 6 an	1
Lekòl Elemantè		
2015	Laj 7 an	2
2014	Laj 8 an	3
2013	Laj 9 an	4
2012	Laj 10 an	5
Lekòl Mwayèn		
2011	Laj 11 an	6
2010	Laj 12 an	7
2009	Laj 13 an	8

Dat nesans	Laj apati dat 1ye septanm, 2022	Klas
Lekòl Segondè		
2008	Laj 14 an	9
2007	Laj 15 an	10
2006	Laj 16 an	11
2005	Laj 17 an	12
2004	Laj 18 an	N ap deziyen elèv yo selon bezwen patikilye ak disponibilite pwogram yo.
2003	Laj 19 an	
2002	Laj 20 an	
2001	Laj 21 an	
2000	Laj 22 an	

# Enskri Pitit Ou

**Konsilte [bostonpublicschools.org/register](https://www.bostonpublicschools.org/register) pou w gade yon videyo sou enskripsyon**

## Pwochè Etap Yo

- **Si pitit ou pa yon Elèv k ap Aprann Anglè epi l pa andikape** : N ap ba li yon plas nan yon lekòl nan kèk jou sèlman si te w fin enskri l pou ane lekòl sa a. Si w te enskri pou pwochè ane skolè a, tanpri gade dat ki sou lis ki andedan paj kouvèti a.
- **Si genyen yon lòt lang fanmi an pale nan kay la apa de anglè** : Fanmi w lan ka bezwen ale nan Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Elèv ki Fenk Vini Yo ("Newcomer Assessment & Counseling Center") pou yon egzamen lengwistik (egzamen lang).
- **Si pitit ou an genyen yon andikap** : N ap voye chwa lekòl ou yo bay Biwo Edikasyon Espesyal la («Office of Special Education») pou verifikasyon (e li posib nou ka tou deziyen l pou yon lekòl).
- **Demann pou fòmasyon pwofesyonèl ki andeyò distri a** : Elèv k ap konsidere opsyon sa a dwe kontakte Biwo Karyè ak Edikasyon Teknik la ("Office of Career and Technical Education") pou èd avèk pwosesis sa a ([msylvaria@bostonpublicschools.org](mailto:msylvaria@bostonpublicschools.org)). Dat limit la pou demann sa a se 1ye Avril.
- **Si w ap enskri pitit ou pou ni ane skolè sa a ni pou pwochè ane skolè a** : Nonu kapab deziyen pitit ou an pou yon lekòl ane sa a ak pou yon lekòl diferan pou pwochè ane a. Pandanke Lekòl Piblik Boston ap fè sa l kapab pou l mete elèv yo nan menm lekòl la pou toude ane yo, se pa toutan ki genyen plas disponib nan tout ane skolè yo nan menm lekòl la. Si w enskri pandan premye tou an pou klas pwochè ane a, sa ap ogmante chans pitit ou pou l jwenn yon plas nan menm lekòl la pou toude ane yo.

## Lis Vaksen ki Egzijib pou Enskri pou Lekòl

(Nòt Avètisman: egzijans yo se pou ane sa a sèlman.)

	K0/K1 (laj 3-4 zan)	K2 (laj 4-5 an)	Ane 1-6	Ane 7-12
Hepatiti B	3 dòz*	3 dòz*	3 dòz*	3 dòz*
DtaP/DTP/DT/Td	≥ 4 dòz DtaP/DTP	5 dòz DtaP/DTP	≥ 4 DtaP/DTP oubyen ≥ 3 Td	≥ 4 dòz DtaP/DTP oubyen ≥ 3 dòz Td
Tdap	-	-	-	1 dòz
Polyo	≥ 3 dòz	3-4 dòz^	3-4 dòz^	3-4 dòz^
"Hib"	1-4 dòz	-	-	-
MMR	1 dòz*	2 dòz*	2 dòz*	2 dòz*
Varisèl (saranpyon)	1 dòz*	2 dòz*	2 dòz*	2 dòz*
^^MenACWY (Menengokòk konjige)	-	-	-	1 dòz klas 7yèm ane 1 dòz ≥ laj 16 an (piki rapèl)
Grip	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**

\*oswa dokimantasyon ofisyèl maladi a oswa iminite

\*\* Tout moun ki genyen laj 6 mwa oswa ki pi gran dwe resewva vaksen pou grip sezon yo, pou sezon grip aktyèl la (de jiyè jiska jen) chak ane, pa pi ta ke 31 desanm. Nonuvo elèv k ap rantrè lekòl ant 1ye janvyè ak 31 mas dwe resewva yon dòz vaksen pou sezon grip aktyèl la pou yo kapab rantrè lekòl.

^ Timoun yo dwe resewva dènye dòz la jou 4yèm anivèsè yo oswa apres a plis ke 6 mwa aprè dòz presedan an, oubyen yon lòt dòz anplis ap nesèsè

^^ Vaksen Konjige Menengokòk nesèsè pou elèv yo rantrè nan klas 7yèm ane ak yon dòz piki rapèl ("booster") jou 16yèm anivèsè yo oswa apre sa.

Apa de sa, nou reyèlman rekòmande pou pitit ou a resewva yon Evalyasyon Risk Tibèkiloz pandan randevou egzamen medikal li fè chak ane a.

Kèk sityasyon espesyal. Esepte nan yon ka ijan oswa yon epidemi, elèv yo kapab kòmanse lekòl si ke yon paran oswa gadyen responsab prezante yon deklarasyon ekri (1) ki sot nan men yon medsen ki di ke pitit yo pa vaksine pou rezon medikal, oswa (2) ke pitit la pa vaksine pou rezon kwayans relijye l.

Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt: [www.mass.gov/service-details/school-immunizations](https://www.mass.gov/service-details/school-immunizations).

Si w genyen kèk kesyon, kontakte Sèvis Sante BPS nan nimewo telefòn 617-635-6788.

# Regleman sou Plasman Lekòl

Lekòl Piblik Boston genyen yon regleman sou plasman elèv ki Baze sou Adrès Kay pou bay elèv klas jadendanfan K0 yo jiska 8yèm ane yo plasman nan lekòl yo. Tout lekòl segondè nou yo toujou rete kòm opsyon pou tout elèv nou yo nan tout vil la.


**Plan ki Baze sou Adrès Kay la itilize kay elèv la kòm yon pwèn depa.**

Lekòl Piblik Boston ofri yon lis chwa lekòl personalize pou l asire ke chak fanmi genyen aksè a kèk bonjan kalite lekòl, kèlkeswa kote yo abite. Chak fanmi genyen chwa sis lekòl pou pi piti; majorite a ap genyen ant 10 ak 14 chwa. Elèv k ap aprann Anglè ak elèv Edikasyon Espesyal yo kapab genyen kèk ajisteman nan lis chwa yo selon bezwen patikilye yo. Gade nan paj 12 pou plis detay.

## Lis sa a genyen ladan l :

- Chak lekòl ki a yon distans ki mwens pase yon mil a kay la (1,6 kilomèt)
- Kèk opsyon lekòl segondè ki pwòch, si sa ta nesèsè,
- Òf pwogram patikilye pou nivo klas timoun nan, tankou yon pwogram bileng, yon pwogram jadendanfan K0, opsyon pou tout vil la, ak ak divès lòt opsyon rejyonal.
- Nonu detèmine lekòl la selon kèk regleman presedan, tankou yon lekòl ki te chanje lokal bilding.

Elèv ki fè yon demann pandan peryòd enskripsyon priyorite a pou nivo klas yo genyen meyè chans pou yo jwenn plasman nan divès lekòl chwa pi prefere yo. Plan ki Baze sou Adrès Kay la sèvi ak yon algorit, ki sanble ak yon lotri, pou detèmine plasman selon yon chif ki bay owaza ak yon seri priyorite (gade nan paj 7 pou plis etay). Pakonsekan, nou pa kapab garanti yon kandida ap jwenn plasman nan youn nan chwa l pi prefere yo. Epitou, akòz kantite plas yo limite, nou pa kapab garanti divès plasman pou ni elèv jadendanfan K0 ni elèv jadendanfan K1.



## Lejann pou Plan ki Baze sou Adrès Kay La

*Egzanp pou elèv jadendanfan K2 ki abite nan 2300 Washington Street, Roxbury*

- Lekòl a yon distans ki mwens pase yon mil a kay la
- Bonjan kalite opsyon anplis
- Opsyon nan tout vil la
- Lekòl ki pi pwòch pou elèv k ap kòmanse aprann bonè yo (EEC/ELC)
- Lòt

## Elèv ki San Lojman

**Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman, 617-635-8037**

Si w deplase pou w al nan yonabri, oubyen w ap viv ansanm ak yon lòt fanmi (w ap pataje lojman yon lòt moun akòz ou te pèdi kay ou ak akòz difikilte ekonomik), osinon w ap viv nan okenn lòt sityasyon tanporè, ale nan nenpòt Sant Dakèy epi bay yo nouvo adrès ou an.

Elèv yo genyen dwa pou yo rete nan lekòl yo ladan l nan moman an (lekòl aktyèl yo) pandan tan yo san lojman an, menm si yo deplase ale nan yon lòt distri skolè. N ap bay transpòtasyon pou yon elèv jadendanfan K0 a K2 si trajè a 45 minit oswa mwens. N ap bay transpòtasyon pou elèv klas 1ye ane jiska 12yèm ane si trajè a inèd tan oswa mwens. Elèv yo genyen dwa pou yo rete nan lekòl yo ladan l la, kit yo abite ak paran yo kit yo pa abite avèk yo. Epitou, paran an/responsab la ka chwazi pou l enskri timoun nan nan yon lekòl ki sou lis lekòl ki pre kay li, nan bouk, oswa vil kote l ap viv tanporèman an. Si yon elèv vin san lojman pandan ete a epi l oblije deplase, elèv la kapab retounen nan dènye lekòl kote l te ye oparavan an. Nonu ka ba li transpòtasyon amwenske nouvo adrès la a yon distans ki mwens pase yon mil (1,6 kilomèt) a lekòl la. Si fanmi an ale nan yon lojman pèmanan, elèv la kapab fini ane a nan menm lekòl la epi n ap ba li transpòtasyon.

# Regleman sou Plasman Lekòl

## Ki sa ki "prijorite yo" ?

Pafwa, yon lekòl ka pa genyen plas pou tout elèv ki mete l sou lis kòm chwa yo. Lè sa rive, nou deziyen elèv yo sou baz priyorite, ki ka enkli :

1. Prijorite Lekòl Aktyèl la
2. Prijorite Frè ak Sè
3. Prijorite EEC/ELC (Elèv k ap kòmanse aprann bonè)
4. Prijorite Elèv ki Abite East Boston/ki Pa Abite East Boston

## Prijorite Lekòl Aktyèl la

Li bay yon elèv priyorite pou yon pwogram nan lekòl li sou yon lòt elèv ki nan yon lekòl diferan. Pa egzanp, yon elèv ki enskri nan moman sa a nan yon pwogram SEI klas 3yèm ane nan lekòl Hennigan School la ap resevwa priyorite pou yon plas Edikasyon Jeneral pou nivo klas 4yèm ane nan lekòl Hennigan nan sou yon elèv 3yèm ane ki ale nan lekòl Mendell School aktyèlman ki chwazi lekòl Hennigan nan sou lis chwa pa l la.

## Prijorite Frè ak Sè

Lekòl Piblik Boston travay pou l kenbe fanmi yo ansanm nan menm lekòl yo si toutfw se sa paran yo prefere. Pou ede rann sa posib, regleman deziyasyon an bay frè ak sè priyorite pandan tou deziyasyon yo, pou ogmante chans yo pou yo ale nan menm lekòl. Sepandan, akoz lekòl yo pa toujou genyen plas pou tout frè ak sè yo ki fè demann sa a, plasman frè ak sè nan menm lekòl pa garanti.

## Prijorite pou elèv ki soti nan Schools for Early Learners

Elèv k ap fini klas 1ye ane nan yon lekòl pou Elèv k ap Aprann Bonè san yon lekòl pakou (chemen) garanti, genyen yon priyorite pi wo pou plas ki disponib nan Klas 2yèm ane yo avan nouvo elèv yo, osinon elèv k ap transfere sot nan yon lòt lekòl ki pa genyen ni frè ni sè nan lekòl sa a.

## Prijorite Elèv ki Abite East Boston/ki Pa Abite East Boston

Etdandone vil Boston genyen yon jeyografi inik, nou bay elèv ki abite nan East Boston yo priyorite pou lekòl ki nan East Boston yo, epi nou bay elèv ki abite andeyò East Boston yo priyorite pou lekòl ki andeyò East Boston yo, amwenske yo ta chwazi otreman.

**Tanpri note ke :** *Prijorite sa yo pa ranplase peryòd enskripsyon lè w te enskri an.* Elèv sila yo ki te enskri pandan premye enskripsyon priyorite a pou klas yo ap jwenn konsiderasyon avan tout lòt elèv ki enskri nan yon peryòd enskripsyon annapre. Se pou rezon sa a li espesyalman enpòtan pou w enskri nan premye peryòd enskripsyon an pou klas pitit ou a pou ke w kapab genyen plis chans pou w resevwa youn nan chwa prefere w yo. Ale nan paj 5 pou w kab wè peryòd enskripsyon priyorite a pou klas pitit ou a.

## Lis Datant

Si w pa jwenn premye chwa w yo, Lekòl Piblik Boston ap eseye bay pitit ou a yon plas pami youn nan lòt chwa w yo. Epitou, n ap mete pitit ou a sou youn oswa plizyè lis datant selon regleman nou dekri anba a.

### Fanmi ki enskri avan 1ye, avril, 2022 :

- Ap sou tout lis datant pou lekòl yo te klase sou lis chwa yo kòm pi wo ke lekòl yo deziyen ladan l lan rive jiska 15 jen, 2022. Lè sa a, n ap deziyen elèv yo otomatikman nan lekòl ki sou lis datant yo tank plas yo ap vin disponib.
- Aprè 15 jen, 2022, elèv yo ap otomatikman rete sou yon lis datant, lekòl yo klase ki pi wo a, amwenske yon paran kontakte yon Sant Dakèy pou spesifye otreman.
- Si yon plas vin disponib, elèv yo ap jwenn plasman otomatikman sou lis datant ki genyen lekòl ki klase pi wo yo, rive jisk an mwa jiyè. Si w satisfè avèk plasman pitit ou a jwenn nan epi w pa vle nou mete pitit ou a nan yon lekòl ki klase pi wo, tanpri retire pitit ou a nan tout lis datant yo.

### Fanmi ki enskri avan 1ye, avril, 2022 :

- N ap plase yo otomatikman sou yon lis datant pou lekòl yo klase pi wo a.

### Nòt sou Lis Datant yo :

- Lis Datant yo ap ekspire 30 novanm pou klas 1ye jiska 12yèm ane yo ak 31 janvyè pou klas jadendanfan K0 jiska K2.
- Si w pa resevwa yon plas ki sot sou yon lis datant avan lis la ekspire, w ap bezwen pou w fè yon lòt demann pou yon transfè nan yon Sant Dakèy.
- Lis datant yo pa kontinye sot nan yon ane al nan yon lòt.
- Akoz pwoblèm kapasite, Lekòl Piblik Boston ka genyen pou l deziyen elèv sila yo ki fenk enskri, ki genyen laj 5 an oswa plis, lekòl, avan elèv ki sou lis datant yo nan moman an.
- Si w reyaktifte yon lis datant ou te deja retire non w sou li, n ap ajoute pitit ou a nan fen lis datant lan.

## Resevwa yon Plas ki sot nan yon Lis Datant

- Aprè jiyè, si yon plas vin disponib nan lekòl lis datant ou an, Lekòl Piblik Boston ap kontakte fanmi yo nan imel oswa nan telefòn pou konfime ke yo ta renmen asepte plas la. Tanpri rele oswa vizite youn nan Sant Dakèy yo pou w fè si ke enfòmasyon kontak ou ajou.

# Regleman sou Plasman Lekòl

## Nimewo Owaza

Odinatè a bay chak demann yon nimewo owaza. Nonu itilize nimewo owaza yo pou nou pran desizyon nan ka kote elèv ki te enskri pandan menm peryòd genyen menm priorite egal ego pou yon lekòl.

## Pakou Garanti yo

Pou elèv edikasyon jeneral yo, genyen kèk nan lekòl elemanè nou yo ki konekte ak yon lekòl 6yèm jiska 8yèm ane oswa yon lekòl K jiska 8 ane kòm yon pakou garanti. Fanmi sila yo ki rive nan klas final yon lekòl ki genyen yon pakou garanti ap resewva yon lèt ki mansyone lekòl pakou yo a. Si w satisfè avèk opsyon pakou w la, w ap otomatikman enskri nan lekòl sa a pou pwochèn klas la. Si w ta renmen fè yon lòt chwa lekòl, tanpri ranpli yon fòmilè chwa lekòl pandan peryòd enskripsyon priyoritè a pou w kapab genyen meye chans pou w jwenn lekòl ou prefere a.

## Chanje Adrès Ou

Si w te chanje kay depi lè w te enskri an, ale nan yon Sant Dakèy avèk yon pyès idantifikasyon ou ki genyen foto w ladan l ak de (2) prèv lojman nan Boston pou w chanje adrès ou (gade nan paj 4).

### Nonte ke nou pa ka chanje estasyon bis ou toutotan w pa chanje adrès ou.

Antre nouvo adrès ou a nan sou sit entènèt [www.discoverbps.org](http://www.discoverbps.org) pou w ka eksplòre nouvo lis chwa fanmi w lan.

### Si lekòl aktyèl pitit ou a sou nouvo lis ki Baze sou Adrès Kay la :

- Pitit ou a kapab rete nan lekòl aktyèl li a epi l ka elijib pou sèvis transpòtasyon.
- Osinon ou kapab chwazi yon nouvo lekòl pou pitit ou a.

### Si nouvo lekòl pitit ou a PA sou nouvo lis ki Baze sou Adrès Kay la :

- Pitit ou a kapab rete nan lekòl aktyèl li a, men li p ap elijib pou transpòtasyon.
- Ou kapab chwazi yon nouvo lekòl pou pitit ou a ki sou lis chwa l la, epi li kapab elijib pou transpòtasyon.

## Transfere nan Yon Lekòl

Nan Lekòl Piblik Boston, yon transfè se lèske yon elèv deplase sot nan yon Lekòl Piblik Boston pou l ale nan yon lòt Lekòl Piblik Boston. Si pitit ou ale nan yon lekòl ki andeyò Boston nan moman sa a, osinon l ale nan yon lekòl prive, relijiye, oswa yon lekòl sou kontra ("charter"), tanpri suiv enstriksyon yo pou enskripsyon ki sou paj 4 la de preferans.

### Pou yon paran kapab soumèt yon transfè, li dwe kontakte yon Sant Dakèy avèk yon pyès idantifikasyon ki genyen foto l ladan l.

- Transfè yo pou ane skolè aktyèl la ap pran fen 30 novanm, 2021 pou klas 1ye jiska 12yèm ane yo ak 31 janvyè, 2022, pou jadendanfan K0 jiska K2.
- Demann pou transfè pou ane skolè 2022-2023 a ap kòmanse an janvyè 2022. Tanpri suiv kwonolji enskripsyon an ki anndan paj kouvèti a.

### Tanpri note ke :

- Akoz plas yo limite, transfè yo pa garanti. N ap mete elèv yo nan lekòl yo klase pi wo a, si toutfwà yon plas ta disponib.
- Yon transfè ap ranplase nenpòt plasman, klasman, oswa lis datant. Sa vle di, si nou akòde pitit ou a yon transfè pou ane lekòl aktyèl la, l ap pèdi plasman l pou ane lekòl aktyèl li a.
- Se menm jan an tou, si nou akòde l yon transfè pou pwochèn ane skolè a, pitit ou a ap pèdi plasman l te genyen oparavan pou pwochèn ane skolè a.
- Pou tout demann transfè, si pa genyen plas disponib, n ap mete pitit ou sou lis datant lan pou lekòl premye chwa l la jiskaske lis datant yo ekspire.
- Si nou deziyen pitit ou an pou yon pwogram edikasyon espesyal pou elèv ki genyen anpil bezwen (enklizyon okonplè oswa ki konplètman apa), n ap revize demann transfè yo pou ane skolè 2022-2023 an nan fen mwa jiyè/kòmansman out 2022 a, e ankò nan mwa novanm 2022. Si pitit ou a nan yon pwogram jadendanfan, n ap revize demann sa yo tou an janvyè 2023. Apa de rele yon Sant Dakèy, paran yo kapab fè demann alekri tou pou yon transfè, atravè Kowòdinatè Edikasyon Espesyal lekòl pitit yo a. Tanpri note ke regleman sou zafè transfè edikasyon espesyal yo gen pou wè avèk elèv k ap prale nan menm pwogram nan, nan yon lekòl diferan, e l pa gen pou wè ak elèv ki bezwen yon lekòl ak/oswa yon pwogram diferan, jan Ekip IEP a ta detèmine sa.

# Transpòtasyon

## Transpòtasyon

617-635-9520

[bostonpublicschools.org/transportation](http://bostonpublicschools.org/transportation)

**Pòtay Sipò a (Support Portal) :**

[bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home](http://bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home)

### Elèv sa yo elijib pou transpòtasyon :

- Elèv ki abite yon distans ki yon mil oswa ki pi lwen a Sant Edikasyon Timoun Piti Yo a, Sant Elèv k ap Aprann Bonè Yo a, oswa lekòl elemantè yo a
- Elèv ki nan klas 6yèm ane ki ale nan yon lekòl ki fè pati zòn adrès kay yo e ki abite yon distans yon mil edmi oswa ki pi lwen a lekòl mwayèn yo a
- Tout elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm elijib pou kat lese pase M7 MBTA la

Majorite elèv ki monte yon otobis lekòl, monte e desann nan yon arè pwent kafou touprè lakay yo. Elèv ki nan klas 7yèm ane rive nan 12yèm ane yo ap jwenn yon kat lese-pase MBTA oswa yon konbinezon yon kat lese-pase MBTA ak yon otobis lekòl. Elèv klas sizyèm ane yo kapab chwazi pou yo resevwa yon kat lese-pase MBTA de preferans si yo rele Biwo Transpòtasyon an.

Lòske nou deziyen pitit ou a pou yon lekòl, n ap fè w konnen si pitit ou a ap elijib pou transpòtasyon. Pou deziyasyon pou ane skolè sa a, w ap resevwa enfòmasyon w lan atravè lapòs nan mwens ke de (2) semèn. Pou deziyasyon pou pwochèn ane skolè a, w ap resevwa arè otobis pitit ou a, nimewo ak orè bis li a atravè lapòs, an mwa Out.

### Transpòtasyon pou Elèv Andikape

Elèv ki andikape yo kapab resevwa sèvis pwent kafou a pwent kafou, sèvis MBTA, oswa sèvis pòt a pòt, jan sa dekri nan Plan Edikasyon Pèsonalize yo an (IEP). Pou diskite ki sèvis ki pi apwopriye pou elèv ou a, tanpri diskite sa avèk Ekip IEP a. Pou w ka fè demann pou sèvis transpòtasyon medikal, tanpri kontakte enfimyè lekòl ou a oswa Sèvis Sante yo nan ete a nan nimewo 617-635-6788. Tanpri note ke transpòtasyon medikal pa renouvle otomatikman chak ane.

## Transpòtasyon Altènatif

Ou kapab fè demann pou "Transpòtasyon Altènatif", pou ale oswa tounen sot nan yon arè otobis apa de estasyon ki bò lakay ou an (tankou pou yon pwogram ki pran plas aprè jounen lekòl). Elèv ki pa elijib pou transpòtasyon pou yo ale oswa sot lakay yo kapab fè yon demann pou sèvis sa a tou. Demann ou an sijè a restriksyon suivan yo:

- Estasyon ou fè demann pou li an dwe sou yon wout bis ki deja egziste epi l pa dwe ajoute sou lè trajè a.
- Dwe genyen espas nan bis la pou nou kapab bay nouvo elèv yo plas sou wout bis la.
- Demann nan pou estasyon altènatif la dwe fèt pou tout semèn nan, pa pou kèk jou sèlman.
- Lekòl Piblik Boston pa bay sèvis altènatif pòt a pòt amwenske yon IEP ta mande sa.

## Chwazi pou Pa Patisipe nan Transpòtasyon

Si w pa genyen entansyon itilize transpòtasyon otobis lekòl yo, n ap mande w pou w enfòm n, dekwa pou yon lòt elèv kapab itilize plas sa a nan bis la. Si w deside itilize sèvis transpòtasyon yo pi ta, ou kapab enfòm depatman Transpòtasyon an, epi y ap reyaktifte sèvis transpòtasyon bis la. Jis ba yo yon avètisman 2 ou 3 semèn davans dekwa pou depatman Transpòtasyon an kapab founi yon deziyasyon otobis.

## Kontakte Depatman Transpòtasyon an

Pou plis enfòmasyon ak pou soumèt kèk demann pou Transpòtasyon Altènatif, Chwa pou Pa Patisipe nan Sèvis Transpòtasyon, ak kèk lòt chwa ankò, tanpri konsilte Potay Sipò pou Transpòtasyon an, sou sit entènèt : [www.bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home](http://www.bostonpublicschoolshelp.freshdesk.com/support/home), oubyen rele Depatman Transpòtasyon an nan nimewo telefòn 617-635-9520.



# Pwogram Nonu Ofri

## Pre-K Boston (Lekòl Matènèl Boston) (Lekòl Matènèl Inivèsèl - K0 jiska K1)

[bostonpublicschools.org/UPK](http://bostonpublicschools.org/UPK)

Pre-K Boston founi tout timoun 4 an ki abite Boston avèk bonjan kalite lekòl matènèl, san fanmi yo pa bezwen peye anyen. Tout timoun Boston k ap gentan gen laj katran rive 1ye septanm, 2022 ap elijib. Pwogram lekòl matènèl la se yon jounen lekòl sizèd tan edmi, swa nan yon Lekòl Piblik Boston, oswa nan yon Sant Aprantisaj Timoun Piti Kominotè UPK (Lekòl Matènèl Inivèsèl) pou 180 jou pa ane. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram Lekòl Matènèl Inivèsèl nan Sant Aprantisaj Timoun Piti Kominotè yo sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/upk](http://bostonpublicschools.org/upk).

Rechèch montre ke timoun ki te ale nan pwogram Lekòl Matènèl BPS la bay pi bon rannman pase elèv ki pa t al ladan l, epi yon atenn akonplisman nan afè lekòl alontèm.

### Ki sa bonjan kalite lekòl matènèl vle di ?

- Standa Pwogram Lekòl Piblik Boston an depase standa nasyonal yo.
- Tout pwofesè lekòl matènèl yo genyen yon degre nan edikasyon timoun piti (sa yo rele "early childhood education") e yo prepare pou yo anseye nan anviwònman klas yo pou kore tout elèv, kèlkeswa orijin yo ak bezwen yo.
- Pwofesè yo resewva devlopman pwofesyonèl kontinyèl pandan tout ane a pou amelyore ansèyman yo.
- Kèk antrenè ekspè bay pwofesè yo sipò kontinyèl.
- Elèv yo aprann kichòy nan Pwogram Etid "Boston Public Schools Focus on K1" nan (ki vle di "Lekòl Piblik Boston Konsantre sou jadendanfan K1") ak nan Pwogram Etid "Building Blocks" ("Blòk pou Bati"), ki se modèl nasyonal nan edikasyon timoun piti.
- Tout anviwònman sal de klas yo apwopriye pou laj elèv yo e yo pran kilti yo an konsiderasyon.
- Ti sal de klas piti, ki genyen 2 edikatè pou 20 elèv.
- "Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun nan, (NAEYC a)" ("National Association for the Education of Young Children") akredite jadendanfan nou yo.
- Chak sant aprantisaj timoun piti kominotè genyen yon Kowòdinatè Angajman Paran ki pou founi sipò bay fanmi yo pou reponn a bezwen patikilye yo.

*Universal Pre-K Boston ("Lekòl Matènèl Boston Inivèsèl") finansye avèk yon fon 15\$ milyon ki sot nan men Vil Boston ak biwo Majistra a.*

## Jadendanfan (K2)

Lekòl Piblik Boston (BPS) ofri plizyè opsyon pou elèv pi jèn nou yo pou yo kapab genyen yon kòmansman ki ranpli ak siksè :

- Jadendanfan. Jadendanfan se yon pwogram sizèd tan (pandan tout jounen an) pou elèv laj 5 an yo nan tout lekòl elementè yo. Deziyasyon lekòl yo garanti pou tout timoun ki fè demann pou yo patisipe nan jadendanfan K2 pandan tout dire jounen skolè a. Sepandan, akòz espas yo limite, nou pa kapab garanti w yon plas nan yon lekòl ou chwazi. Pou w enskri pou jadendanfan K2, timoun yo dwe gentan genyen laj senk an rive 1ye Septanm, 2022 oswa avan sa.
- Lekòl pou Elèv k ap Kòmanse Aprann Bonè (ELC/EEC). Plizyè lekòl ofri pwogram pandan tout dire jounen skolè a, kòmanse nan klas jadendanfan K0/K1 rive nan klas 1ye oswa 3yèm ane. Lekòl sa yo founi swen avan ak aprè jounen skolè a, apati 7:30 dimaten jiska 4:35 nan laprèmidi. Akòz plas yo limite nou pa kapab garanti yon plas nan pwogram sa yo, men nou ankouraje fanmi yo depeze demann yo.

### Kèk Nòt Enpòtan sou Jadendanfan

- Nonu garanti tout elèv jadendanfan yo ki fè pati pwogram edikasyon jeneral la yon plas rive jiska dènye klas lekòl kote nou deziyen yo a, selon machasuiv nou genyen yo pou plan deziyasyon elèv nou yo.
- Pou w kapab konnen ki pwogram jadendanfan pitit ou a elijib pou li, tanpri gade tablo ki nan paj 4 la.
- Lwa eta a daklare ke chak timoun dwe ale lekòl kòmanse an mwa septanm nan, nan ane kalandriye elèv la vin genyen laj sizan an.
- Si w bezwen kèk lòt opsyon pou timoun ou ki gen laj twazan oswa katran, nou ankouraje w tcheke pwogram "Head Start" la, pwogram "Child Care Choices of Boston" nan ([childcarechoicesofboston.org](http://childcarechoicesofboston.org)), ak kèk lòt opsyon lekòl matènèl.

**Countdown to Kindergarten** ("Konte Jou pou Jadendanfan") se yon kanpay preparasyon pou lekòl ki ede fanmi yo patisipe nan yon fason aktif nan edikasyon pitit yo depi okòmansman, k ap ede yo konprann valè jadendanfan, e aprann kòman pou yo chwazi lekòl yo, epitou enskri nan Lekòl Piblik Boston.

Pou w kab wè pwogram ak dat evènman k ap fèt touprè w yo, konsilte sit entènèt : [countdowntokindergarten.org](http://countdowntokindergarten.org).

# Pwogram Nonu Ofri

## Ekselans pou Tout Elèv (klas 4yèm a 6yèm ane)

617-635-9202

[bostonpublicschools.org/EFA](http://bostonpublicschools.org/EFA)

Ekselans pou Tout Moun (EFA) se yon inisyativ BPS ki elaji aksè nan kèk eksperyans aprantisaj 21yèm syèk ki solid e ki anrichi edikasyon elèv yo nan klas 3yèm jiska 6yèm ane pami 14 lekòl. EFA bay pwofesè yo antrènman kontinyèl e dirèk, devlopman pwofesyonèl, ak sipò, ki met aksan sou konpetans kiltirèl, alfabetizasyon, Elèv k ap Aprann Angle, ak elèv ki genyen andikap. Elèv ki nan klas 3yèm jiska 6yèm ane ap resewva kèk anrichisman, pami yo Pwogram STEM (kou kodaj, wobotik, ak enpresyon/enprimri twa dimansyonèl), Pwogram Savan yo (preparasyon pou egzamen ISEE a ak sipò pou fonksyon egzekitif), ak kou Lang Mondyal (Espayòl, Mandaren, ak Franse). Chak ane, elèv ki nan klas 4yèm jiska 6yèm ane patisipe nan Gwo Pwojè EFA la ("EFA Capstone Project"), kote yo fè rechèch e pwopoze solisyon pou kèk pwoblèm global e kominotè. Nan fen chak ane skolè, EFA la ebèje Konferans "Capstone EFA" la, kote ke elèv yo fè kèk prezantasyon nan prezans kamarad yo, pwofesè yo, ak patnè kominotè yo.

## Lekòl Konkou Antre (klas 7yèm jiska 12yèm ane)

617-635-9512

[bostonpublicschools.org/exam](http://bostonpublicschools.org/exam)

Lekòl Piblik Boston (BPS) genyen twa "lekòl konkou antre" pou klas 7yèm jiska 12yèm ane, ki itilize yon pwosesis espesyal pou admèt elèv li yo : Boston Latin Academy, Boston Latin School, ak John D. O'Bryant School of Mathematics & Science. Toule twa lekòl yo asepte nouvo elèv pou klas 7yèm ak 9yèm ane. Elèv ki enterese depoze yon demann pou admisyon pou ane skolè 2022-2023 a dwe satisfè kritè elijibilite minimòm yo pou mwayèn jeneral nòt yo (GPA). Pou ane skolè 2022-2023 a, n ap envite elèv yo sou baz mwayèn jeneral nòt yo (GPA yo) sèlman. P ap genyen yon administrasyon egzamen antre apa pou pwosesis admisyon ane sa a. Kòmanse ak pwosesis admisyon pou ane skolè 2023-2024 la, elèv yo dwe kab toujou satisfè minimòm egzijans GPA yo ; sepandan, n ap envite elèv yo sou baz GPA yo ak rannman yo bay nan egzamen antre a. Elèv ki enterese fè yon demann pou ane skolè 2023-2024 la ap genyen de (2) opòtinite pou yo pran egzamen antre a - yon fwa an prentan 2022 ak yon lòt fwa ankò an otòn 2022.

Elèv ki pa enskri nan yon Lekòl Piblik Boston nan moman sa a dwe konfime tou ke yo abite Boston kòm pati pwosesis demann nan. Elèv ki elèv aktyèl BPS yo pa oblije konplete pwosesis verifikasyon lojman an.

## Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik (CTE) (klas 9yèm jiska 12yèm ane)

617-635-9186

[bostonpublicschools.org/cte](http://bostonpublicschools.org/cte)

BPS devlope yon seri opòtinite CTE pou pèmèt elèv yo atenn kèk karyè pwofitab nan plis pase 25 domèn. CTE bay opòtinite aprantisaj pratik ki devlope konesans skolè e teknik, konpetans pou rezoud pwoblèm, konpetans jeneral pou asire yon travay, ak konpetans presi pou karyè yo ki pèmèt yo resewva kredi nan endistri yo. Objektif nou se pou chak elèv CTE posede konpetans skolè, teknik, e pwofesyonèl solid lè yo diplòme, dekwa pou yo kapab jwenn aksè nan kèk opòtinite solid aprè etid segondè yo, pami yo : kèk degre nan yon kolèj (inivèsite) dezan ak kolèj katran, sètifika, ak divès pwogram fòmasyon teknik ak divès aprantisaj. BPS ofri plis pase 40 Pakou atravè twa kalite pwogram Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik :

- Pwogram Chapit 74 ke yo ofri nan lekòl Madison Park Technical Vocational High School, The English High School, Boston Arts Academy, ak Kennedy Academy for Health Careers. Pwogram sa yo satisfè definisyon edikasyon teknik pwofesyonèl ki nan Chapit 74 Lwa Jeneral Massachusetts la ak lwa Perkins Act la, epi Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a apwouve yo.
- Nonu ofri Pakou Edikasyon Teknik Pwofesyonèl (CTE) ki pa Pakou Chapit 74 nan lekòl segondè okonplè Boston yo, pami yo : Boston International, East Boston, Jeremiah E. Burke, John D. O'Bryant, New Mission, ak TechBoston Academy. Pwogram sa yo satisfè definisyon edikasyon teknik pwofesyonèl ki nan lwa Perkins Act la, epi BPS apwouve yo.
- Innovation Pathway (Pakou Inovasyon) Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a apwouve Pakou CTE ke lekòl Dearborn STEM Academy ak Excel High School ofri.
- Early College Pathways (Pakou Kolèj/Inivèsite Bonè)- ke nou ofri nan lekòl Charlestown High School, Madison Park, ak lekòl Dearborn STEM Academy

### Demann pou fòmasyon pwofesyonèl andeyò distri a

Yon moun k ap fè demann pou skolarizasyon pou elèv ki pa abite nan vil la pou nenpòt demann pou yon plas etid fòmasyon pwofesyonèl, dwe soumèt li nan imel oswa nan lapòs bay Direktè an Chèf Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik la avan 1ye avril, 2022, pou yo kapab konsidere l pou otòn k ap vini a. Elèv k ap konsidere opsyon sa a dwe kontakte Biwo Karyè ak Edikasyon Teknik la ("Office of Career and Technical Education") pou èd avèk pwosesis sa a.

Nonu bay tout moun aksè egal ego nan pwogram, sèvis, ak aktivite edikasyon karyè pwofesyonèl/teknik yo, e nou pa diskrimine kont yo sou baz estati yo antanke manm popilasyon espesyal, ni sou baz ras, koulè, sèks, orijin nasyonal, andikap, relijyon, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ni sou baz konpetans yo nan lang angle. Lwa Perkins Seksyon 122 ak 134, Regleman sou Edikasyon Pwofesyonèl Teknik 603 CMR 4.03(4) (6) (7), M.G.L.c.76, Seksyon 5.

# Pwogram Nonu Ofri

## Elèv ki Genyen Andikap

617-635-8599

Biwo Edikasyon Espesyal la founi fanmi yo ak lekòl yo avèk gidans ak asistans nan fason l sipòte siksè elèv ki genyen andikap yo. Si ke w sispèk ke elèv BPS ou a ka genyen yon andikap, tanpri kontakte direktè lekòl elèv ou a. Si elèv ou a pa ale nan yon Lekòl Piblik Boston, kontakte Biwo Edikasyon Espesyal la nan nimewo ki ekri anwo a.

## Elèv k ap Aprann Angle

617-635-9435 Enfòmasyon

617-635-1565 Egzamen/Evalyasyon ak

Deziyasyon

(NACC - "Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Nonuvo Fanmi" - 2yèm etaj bilding Bolling Building, nan Roxbury)

[bostonpublicschools.org/EL](http://bostonpublicschools.org/EL)

Elèv k ap Aprann Anglè yo (EL) se elèv natif-natal yon peyi ki pale yon lang ki pa Anglè, epi yo poko konpetan ase nan Anglè akademik (angle lekòl) pou pèfòme travay (devwa) sal de klas an Anglè, san yo pa jwenn sipò lengwistik (sipò pou zafè lang). Prèske 15.000 elèv Lekòl Piblik Boston (30 pousan nan tout elèv BPS yo) se elèv nou klasifye kòm Elèv k ap Aprann Anglè.

Si "Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay" yon elèv endike yon lang ki pa lang anglè, y ap ba li yon tès nan Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Nonuvo Fanmi an ("Newcomers Assessment and Counseling Center" - NACC). Tout egzamen NACC yo fèt sou randevou sèlman.

## Opsyon Pwogram EL yo (Elèv k ap Aprann Angle yo)

- **Angle kòm Dezyèm Lang (ESL) nan Edikasyon Jeneral oswa Edikasyon Espesyal** Pou lekòl sila yo ki pa gen pwogram lang, yo mete Elèv k ap Aprann Angle yo nan sal de klas edikasyon jeneral yo, men yo resewva devlopman nan lang angle atravè klas ESL yo (klas Anglè kòm Dezyèm Lang yo). Li enpòtan pou n note ke li obligatwa pou elèv k ap aprann angle (ELs) ki nan anviwònman sa yo resewva ansèyman nan men pwofesè ki kalifye.
- **Edikasyon Doub Lang** Elèv ki pale angle ak elèv ki pale yon lòt lang anplis aprann yon lang patnè ak kèk kontni akademik ansanm. Objektif la se pou tout elèv yo vin letre (alfabè) nan toude lang yo e pale yo swa. BPS genyen kèk lekòl ki ofri pwogram lang siy ameriken (ASL), kreyòl ayisyen, vietnamyen, ak espayòl.
- **Pwogram Enstriksyon Pwoteje an Anglè (Sheltered English Immersion (SEI) language programs)** - Elèv yo se Elèv k ap Aprann Anglè ki (1) genyen yon nivo lang anglè de 1 a 3 epi (2) se yon pwofesè kalifye ki enstri yo nan matyè yo (matematik, syans, istwa, alfabetizasyon). Epitou, pandan tout

jounen skolè a, elèv yo resewva ansèyman ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang), ki kreye nan yon fason pou ede yo aprann lang nan pi vit.

**Patikilye nan aspè lang** - Lang ansèyman an se yon konbinezon anglè avèk kèk èd nan lang natif natal la, lè sa nesese. Lang nou ofri nan moman sa a se : Espayòl, kreyòl ayisyen, vyetnamyen, kreyòl kapvèdyen, ak chinwa.  
**Miltileng (plizyè lang)** - Lang ansèyman an se anglè.

- **Elèv Edikasyon Fòmèl yo te Limite osinon Entèwonp (Students with Limited or Interrupted Formal Education - SLIFE)** - Lekòl Piblik Boston (BPS) rekòmande pwogram sa a pou elèv laj 8 an, oswa pi gran, ki fenk vin Etazini e ke eksperyans edikatif yo mete yo 2 zan an aryè nan zafè lekòl, dèyè kamarad lekòl yo Oz Etazini. Nan pwogram sa a, elèv yo resewva enstriksyon entansif (ki vle di: enstriksyon byen konsantre) nan lang natif natal yo nan lekti/ekri, matematik, syans, ak syans sosyal nan yon sal de klas ki pa genyen anpil elèv.
- **Demann pou Pwogram Anplis** - Si 20 paran, oswa plis, nan yon lekòl ta renmen fè yon demann pou yon modèl ansèyman lengwistik (lang) diferan pou lekòl yo an, tanpri soumèt yon lèt bay Biwo Elèv k ap Aprann Anglè a, ki dekri demann nan, akonpaye avèk enfòmasyon kontak gwoup paran an ki entere nan opòtinite sa a.

### Komite Konsiltatif Distri a pou Elèv k ap Aprann Anglè (DELAC)

Komite Konsèy Distri a pou Elèv k ap Aprann Anglè se yon gwoup paran Elèv k ap Aprann Anglè ki genyen kòm objektif konseye Biwo Elèv k ap Aprann Anglè a konsènan pwoblèm ki anrapò ak Elèv k ap Aprann Anglè yo. DELAC reyini dezyèm madi chak mwa.

### Komite Konsiltatif Elèv K ap Aprann Anglè Yo (ELAC)

Genyen sèt komite konsiltatif ki baze sou lang ki reprezante chak nan gwoup lang suivan yo : arab, kreyòl kapvèdyen, chinwa, kreyòl kapvèdyen, chinwa, kreyòl ayisyen, espayòl, somali, ak vyetnamyen. Tankou DELAC fè, chak nan gwoup ELAC yo reyini yon fwa pa mwa, e reyinyon yo fèt e fasilite nan lang natif natal gwoup yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou DELAC oubyen sou kèk lòt ELAC ki baze sou lang, ale sou sit entènèt : [www.BostonDELAC.org](http://www.BostonDELAC.org).

# Kòmman Lekòl Yo Klasifye

## Kontrandi Eta a

Pou plis enfòmasyon, konsilte sit entènèt : [www.doe.mass.edu/accountability](http://www.doe.mass.edu/accountability)

Eta Massachusetts te evalye tout lekòl ki fè pati Lekòl Piblik Boston (pou ane skolè 2018-2019 la\*). Yo evalye tout lekòl ki genyen ase done (enfòmasyon) e yo klase yo nan kategori yo selon sa done tèss eta yo revele ansanm ak kèk lòt endis.

\*Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE) pa t fè kalkil kontrandi yo an otòn 2020 ni an 2021. Pakonsekan, rezilta kontrandi ki pi resan yo pou kèlkeswa distri a oswa lekòl la ap baze sou otòn 2019, e pwochèn fwa DESE ap pibliye rezilta kontrandi ki ajou se va an otòn 2022.

Chak lekòl klasifye swa kòm : Lekòl ki genyen renome, lekòl ki Satisfè oswa ki depase objektif yo, k ap fè Ase pwogrè pou atenn objektif yo, k ap fè pwogrè Modere pou atenn objektif yo, ki Limite nan pwogrè osinon ki p ap fè pwogrè pou atenn objektif yo, ki bezwen sipò kosantre/sible pou, osinon ki bezwen Anpil sipò/sipò okonplè.

## Kategori ki Patikilye a Lekòl yo

Lekòl ki pa bezwen èd ni entèkansyon (apeprè 85% lekòl Massachusetts yo)					Lekòl ki bezwen èd osinon entèkansyon (apeprè 15% nan tout eta a)	
<b>Lekòl ki genyen renome</b> Yo rekonèt li pou akonplisman siperyè li, pou anpil kwasans, osinon poutèt li depase objektif yo	<b>Atenn oswa depase objektif yo</b> Lekòl ki genyen 75 a 100% pwen objektif posib	<b>Ase pwogrè pou atenn objektif yo</b> Lekòl ki genyen 50 a 74% pwen objektif posib	<b>Pwogrè modere pou atenn objektif yo</b> Lekòl ki genyen 25 a 49% pwen objektif posib	<b>Limite nan pwogrè osinon pa gen pwogrè pou atenn objektif yo</b> Lekòl ki genyen 0 a 24% pwen objektif posib	<b>Ki bezwen Sipò Kosantre/Sible</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Santil 1 a 10</li><li>To gradyasyon ki ba</li><li>Gwoup elèv ki bay move rannman</li><li>Patisipasyon ba nan egzamen</li></ul>	<b>Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Lekòl k ap bay move rannman</li><li>Lekòl k ap pede bay move rannman</li></ul>

## Strikti pou Kalite Lekòl yo (SQF)

Pou plis enfòmasyon ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/schoolquality](http://www.bostonpublicschools.org/schoolquality)

BPS itilize Strikti pou Kalite Lekòl yo kòm yon fason pou fanmi yo kapab konpare rannman yon lekòl a kèk lòt Lekòl Piblik Boston. Rezilta yo baze sou kèk kritè tankou rannman elèv yo, kalite ansèyman yo, lidèchip, ak kilti lekòl yo. Chak lekòl deziyen avèk yon Klasman Strikti Kalite Lekòl de 1 a 4, epi nimewo 1 reprezante valè ki pi wo a.

Strikti pou Kalite Lekòl se yon sistèm mezi ki redefini kòmman nou evalye kalite yon lekòl. BPS kwè ke meyè fason pou n detèmine kalite yon lekòl se gade non sèlman ki rannman elèv yo bay nan egzamen standadize yo, men fason yo grandi tou chak ane, epitou egzamine kèk aspè kle yon lekòl, tankou kilti li. Strikti sa a bay fanmi yo kèk done ki pi okonplè sou lekòl yo, dekwa pou fanmi yo kapab fè kèk chwa lekòl ki pi enfòm e ki pi patikilye a yo menm.

## Sistèm Evalyasyon Okonplè Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Assessment System - MCAS)

Pou plis enfòmasyon, konsilte sit entènèt : [www.doe.mass.edu/mcas](http://www.doe.mass.edu/mcas)

Nonu atann aske Elèv ki nan klas 3yèm jiska 10yèm ane pran evalyasyon ki baze sou standa tout eta a, MCAS. Matyè nou teste nan MCAS la varye selon nivo klas yo, epi l genyen ladan l ELA (Gramè ak Literati Angle), matematik, ak syans ak tenkonloni/enjenyè (STE). Pou chak evalyasyon, elèv yo resevwa youn nan kat nivo akonplisman ("Depase Atant yo", "Satisfè Atant yo", "Satisfè Atant yo an Pati", epi "Pa Satisfè Atant yo"), selon rannman yo nan egzamen an, ki montre kote elèv yo ye parapò ak atant ki etabli pou nivo klas yo.

Akoz COVID-19, yo te fè kèk aranjman nan administrasyon MCAS la an 2020-2021. Elèv ki nan klas 3yèm jiska 8yèm ane te pran sèlman yon sèl sesyon MCAS la epi yo te pèmèt yo pran MCAS la adistans tou. Yo dwe itilize rezilta administrasyon sa a pou objektif dyagnostik sèlman. Pakonsekan, detèminasyon kontrandi pa t fèt an otòn 2021 e rezilta MCAS pou lekòl yo pa t enkli nan gid sa a.

# BuildBPS

## BuildBPS se yon plan jeneral 10 an pou edikasyon ak enstalasyon Lekòl Piblik Boston yo, ki se yon reflè angajman 1\$ bilyon Majistra Martin J. Walsh la.

BuildBPS vize pou l modènize lekòl yo pou l kreye plis espas ki va rann aprantisaj 21yèm syèk la pi konvenab, epitou kòmanse konstriksyon kèk nouvo batisman (bilding) lekòl, epi ogmante kantite plas ki disponib nan klas yo nan zòn nan vil la ki genyen plis bezwen, minimize tranzisyon elèv yo ap fè sot nan yon lekòl al nan yon lòt, adopte de (2) konfigirasyon (aranjman) klas prefere (Jadendanfan jiska 6yèm ane/7yèm ane jiska 12yèm ane ak Jadendanfan jiska 8yèm ane/9yèm ane jiska 12yèm ane), epi asire plis ekite nan deziyasyon elèv yo nan pwogram yo pou reponn a bezwen elèv k ap aprann angle yo, elèv ki genyen andikap yo, ak kèk lòt popilasyon ankò.

Dezyèm faz la genyen ladan l kèk pwopozisyon presi pou plizyè lekòl BPS – selon prensip k ap gide plan an – avèk entansyon pou angaje kominote a pou l kapab bay dizon l pandan pwochenn mwa ak ane k ap vini yo.

### Prensip direktè Build BPS yo se :

- ✓ Ogmante aksè a bonjan kalite anviwònman aprantisaj pou plis elèv.
- ✓ Abòde defi ki egziste nan zafè enskripsyon pou reponn a bezwen elèv yo.
- ✓ Rechèch kèk nouvo bilding (batisman), osinon agrandi kèk bilding nan katye kote elèv yo genyen anpil bezwen ak mwens aksè.
- ✓ Kreye plis deziyasyon pwogram ak opòtinite aprantisaj ekitab pou elèv sila nou yo ki genyen anpil bezwen, pami yo : elèv ki genyen andikap ak elèv k ap aprann angle.
- ✓ Redui kantite fwa elèv yo chanje lekòl pandan eksperyans yo, depi klas matènèl rive nan klas 12yèm ane.



# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

Nonu envite w pou w aprann plis sou lekòl nou yo. Pou w konnen ki lekòl k ap sou lis chwa pitit ou an, tanpri konsilte: [www.DiscoverBPS.org](http://www.DiscoverBPS.org) epi tape adrès ou, oswa kontakte/vizite yon Sant Dakèy. Akoz chak fanmi gen pwòp lis pèsonalize pa yo selon regleman plan ki Baze sou Adrès Kay la (gade nan paj 6), nou ekri tout enfòmasyon sou tout lekòl yo nan magazin sa a. Tanpri fè si w konsantre sou lekòl ki sou lis patikilye w la.

## Tablo pou Konprann Lekòl Yo nan Yon Koudèy

**Paj** Vire al sou paj sa a pou plis enfòmasyon sou lekòl la  
**K1°** KO disponib pou elèv ki genyen andikap pou lekòl sa a

### Pwogram anvan ak apre jounen lekòl la

B-Avan / A-Aprè

### Regleman sou Inifòm

Èske lekòl la genyen regleman sou inifòm pou elèv li yo ?

### Klasman Estrikti Kalite Lekòl (SQF) "SQF Tiers"

1 jiska 4, nimewo 1 kòm nòt ki pi wo a.

Li plis enfòmasyon sou Estrikti Kalite Lekòl la nan paj 13.

ID = "Done Yo Pa Sifi" (ki vle di: "pa gen ase done/ase enfòmasyon")

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè Yo\*

Elèv k ap Aprann Anglè yo ki enskri nan tout Lekòl Piblik Boston yo genyen dwa pou yo resevwa sèvis ESL yo (ESL se: Anglè Kòm Dezyèm Lang) ak ansèyman "eleman pwoteje" yo.

**SEI:** Enstriksyon Pwoteje ann Anglè

**SLIFE:** Fòmasyon Lengwistik avèk Anpil Entansite

**DL:** Lang Doub

**C:** Chinwa

**K:** Kap Vèdeyen

**M:** Plizyè Lang

**H:** Kreyòl Ayisyen

**S:** Espayòl (Panyòl)

**V:** Vyetnamyen

### Pwogram Edikasyon Espesyal

**ABA** Analis Konpatman Aplike

**EC-INC** Edikasyon Timoun Piti-Enklizyon

**EC-SS** Edikasyon Timoun Piti-Konplètman Diferan

**EI** Defisyans Emosyonèl

**EI-INT** Defisyans Emosyonèl-Asimile

**INC** Enklizyon pou Nivo Bezwen ki Wo

**LD** Andikap Aprantisaj

**MD** Plizyè Andikap

**Mild-II** Defisyans Entèlektiyèl Lejè

**Mod-II** Defisyans Entèlektiyèl Modere

**Sev-II** Defisyans Entèlektiyèl Sevè

**PI** Defisyans Fizik

✦ Li sèvi tout elèv ki te jwenn admisyon pa mwayen lotri a osinon pa mwayen pwosesis admisyon espesyal

LEKÒL	LOKAL	PAJ	KLAS POU 2021-2022	ENSKRIPSYON 2019-2020	PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN	REGLEMAN SOU INIFÒM	PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLÈ YO	PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO	SQF TIER
Adams	East Boston	18	K1°-6	248	A	Wi	SEI-S	ABA, INC	1
Alighieri Montessori	East Boston	18	K0-6	105	A	Wi			ID
Baldwin ELC	Brighton	18	K0-1	142	B / A	Nonn		EC-INC, INC	ID
Bates	Roslindale	19	K1°-6	218	B / A	Nonn		EC-INC, INC	1
Beethoven	West Roxbury	19	K1-2	260	B / A	Wi	SEI-M	EI	ID
Blackstone	South End	19	K0-6	462	B / A	Nonn	SEI-S, SLIFE-S	EC-INC, EC-SS, INC, MD	4
Boston Teachers Union	Jamaica Plain	20	K1°-8	292	A	Nonn		ABA, INC	2
Bradley	East Boston	20	K0-6	294	B	Wi		EC-INC, INC	1
Channing	Hyde Park	20	K1°-6	204	B / A	Wi		EC-SS, ABA	2
Chittick	Hyde Park	21	K1°-6	228	A	Wi		EC-INC, INC, ABA	3
Clap	Dorchester	21	K1°-6	121	B / A	Wi		EC-INC, INC	2
Condon	South Boston	21	K1°-8	675	B / A	Wi	SEI-M	EC-INC, EC-SS, INC, LD, SEV-II	2
Conley	Roslindale	22	K1°-6	182	B / A	Wi		EC-INC, EC-SS, INC, MOD-II	3
Curley	Jamaica Plain	22	K1°-8	915	B / A	Nonn	SEI-S, SLIFE-S	EC-INC, INC, ABA, MILD-II	1
Dever	Dorchester	22	K1-6	372		Wi	SEI-S	INC (EI)	3
Dudley St. NCS	Roxbury	23	K1-5	288	A	Wi		✦	4
East Boston EEC	East Boston	23	K0-1	187	B / A	Wi	SEI-M	EC-INC, INC	ID
Edison	Brighton	23	K1-8	500	B / A	Wi	SEI-M, SLIFE-M	INC, EI	3

Kòm pati plan Build BPS la, konfigirasyon klas yo (aranjman nivo klas yo) pou ane skolè 2022-2023 a sijè a chanje.

Pou w jwenn kèk enfòmasyon ajou, tanpri ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/buildbps](http://www.bostonpublicschools.org/buildbps).

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

Pou w wè yon lis okonplè òganizasyon patnè yon lekòl, tanpri konsilte sit entènèt: [partnerbps.org/locations](http://partnerbps.org/locations)

# K-8 Schools at a Glance

LEKÒL	LOKAL	PAJ	KLAS POU 2021-2022	ENSKRIPSYON 2019-2020	PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN	REGLEMAN SOU INFÒM	PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLE YO	PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO	SOFTIER
Eliot	Nonnrth End	24	K1°-8	800	A	Wi		EC-INC, INC, LD	1
Ellis	Roxbury	24	K1-6	340	B / A	Wi	SEI-S	EI	4
Ellison/Parks EES	Mattapan	24	K0-3	173	B / A	Wi	SEI-M	EC-INC, INC	ID
Everett	Dorchester	25	K1°-6	272	B / A	Wi		EC-INC, INC	1
Gardner	Allston	25	K1°-8	380	B / A	Wi		EC-INC, INC	2
Greenwood	Dorchester	26	K1-8	365	B / A	Wi	DL-S	EI, LD	2
Grew	Hyde Park	26	K1-6	206	B / A	Wi			4
Guild	East Boston	26	K1°-6	247	B / A	Wi	SEI-S	EC-INC, INC, LD	2
Hale	Roxbury	27	K1-6	175	B / A	Wi			1
Haley	Roslindale	27	K0°-8	361	B / A	Wi		EC-INC, INC	2
Harvard/Kent	Charlestown	27	K1°-6	350	B / A	Wi	SEI-C	EC-SS, INC, EI	2
Haynes EEC	Roxbury	28	K0-1	183	B / A	Wi	SEI-M	EC-INC, INC	ID
Henderson	Dorchester	60	K0-12	936	B / A	Wi		EC-INC, INC	2
Hennigan	Jamaica Plain	28	K2-8	517	B / A	Wi	SEI-M, SLIFE-S	INC, LD	2
Hernández	Roxbury	28	K1-8	430	A	Wi	DL-S		4
Higginson	Roxbury	29	K1°-2	119	B / A	Wi	SEI-S	EC-INC, INC, ABA	ID
Higginson/Lewis	Roxbury	29	3-8	189	B / A	Wi		INC, ABA	4
Holmes	Dorchester	29	K1°-6	259	B / A	Wi		EC-INC, INC	4
Hurley	South End	30	K1°-8	352	A	Wi	DL-S	EC-SS	1
Kennedy, J. F.	Jamaica Plain	30	K1°-6	334	A	Wi	SEI-S	EC-SS	1
Kennedy, P. J.	East Boston	30	K1°-6	264	B / A	Wi	SEI-S	EC-SS, INC	2
Kenny	Dorchester	31	K1°-6	341	B / A	Wi		EC-SS, INC, LD	1
Kilmer	West Roxbury	31	K1°-8	405	B / A	Wi		INC, ABA	2
King	Dorchester	31	K1°-8	564	A	Wi		EC-INC, EC-SS, INC, ABA	2
Lee Academy	Dorchester	32	K0-3	179	B / A	Nonn		INC	ID
Lee K-8	Dorchester	32	K1°-8	550	A	Wi		EC-INC, INC, ABA	3
Lyndon	West Roxbury	32	K1-8	650	B / A	Wi		MILD-II	1
Lyon K-8	Brighton	33	K2-8	133	B / A	Nonn		INC (EI)	4
Manning	Jamaica Plain	33	K1°-6	161	B / A	Nonn		EC-INC, INC (EI)	1
Mason	Roxbury	33	K0-5	195	B / A	Wi		EC-INC, INC	4
Mather	Dorchester	34	K1-5	497	B / A	Wi	SEI-V, DL-V	LD	2
Mattahunt	Mattapan	34	K1°-6	453		Wi	DL-H	EC-INC, EC-SS, INC, ABA	ID
McKay	East Boston	34	K1-8	695	A	Wi	SEI-S	INC	3
Mendell	Roxbury	35	K1°-6	263	B / A	Wi		EC-INC, INC	1
Mildred Ave.	Mattapan	35	K1-8	649	A	Wi	SEI-M, SLIFE-S	INC, MILD-II, MOD-II	2
Mission Hill	Jamaica Plain	35	K0-8	224	B / A	Nonn		EC-INC, INC	1

Kòm pati plan Build BPS la, konfigirasyon klas yo (aranjman nivo klas yo) pou ane skolè 2022-2023 a sijè a chanje.  
 Pou w jwenn kèk enfòmasyon ajou, tanpri ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/buildbps](http://www.bostonpublicschools.org/buildbps).

# K-8 Schools at a Glance

LEKÒL	LOKAL	PAJ	KLAS POU 2021-2022	ENSKRIPSYON 2019-2020	PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN	REGLEMAN SOU INIFÒM	PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLE YO	PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO	SQF TIER
Mozart	Roslindale	36	K1°-6	160	B / A	Wi		INC (AUTISM)	1
Murphy	Dorchester	36	K1°-8	866	B / A	Wi	SEI-M	EC-INC, INC, EI, MD	2
O'Donnell	East Boston	36	K1-6	264	B / A	Wi	SEI-S		2
Ohrenberger	West Roxbury	37	3-8	489	B / A	Wi	SEI-M	EI, INC	2
Orchard Gardens	Roxbury	37	K1°-8	748	A	Wi	SEI-K, SLIFE-K	ABA	3
Otis	East Boston	37	K1°-6	408	B / A	Wi	SEI-M	INC	1
Perkins	South Boston	38	K2°-6	173	B	Wi		ABA	4
Perry	South Boston	38	K1°-6	191	B / A	Wi		EC-SS, MOD-II	3
Philbrick	Roslindale	38	K1°-6	98	B / A	Wi		EC-INC	4
Quincy	Chinatown	39	K1°-5	714	B / A	Nonn	SEI-C	EC-SS, INC, LD, MD	1
Roosevelt	Hyde Park	39	K1°-8	407	B / A	Nonn		EC-INC, INC	3
Russell	Dorchester	39	K1°-5	367	B / A	Wi	SEI-S	EC-SS	1
Shaw	Dorchester	40	K1°-3	158	B / A			EC-SS	ID
Sumner	Roslindale	40	K1-6	476	B / A	Wi	SEI-S	INC, LD	2
Taylor	Mattapan	40	K1°-6	313	B / A	Wi	SEI-H, SLIFE-H	EC-INC, INC, MOD-II	2
Tobin	Mission Hill	41	K1°-8	400	B / A	Wi		EC-INC, ABA	2
Trotter	Dorchester	41	K1°-8	368	A	Wi		EC-SS, ABA	3
Tynan	South Boston	41	K1°-6	213	B	Wi		EC-INC, ABA	3
Umana	East Boston	42	K1-8	670	B / A	Wi	SLIFE-S, DL-S	ABA, MOD-II	2
UP Academy Dorchester	Dorchester	42	K1-8	664	A	Wi		★	4
UP Academy Holland	Dorchester	43	K1-5	672	A	Wi		MILD-II	3
Warren/Prescott	Charlestown	43	K1°-8	521	B / A	Wi		ABA	1
West Zone ELC	Jamaica Plain	43	K0-1	84	B / A	Opsyonèl		EC-INC, INC	ID
Winship	Brighton	44	K1°-6	267	B / A	Wi		EC-SS	1
Winthrop	Dorchester	44	K1°-6	212	B / A	Wi			3
Young Achievers	Dorchester	44	K0-8	561	B / A	Wi	SEI-S	EC-INC, INC, EI	4

## Middle Schools

LEKÒL	LOKAL	PAJ	KLAS POU 2021-2022	ENSKRIPSYON 2019-2020	PWOGRAM B-AVAN / A-APRÈ JOUNEN	REGLEMAN SOU INIFÒM	PWOGRAM ELÈV K AP APRANN ANGLE YO	PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL YO	SQF TIER
Frederick	Dorchester	25	6-8	352	A	Wi	SEI-M, SEI-S, SLIFE-M, SLIFE-S	INC, LD, MOD-II, PI	4
UP Academy Boston	South Boston	42	6-8	315	A	Wi		★	4

Kòm pati plan Build BPS la, konfigirasyon klas yo (aranjman nivo klas yo) pou ane skolè 2022-2023 a sijè a chanje.  
 Pou w jwenn kèk enfòmasyon ajou, tanpri ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/buildbps](http://www.bostonpublicschools.org/buildbps).

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Adams Elementary School

Jadendanfan K1 jiska 6yèm ane  
Joanna McKeigue Cruz, Direktris  
165 Webster St., East Boston 02128  
617-635-8383

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	3.2%
Azyatik	1.6%
Isipanik	77%
Blan	16.5%
Lòt	1.6%

Lekòl Samuel Adams Elementary School founi yon eksperyans aprantisaj dinamik nan yon anviwònman divès, enklisif, ekitab, e akeyan. Nou kwè ke ansanm, tout moun kapab akonpli kichòy. Edikasyon yo nan lekòl Samuel Adams la chwazi, kreye, e prepare nan yon fason ekspres divès eksperyans aprantisaj ki aliyen avèk divès standa, kote ke tout elèv itilize dyalog ak ekri pou ekspriye pansè yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nan moman aktyèl la nou nan pwosesis pou n resevwa akreditasyon NAEYC pou Pwogram Timoun Piti nou an.
- Pwogram Anrichisman nan mizik ak atizay.
- Blòk peryòd spesyalize nan orè a pou sibler kwasans patikilye chak elèv.
- Kowòdinatè pou Sansibilize Fanmi.
- Divès aktivite pou paran, pami yo: oriyantasyon jadendanfan, Pòt Ouvè, Sware Matematik, atelye paran.
- Edikasyon spòtif, syans, atizay, ak teyat kòm aktivite espesyal pandan jounen an pou elèv yo.
- Pèsònèl divès ki pale plizyè lang (ki militeng)
- Pwogram Wo Efikasite pou elèv ki bezwen Pwogram Analiz Konpòtmantal, (ABA).
- Kourikoulòm (Pwogram Etid) Sosyal Emosyonèl- « ENGAGE » (angaje)
- Jaden Eksteryè

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo ak chanday ble maren ak pantalon/jip ble maren oswa kaki. Moso twal pyese ki gen anblèm lekòl la sou yo.
- Pwogram avan e aprè jounen skolè a.
- Pwogram aprè jounen skolè a jiska 6:00 PM, ke YMCA opere (genyen frè pou w peye). Klib Teyat, Klib Kous/Kouri, ak Sant Navigasyon Bato ak Vwal.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal

- Genyen yon pwofesè Chanm Resous ki founi sèvis bay elèv sila nou yo ki genyen kèk andikap aprantisaj modere.
- Genyen yon Seksyon Otis Byen Spesyalize pou klas K0-6.

## Alighieri Montessori School

Jadendanfan K1 jiska 6yèm ane  
Jessica Gorham, Direktris  
37 Gove St., East Boston, MA 02128  
617-635-8529

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	1.8%
Azyatik	3.6%
Isipanik	57.7%
Blan	28.8%
Lòt	8.1%

Lekòl Alighieri Montessori School founi elèv yo ak divès objektif aprantisaj pèsònalize. Sal de klas yo genyen moun laj melanje kote timoun ak granmoun travay ansanm kòt a kòt. Materyèl aprantisaj espesyal Montessori yo ankouraje konsantrasyon, kowòdinasyon, lòd, ak respè.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou founi ansèyman ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan lekòl nou an pou tout Elèv k ap Aprann Angle senk jou pa semèn.
- Nou founi Edikasyon Espesyal 4 fwa pa semèn : Madi jiska Vandredi.
- Ratrapaj Lekti disponib kòm yon entèvansyon pou elèv klas 1ye ane k ap fenk evolye kòm lektè.
- Genyen 3 Pwofesè ki genyen sètifikasyon « Wilson » disponib pou founi entèvansyon nan lekti, konpreyansyon, ak repons nan afè alfabetizasyon.

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon / Chòt / Jip : Pantalon kago ble fonsè / ble maren. Longè Chòt yo / Jip yo dwe bay nan jenou. Jip : Mayo polo blan oswa ble pal, manch long, oswa yon chemizèt san desen e san ekriti, ni devan l ni dèyè l.
- Pwosesis Demann Espesyal :
- Elèv ki enterese depoze yon demann ap soumèt non yo bay lekòl Alighieri. Pèsònèl lekòl yo ap kontakte fanmi yo nan lòd nimewo owaza, epi detèmine nivo eksperyans yo avèk pwogram Montessori a epi ofri yon elèv yon plas, si toutfway yon plas ta disponib.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Nou kwè ke elèv nou yo tire benefis nan travay yo fè selon pwòp vitès pa yo, nan atansyon pèsònèl, ak leson kote yo ap sèvi avèk plizyè nan senk sans yo, apa de obsèvasyon konstan, evalyasyon, ak kòmantè.

## Baldwin Early Learning Pilot Academy

Jadendanfan K0 jiska Klas 1ye Ane  
Min-Jen Taylor, Direktris  
121 Corey Rd., Brighton 02135  
617-635-8399

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Done Yo Pa Sifi  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	12.9%
Azyatik	23.1%
Isipanik	28.6%
Blan	23.8%
Lòt	11.6%

Lekòl Baldwin Early Learning Pilot Academy devwe kòm yon lidè inovatè nan edikasyon timoun piti. Nou detèmine pou n founi blòk konstriksyon nesèsè pou bati yon fondasyon solid nan reyistit lavni chak timoun, nan fason nou valorize kilti ak vi an fanmi, nan fason nou ankouraje jistis sosyal ak sèvis kominotè.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen yon pwogram jounen pwolonje ke NAEYC akredite.
- Nou se yon lekòl pilòt ki genyen tan konsakre chak semèn pou devlopman pwofesyonèl manm pèsònèl li yo.
- Pwofesè yo genyen de (2) ou twa lisans nan Edikasyon Timoun Piti, Edikasyon Espesyal, ak Anglè kòm Dezyèm Lang.
- Genyen yon pèsònèl divès ki pale plizyè lang.
- Plis pase 90% elèv klas 1ye ane nou yo fè nòt ki atenn estanda oswa ki depase estanda evalyasyon lekti yo.
- Genyen Pwogram Lekti Aktif pou Elèv yo Fè Lakay. Plis pase 170 nan elèv nou yo li plis pase 45.000 liv avèk fanmi yo chak ane.
- Jaden lekòl "CitySprouts" entegre nan pwogram etid la (kourikoulòm nan) pou tout nivo klas.
- Genyen spesyalis atizay, mizik, òdinatè, ak edikasyon spòtif.
- Pwogram BOKS la pou tout elèv. Kou natasyon (naje) pou elèv klas 1ye ane yo.
- Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :
- Kòmansè jounen an a 7:15 avèk BOKS, ak manje maten avan kòmansman jounen skolè fòmèl la. Gratis.
- Aktivite anrichisman aprè jounen skolè a, 2:30-4:30 PM, Gratis.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Se yon lekòl enklizyon okonplè.

**Pakou K-8 :** Elèv yo genyen yon deziyasyon garanti pou yo ale nan klas 2yèm ane nan lekòl Edison K-8 School la.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Bates Elementary School

Jadendanfan K jiska 5yèm ane  
Rodolfo Morales, Direktè  
426 Beech St., Roslindale 02131  
617-635-8064

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	29.4%
Azyatik	3.4%
Ispanik	29.8%
Blan	32.8%
Lòt	4.6%

Lekòl Bates la founi elèv yo avèk bonjan kalite edikasyon enklisiv ki kore idantite tout moun. Nou fòme sitwayen ak dirijan responsab, e nou enkilke nan yo yon amou pou aprantisaj nan yon atmosfè ki bay yo sipò, ki met anfas sou byenèt sosyo-emosyonèl elèv yo. An patenarya avèk fanmi yo ak kominote a, nou vanse devan pou ekselans epi n selebre akonplisman nan yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Genyen yon Chanm Sansoryèl anba direksyon ègoterapèt (terapis okipasyonèl) aplentan nou an, ki genyen ladan l youn mi pou grenpe, balanswa, nat ki genyen kousen ak tranpolin.
- Nou genyen Fwa Liv Anyèl (Chak Ane)
- Konsèy Skolè Lokal ak Konsèy Paran an reyini ansanm pou kolaborasyon maksimòm.
- Genyen spesyalis enklizyon ak asistan pwofesyonèl ki devwe pou chak klas, k ap travay kòm pwofesè anplis pou elèv yo.
- Edikasyon spòtif, atizay, ak syans.
- Pwomnad chak semèn pou chak nivo klas ki konekte a pwogram etid la (kourikoulòm nan).
- Nou gen yon gwo lakou, enstalasyon pou rekreyasyon, ak "Playworks" pou ankouraje jwèt ki senesof.
- Yon kowòdinatè "City Connects" pou sipòte fanmi yo ak bezwen konpòtmantal, medikal, swen timoun (gadri), ak lojman.
- Nou genyen yon Analis Konpòtman ke yon Konsèy Aplentan Sètifye, ki ede fanmi, elèv, ak pwofesè
- Gen Pwogram Ekselans pou Tout Moun nan klas 3yè jiska 5yèm ane, ki founi aksè nan yon kourikoulòm djanm ak klas espayòl, kodaj, wobotik, ak mizik
- Kèk poz anplis pou elèv yo fè mouvman

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan ak aprè jounen skolè a ke YMCA West Roxbury a kore

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Beethoven Elementary School

Jadendanfan K jiska 2yèm ane  
Edward Puliafico, Direktè  
5125 Washington St., West Roxbury 02132  
617-635-8149

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Done Yo Pa Sifi  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	22.9%
Azyatik	3.9%
Ispanik	25.8%
Blan	42.3%
Lòt	5%

Lekòl Beethoven nan se yon anviwònman lekòl ki janti epi ki akeyan anè elèv nou yo ansanm ak fanmi yo. Alfabetizasyon ak matematik se konsantrasyon prensipal kourikoulòm nan (pwogram etid la). Konsèy paran nou an trè aktif e li kore divès envènman, tankou : dat pou elèv yo jwe pandan ete a, nuit pou gade fim, fwa atizana, ak yon nuit entènasyonal. Timoun nou yo ak kominote nou an fyè de aparans lekòl nou an. Pwofesè yo kolekte divès enfòmasyon pètinan sou elèv yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram enstrimantal "Fè Mizik Konte" ("Making Music Matter").
- Yon pwogram lekti ki fèt anndan kay, ki renome nan tout peyi a.
- Terapi langaj, ègoterapèt (terapi okipasyonèl), ak konsèy
- Titè ak pwofesè elèv ki sot nan inivèsite Boston College ak lòt inivèsite.
- Paran volontè ki trè aktif.
- Rezo sipò pou elèv ki genyen kèk difikilte
- Volontè ki sot nan kowalisyon "Greater Boston Jewish Literacy Coalition" (Kowalisyon Alfabetizasyon Juif Metwopòl Boston)
- Patnè lekòl la : Boston College, Curry College, ak West Roxbury Garden Club.
- Yon bilding ki byen klere, ki pwòp, ki genyen yon lakou lekòl nou byen jere ak yon gwo lakou rekreyasyon.
- Kolaborasyon avèk Rosie's Place pou bay kèk fanmi sipò.

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon kaki oswa anlè mayo ble maren

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan, apati 7:00 dimaten : 6\$ pa jou
- Aprè Lekòl, a 3:10 jiska 5:30, chak jou, 20\$ pa jou.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Divès sipò konsèy.

**Pakou K-8 :** Plasman garanti nan klas 3yèm anenan lekòl Ohrenberger a.

## Blackstone Elementary School

Jadendanfan jiska klas 6yèm ane  
Shammah Daniels, Direktis  
380 Shawmut Ave., Boston 02118  
617-635-8471

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantrè/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	26.5%
Azyatik	2.3%
Ispanik	63.1%
Blan	6%
Lòt	2.1%

Nan lekòl Blackstone Innovation School la, nou ranfòse youn lòt pou nou aprann, grand, reyisi, epi devni meyè moun nou kapab devni. Nan travay ansanm, nou ankouraje prensip fondamantal sila yo ki lakay nou : respè, inite, ak ekselans.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Literation Inc., ki bay sipò nan klas yo. Nou etabli yon patenarya avèk St. Stephens pou Klas Konseye Paran nou yo. Nou genyen yon klas SEI espayòl nan chak nivo klas ak SLIFE espayòl pou klas 3yèm jiska 5yèm ane.
- Sal de klas Seksyon Plizè Andikap ak Enklizyon pou tout Nivo Klas ak seksyon KO jiska K1 ki baze sou sant klas la
- Edikasyon Timoun Piti ke NAEYC Akredite
- Plizyè kalite klas spesyalite : Edikasyon spòtif, atizay, syans, mizik, dram (teyat) ak tekonolji, ak natasyon (naje)
- Klinik sante dènye kri nan lekòl la : Dr. Gerald Hass Center-South End Community Health Center. Big Brother/Sister (Gran frè/Gran sè), Lunch with Brothers,
- Plizyè pwogram akademik ak pwogram anrichman aprè jounen skolè a
- Nuit/atelye an fanmi avèk plizyè kalite tèm : Nuit alfabetizasyon, dine miltikiltirèl (plizyè kilti), nuit byenèt, nuit STEAM (syans, teknoloji, enjenyè/jeni, atizay, ak matematik)
- Konsèy, swen dantè (swen pou dan), vaksen pou grip, ak konsiltasyon premye swen pou elèv ak fanmi atravè lokal Sant Sante Kominotè South End lan
- Vizit kay pou devlope relasyon avèk fanmi yo ak elèv yo
- Anglè kòm yon Dezyèm Lang ak divès klas pou mentni patisipasyon paran nou yo.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen skolè a, 7:15 jiska 8:15 dimaten
- Aprè jounen skolè a : IBA, Imagine That, St. Stephen's, Rosie's Place

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl
- SLIFE-espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Boston Teachers Union K-8 School

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Rebecca Gadd ak Lauren Clarke-Mason,  
Pwofèsè an chèf yo  
25 Walk Hill St., Jamaica Plain 02130  
617-635-7717

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	23.5%
Azyatik	1.8%
Ispanik	31.8%
Blan	36.5%
Lòt	6.5%

Lekòl Boston Teachers Union School la se yon lekòl ke pwofèsè dirije, ki genyen 2 lidè pwofèsè ak manm pèsone ki travay ansanm pou pran divès desizyon enpòtan anrapò ak lekòl la. Nou kwè ke eksplwate potansyèl pwofèsè yo se meyè fason pou n founi savan nou yo avèk plizyè tip edikasyon kalite siperyè. Nou konsantre sou sipòte e devlope kwasans akademik e sosyal/emasyonèl chak savan, nan kontèks yon kominote skolè k ap pran swen elèv yo ki anbrase diferans sila yo ki egziste pami nou e ki ankouraje kreyativite ak sèvis.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon jounen skolè ki pi long
- Yon edikasyon lèt ak syans sosyal e imèn
- Yon angajman pou ankouraje patisipasyon fanmi
- Evalyasyon, entèvasyon, ak sipò kontinyèl
- Atizay, Mizik, ak Edikasyon/Sante Fizik pou tout elèv
- Aprantisaj sosyal-emasyonèl - ki enkli "Open Circle" (Sèk Ouvè), Jistis Reparatri, ak yon patenarya avèk "Urban Improv".
- Genyen de (2) klinisyen ki sot nan "The Home for Little Wanderers" sou plas k ap founi sèvis konsèy an patikilye e an gwoup

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : Boks, 7:15 jiska 8:15 dimaten. Gratis
- Aprè Lekòl : Hyde Park YMCA, Jadendanfan K1 jiska klas 6yèm ane. Lòt aktivite/klib aprè jounen skolè a, pami yo : klas espayòl, atizay, dans, yoga, jimnastik, teyat, foutbòl, baskètbòl, "ultimate frisbee", deba, jounalis, aktivite STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, matematik), preparasyon pou egzamen ISEE, ak leson patikilye.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- De (2) sal de klas konplètman separe k ap founi sèvis bay savan Edikasyon Espesyal yo.

## Bradley Elementary School

Jadendanfan jiska klas 6yèm ane  
Claire Carney, Direktris  
10 Beachview Rd., East Boston 02128  
617-635-8422

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	6.3%
Azyatik	7.6%
Ispanik	46.9%
Blan	36%
Lòt	3.3%

Lekòl Bradley School la akòde tout elèv yon anviwònman ki sekirite, ankourajan, e ki genyen yon aprantisaj ankèt dirije avèk ed yon atant akonplisman siperyè ke nou atann nan men elèv yo. Elèv ki nan lekòl Bradley School genyen yon minimòm 5 kou anrichisman chak semèn. Nan klas 4yèm ak 5yèm ane yo, elèv yo pran yon kou lang etranje.

Nan lekòl Bradley nou met aksan sou devlopman divès jèn lidè ki posede konfyans ak kouraj ni andedan ak ni andeyò kominote nou an. Nou travay pou n kiltive jeni yo atravè bonjan kalite ansèyman siperyè nan literati, syans, matematik, ak sivik. Nou met anfas sou enpòtan devlopman lang oral e ekri pou n devlope konpetans ak kapasite pou fè rezonman pou n kapab ekspri lide nou yo devan yon piblik odela de sal de klas nou an.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram timoun piti pou elèv ki nan jadendanfan K0 ak K1
- Seksyon klas 5yèm jiska 6yèm ane.
- Klas syans ak teknoloji 3 jiska 5 fwa pa semèn K-6 (jadendanfan jiska klas 6yèm ane).
- Edikasyon fizik (spòtif) ak klas mouvman pou elèv klas K-6 (jadendanfan jiska klas 6yèm ane)
- Sal de klas eksteryè (deyò) pou ankèt syantifik angajan e pratik.
- Aksè nan kontni akademik solid pou tout moun, enkli elèv sila n yo ki genyen andikap ak elèv k ap aprann angle

### Regleman sou Inifòm :

- Pati anwo Ble (ble pal ak ble maren) e Blan, Anba Ble Maren ak Kaki

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Channing Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Carline Pignato, Direktris  
35 Sunnyside St., Hyde Park 02136  
617-635-8399

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	44.7%
Azyatik	1.9%
Ispanik	42.3%
Blan	6.5%
Lòt	4.7%

Mison Channing School se kreye yon anviwònman ki valorize tout aspè vi timoun yo. Nou kwè ke pou n kapab devlope tout aspè vi timoun nan, wo atant, prensip fondamantal, pwogram etid pwogresif, lidèchip solid, ansèyman kreyatif sou baz standa, ak evalyasyon apwopriye dwe jwenn plas yo. Nou ankouraje patisipasyon solidè paran yo ak kominote a. Ekselans se sèl opsyon nou genyen. Anba modèl enklizyon nou an, elèv ki bezwen asistans anplis resevwa sipò akademik nesès. Divès moun pwofesyonèl tavay nan sal de klas yo pou satisfè bezwen akademik e konpòtmantal elèv nou yo. Ekip yo reyini chak semèn sou leson ki baze sou divès standa, epi yo egzamine pwogrè elèv yo. Domèn konsantrasyon nou yo se alfabetizasyon ak matematik.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram Ibrid ELL (Elèv k ap Aprann Angle) ki baze nan lekòl la
- Pwogram mizik
- Pwogram òdinatè
- Pwogram syans anviwònmanal
- Aprantisaj ki baze sou eksperyans
- Pwogram edikasyon fizik (spòtif)
- Pwogram ki gen kalifikasyon siperyè
- Pwofèsè ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) pou Elèv k ap Aprann Angle.
- Patnè lekòl la : Hyde Park Community Center, Hyde Park YMCA, Museum of Science (Mize Syans lan), ak Kennedy Library (Bibliyotèk Kennedy a)

### Regleman sou Inifòm :

- Timoun yo mete pantalon/jip/chòt ble maren avèk mayo/kòsaj polo ble pal. Abiman jogging aseptab pou klas jimnazyòm.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen sklole a disponib
- Pwogram YMCA aprè jounen skolè a

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Nou akeyi chak e tout elèv, kèlkeswa orijin yo. Timoun yo aprann nan yon wo nivo nan menm sal la.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Chittick Elementary School

Jadendanfan K jiska 5yèm ane  
Michelle Burnett, Direktris  
154 Ruskindale Rd., Hyde Park 02136  
617-635-8652

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	61.8%
Azyatik	0.8%
Isapanik	28.9%
Blan	5.7%
Lòt	2.8%

Lekòl Chittick School se yon ti lekòl ki akòde elèv yo yon anviwònman ki sekirite, nourisan, e ki akademikman solid. Nou ranfòse timoun nou yo pou yo kapab kwè e akonpli kichòy. Lekòl nou an genyen yon Seksyon Otistik ki Wotman Spesyalize pou elèv ki nan espèk otis la. Nou genyen yon blòk peryòd alfabetizasyon 2 èdtan ak yon blòk peryòd tan matematik ki dire 90 minit.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se yon ti lekòl ki genyen yon atmosfè chalere e nourisan ki founi yon anviwònman akademik solid - k ap kore timoun yo pou yo kwè, akonpli e reyisi.
- "Second Step", yon pwogram ki ede elèv yo devlope divès strateji pou rezoud konfli.
- Nou genyen yon Konsèy Paran ki solid.
- Bilten nouèl masyèl (chak mwa) ak pwogram elèv yo pou ede paran yo rete enfòm sou aktivite k ap fèt nan klas yo ak nan tout lekòl la.
- Spesyalis mizik, Atizay Teyat, Atizay Vizyèl, Edikasyon Fizik (spòtif) ak Espayòl.
- Pwogram "Playworks" pou ankouraje tan pou jwèt ki san danje e sekirite.
- Yon nouvo laboratwa pyano lesan pyano.
- Patnè lekòl la : BOKS, Celebrity Series of Boston, Harvard University, Hyde Park YMCA, MusiConnects, Read Boston, the Home for Little Wanderers, Tufts University, ak Wheelock College.

### Regleman sou Inifòm :

- Abiman an se pantalon, jip, oswa triko (chanday) ble maren ak mayo blan.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Se sant Bird Street Community Center a ki dirije l, 2:30 jiska 6:00 nan lapremidi, avèk yon anfas sou èd avèk devwa.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Plizyè seksyon byen spesyalize pou elèv ki nan espèk otis la.

## Clap Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Emma Fialka-Feldman, Direktris  
35 Harvest St., Dorchester 02125  
617-635-8672

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	33.3%
Azyatik	8.1%
Isapanik	40.7%
Blan	15.4%
Lòt	2.4%

Lekòl Roger Clap School se yon lekòl enklizyon okonplè. Chak sal de klas genyen plizyè adilt ki pèmèt nou genyen plis opòtinite pou ansèyman fèt ni an patiklye ni an ti gwoup. Nou founi yon eksperyans atizay elaji kote elèv yo genyen aksè tou nan pwogram dans ak pwogram mizik enstrimantal. Nou devlope divès patenarya solid ant fanmi ak lekòl atravè divès konferans pou fanmi yo ak opòtinite pou fanmi yo kontribye nan aprantisaj sal de klas nou yo. Nou edike elèv yo pou yo kapab angaje nan afè sivik atravè sèvis y ap rann lekòl yo ak kominote lokal yo.

Nou vize devlope yon kilti pratik wo kalite, anti-rasis, e enklisif.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Genyen plizyè adilt nan chak sal de klas pou pèmèt ansèyman patiklye fèt.
- Yon klima lekòl ki nouri relasyon solid.
- Syans, mizik enstrimantal, mouvman/dans, atizay vizyèl, ak edikasyon fizik (spòtif)
- Divès Reyinyon Meri a avèk manm ki fè pati kominote a
- Ansèyman djanm pou tout elèv
- Fanmi yo resewa bilten nouèl sou lekòl la lakay yo chak semèn
- Pwomnad ki byen amonize ak pwogram etid la (kourikoulòm nan).

### Regleman sou Inifòm :

- Anwo ble maren oswa blan, san grafik, ak patanlon oswa jip ble maren. Nouvo elèv yo ap resewa yon chemizèt Roger Clap.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- BOKS, pwogram egzèsis nou avan jounen lekòl la.
- "Winning Every Student". Sante fizik ak akademik, ak amelyorasyon rannman elèv yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Condon K-8

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Robert Chisholm, Direktè  
200 D St., South Boston 02127  
617-635-8608

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	30.1%
Azyatik	6.9%
Isapanik	37.8%
Blan	20%
Lòt	5.2%

Lekòl Condon K-8 akeyi tout elèv nan yon anviwònman sekirite, plen ak sipò e enklisif, kote yo kapab devlope konpetans, konesans, ak karaktè pou yo reyisi nan yon vi sitwayèn aktif nan katye Boston yo, e odela.

Vizyon lekòl Condon K-8 kapab rezime an twa mo : Kominote, Kontni, ak Kreyativite. Nou se yon lekòl jadendanfan jiska klas 8yèm ane (K-8) ki met aksan sou STEAM (syans, teknoloji, enjenyeri, atizay, ak matematik), kote etid solid, aprantisaj sosyal emosyonèl ak opòtinite nan Atizay ak STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik) kontre ansanm pou kore tout elèv nou yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- 17 charyo laptop mobil (plis pase 450 aparèy).
- Pisin
- Sant Kominote
- Lakou Rekreyasyon/Sal de Klas Deyò
- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la
- Yon sal jimnazyòm (djim) okonplè
- "Husky Block" : yon peryòd konsakre pou aprantisaj sosyal emosyonèl
- Dans, Teyat, Koral, Enstriman, Atizay Stidyò
- Enklizyon
- 2,5 Enfimyè

### Regleman sou Inifòm :

- Rad anwo (mayo/kòsaj) ak chanday ki gen kapichon : Ble maren oswa blan. Rad anba : anba kaki oswa ble maren. Abako entèdi. Yo pa dwe gen ekriti sou yo, e septe anblèm lekòl Condon nan.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Klas jadendanfan K2 jiska klas 6yèm ane, 7:00 jiska 8:15 dimaten. Pwogram sa a founi leson patiklye ak aktivite anrichisman pou yon ti pri. Plas yo trè limite.
- Aprè jounen lekòl la : Enfòmasyon yo disponib sou sit entènèt nou an :

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Plizyè kalite pwogram pou bay elèv ki genyen andikap yo sipò.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Conley Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Jennifer Eddington, Direktris  
450 Poplar St., Roslindale 02131  
617-635-8099

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	35.9%
Azyatik	1.6%
Isapanik	38.5%
Blan	19.8%
Lòt	4.1%

Nou genyen yon lakou rekreyasyon nou fenk refè, ki genyen yon teyat deyò ak yon sal de klas deyò. Manm pèsònèl nou yo travay an ekip pou asire ke tout elèv nou yo atenn potansyèl akademik e sosyo emosyonèl yo. Nou fyè deske nou kapab mentni yon anviwònman solid, amizan, e sekirite ki pwopis pou aprantisaj. Nou efòse nou pou n devlope tout aspè lavi timoun yo ("whole child") atravè yon pwogram atizay solid, diferan pwogram sante ak byenèt, sipò sosyo-emosyonèl, ak aksè nan diferan teknoloji. Objektif nou antanke edikatè nan lekòl Conley se bay chak grenn elèv kapasite pou yo devni manm pwodiktif e responsab nan sosyete a, avèk dezi, konpetans, ak abilite nesèsè pou yo aprann pandan tout vi yo, nan fason nou etabli divès standa siperyè pou yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Se yon ti lekòl piti ki genyen yon anviwònman chalere e nourisan.
- Nou genyen spesyalite syans, mizik, ak edikasyon fizik
- Teknoloji : Elèv ki nan klas 2yèm jiska 5yèm ane yo genyen pwòp òdinatè pòtatif "Google Chrome" pa yo.
- Genyen anseyan patikilye ki fè pati "Partners in Education", patenarya avèk "BalletRox" ak "Urban Improv".
- Tout manm pèsònèl la resevwa fòmasyon "Sal de Klas Reyaktif/Adaptif" ("Responsive Classroom").
- Konsèy sou plas disponib pou tout elèv
- Yon Konsèy Paran Skolè ki anime plizyè kalite aktivite fanmi ak kolèk fon
- Anviwònman aprantisaj sekirite e nourisan
- Yon nouvo klas 6yèm ane.

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon ble maren, jip ak rad anwo avèk mayo, kòsaj, ak chemizèt lekòl ble pal. Genyen mayo ki genyen Senbòl ak Slogan lekòl Conley School disponib.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- The YMCA founi yon pwogram aprè jounen lekòl la pou klas jadendanfan K2 jiska klas 6yèm ane, apati 3:10 jiska 6:00 nan laprèmidi.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Curley K-8 School

Jadendanfan jiska klas 8yèm ane  
Katherine Grassa, Direktris  
40 Pershing Rd. (lower school)  
493 Centre St. (upper school),  
Jamaica Plain 02130  
617-635-8239

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	16.8%
Azyatik	2.5%
Isapanik	44.5%
Blan	29.1%
Lòt	7.1%

Nou se yon kominote divès e akeyan, ki genyen twa atant komen.

Nou PRAN SWEN tèt nou.

Nou PRAN SWEN youn lòt.

Nou PRAN SWEN lekòl nou.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon anfas sou Tout Aspè Lekòl la, Tout Aspè lavi Elèv yo.
- Ekselans pou Tout Moun
- Pwogram etid Sèk Ouvè ("Open Circle") ke nou itilize pou jadendanfan rive jiska klas 5yèm ane.
- Pwogram aprè Jounen lekòl Curley (CASP) pou elèv ki nan jadendanfan jiska klas 8yèm ane
- "Tenacity" ("Tenas") Klas 6yèm jiska 8yèm ane
- Akreditasyon NAEYC
- Playworks
- Klas Imèzyon Pwoteje an Angle (SEI) pou elèv k ap aprann angle
- Dans, atizay teyat, atizay vizyèl, edikasyon fizik
- Ekip baskèt bòl, kous/atletis, foutbòl, besbòl, tenis, ak volebòl
- Kèk lòt patnè lekòl : Family Service Center of Greater Boston, Harbor Island Outdoor Education, Spontaneous Celebrations, Wheelock College ak UMass Boston.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen lekòl la dewoule chak jou apati 7:00 jiska 8:15 dimaten.
- Pwogram sa a ki dewoule aprè jounen skolè a fonksyone apati 3:10 jiska 6:00 nan laprèmidi. Tenacity ofri yon pwogram aprè jounen lekòl la ki gratis pou elèv ki nan klas 6yèm jiska 8yèm ane ki konsantre sou konpetans alfabetizasyon ak atrenman nan spò tenis. [www.tenacity.org](http://www.tenacity.org).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl (klas 6yèm jiska 8yèm ane)
- SLIFE-espayòl (3yèm jiska 5yèm)
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Dever Elementary School

Jadendanfan K1 jiska 6yèm ane  
Margaret Reardon, Direktris  
325 Mt. Vernon St., Dorchester 02125  
617-635-8694

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	24.6%
Azyatik	4.5%
Isapanik	60.2%
Blan	8.5%
Lòt	2.3%

Lekòl Dever asire ke tout elèv genyen yon pwofesè ekselan ak yon direktè ki detèmine pou yo resyisi ; li etabli divès standa klè e konstan pou akonplisman akademik elèv yo ak etsbalisman yon konsantrasyon pou tout lekòl la ki vize preparasyon elèv yo pou inivèsite (kolèj) ; li ogmante tan ansèyman ; li founi leson an ti gwoup ak entèvansyon pou elèv yo atravè itilizasyon anseyan ki byen kalifye e byen fòme ; e li kolekte divès done souvan pou l suiv pwogrè chak grenn elèv nan afè lekòl yo ak pou l pèsonalize ansèyman yo pou satisfè bezwen tout elèv yo.

Lekòl Dever a sèvi fanmi ki gen orijin divès an kilti, ekonomi, ak lang. Nou kwè tout elèv merite aksè a yon edikasyon kalite siperyè k ap pèmèt yo briye nan inivèsite (kolèj), karyè yo, e menm plis ke sa.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Klas lang espayòl ak syans.
- Entegrasyon Atizay
- Patenarya avèk klib "Boys and Girls Club" ki toupre a pou pwogram aprè jounen lekòl yo.
- Tan Aprantisaj Pwolonje
- Sèvis Enfimye Aplentan :
- Patenarya avèk plizyè pwogram terapetik, ki founi konsèy sante mantal.
- Lyen Kominote Solid avèk "Harbor Point Development".
- Yon Anviwònman Bileng Akeyan
- Pwogram manje maten, manje midi, ak goute gratis
- Yon anfas sou pratik ki soutni kilti ak lang elèv yo

### Regleman sou Inifòm :

- Chemizèt ble pal, oswa mayo polo avèk pantalon, jip oswa chòt nwa (longè toude dwe rive sou jenou)

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon twoub emosyonèl.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Dudley Street Neighborhood Charter School

Jadendanfan K jiska 5yèm ane  
Elijah Heckstall, Direktè  
6 Shirley St., Roxbury 02119  
617-635-8507

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	59.2%
Azyatik	0.7%
Ispanik	35%
Blan	2.7%
Lòt	2.3%

Misyon nou: (1) founi tout elèv yo avèk yon edikasyon kalite siperyè; (2) prepare nouvo pwofesè ki genyen kalite ki pi siperyè yo; ak (3) sèvi kòm yon patnè nan amelyorasyon tout lekòl yo nan zòn Dudley a.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Se yon lekòl charter (sou kontra) andedan distri a ki te ouvri an 2012.
- Se "Boston Plan for Excellence-Boston Teacher Residency" ki te fonde e ki dirije li ; yon òganizasyon ki gen yon bon repitasyon parapò ak sikse akademik, an patenarya avèk "Dudley Street Neighborhood Initiative".
- Genyen plis tan pou ansèyman ak aprantisaj fèt atravè yon jounen ak ane skolè pwolonje.
- Genyen sipò sosyal e emosyonèl solid atravè divès ajans patnè lekòl la.
- Pase al nan pwòchèn klas la baze konpetans: elèv yo dwe montre yo satisfè estanda akademik ki sou yon nivo siperyè.
- Divès patenarya solid avèk divès òganizasyon kominotè ak lòt lekòl nan katye Dudley a.

### Regleman sou Inifòm :

- Polo ble maren avèk anblèm Dudley street la, pantalon kaki oswa pantalon jogging Dudley street avèk anblèm nan. Elèv yo dwe mete soulye ki fèmèn (ki pa montre zòtèy yo).
- Pwosesis Demann Espesyal :
- Tanpri gade sit entènèt nou an pou plis enfòmasyon : [www.bpe.org/dudley-street-neighborhood-charter-school/prospective-families/](http://www.bpe.org/dudley-street-neighborhood-charter-school/prospective-families/)

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- "Boston Bridge to Excellence" ("Pon Boston ki Menen a Ekselans") ofri pwogram aprè jounen lekòl la pou elèv yo jiska 6:00 diswa.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

**Pakou K-12 :** Elèv yo gen deziyasyon garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Dearborn STEM Academy an.

## East Boston Early Education Center

Jadendanfan jiska klas 1ye ane  
Rhiannon Varmette, Direktis  
135 Gove St., East Boston 02128  
617-635-6456

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Done Yo Pa Sifi  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	5.9%
Azyatik	2.1%
Ispanik	63.1%
Blan	25.1%
Lòt	3.7%

Sant East Boston EEC a se yon kominote divès e akeyan. Nou vize pou n devlope kè ak sèvo jèn elèv nou yo dekwa pou yo kapab byen prepare pou yo devni moun ki genyen bon rezonnan e ki fè pati kominote a. Manm pèsònèl nou yo kolabore sere sere avèk youn lòt e ansanm ak fanmi yo pou yo founi elèv yo avèk sipò.

Edikasyon EEC yo angaje elèv yo nan divès eksperyans aprantisaj amizan e aktif ki ankouraje alfabetizasyon ak devlopman lang atravè plizyè matyè. Elèv yo resevwa edikasyon fizik (PE), STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik), ak Mizik regilyèman, ansanm ak Aprantisaj Sosyal Emosyonèl.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun nan (NAEYC) akredite l ; NAEYC se òganizasyon pwofesyonèl edikasyon timoun piti prensipal peyi a
- Sipò pou elèv ki an risk atravè "Reading Recovery", leson patikilye anndan lekòl la ak pwogram lekòl sou òdinatè.
- Ansèyman nan syans ak enjenyeri pou tout elèv.
- Pwogram aprè jounen skolè a ki kontinye jounen skolè a avèk divès pwòjè ak tèm chak mwa, atizay ak atizana, teyat dram, chante, ak kuison
- Patenarya avèk mize Museum of Fine Arts la ("Mize Bèl Atizay") - pwòjè Strateji Rezonnan Vizyèl ("Visual Thinking Strategies")
- Klas Imèsyon nan Angle, Miltileng (Plizyè lang)
- Pwogram enklizyon

### Regleman sou Inifòm :

- Inifòm nan se pantalon/jip ble maren oswa khaki, ak yon mayo nòmral oswa mayo polo ble maren oswa ble pal.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- "Surround Care" (Swen avan ak aprè jounen skolè a) gratis, apati 7:30 dimaten jiska 4:35 nan laprèmidi

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Edison K-8 School

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Kimberly Williams, Direktis  
60 Glenmont Rd., Brighton 02135  
617-635-8436

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	16%
Azyatik	13.7%
Ispanik	53.3%
Blan	12.5%
Lòt	4.7%

Lekòl Thomas Edison K-8 fè plas pou divèsite, li aganje tèt li nan enklizyon, epi l founi elèv yo ak ankourajman ak sipò. Elèv yo gen opòtinite pou yo aprann yon enstriman, pèfome nan yon koral oswa jwe yon wòl nan yon teyat. Nou anseye Prensip Fondamantal : Respè, Responsabilite, Endistri (Debouya), Dwati, ak Rigè e nou selebre prensip sa yo nan tout lekòl la ak pandan tout ane skolè a.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Kou ki konsantre sou atizay.
- Mizik enstriman, teyat, dans, ak atizay vizyèl
- Lakou rekreyasyon deyò (2), espas pou baskètbòl, kous/atletis, volebòl, ak foutbòl
- Egzijans Pòtfolyo pou pwomosyon pou klas 8yèm ane
- Yon kafeterya ki genyen sèvis okonplè "MyWay Cafe"
- Ekselans pou Tout Moun ("Excellence for All") nan klas 3yèm jiska 6yèm ane, ki genyen ladan l : kodaj, wobotik, enprimri 3 dimansyon, ak ansèyman nan lang etranje franse.
- Anfas sou pratik enklisif pou elèv ki genyen andikap
- Teknoloji nan sal de klas ki genyen yon pwopòsyon 1 a 1 ant aparèy ak elèv

### Regleman sou Inifòm :

- Regleman inifòm volontè. Mayo ble maren oswa anblèm lekòl Edison nan, anba kaki oswa ble fonsè (pantalon, chòt, jip).

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : Boston Bridge to Excellence ak BOK
- Aprè lekòl : afè akademik, klib ak sipò

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- SEI-Miltileng (Plizyè lang) (klas 3yèm jiska 5yèm ane),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas enklizyon ak klas twoub emosyonèl wotman spesyalize sou tout nivo klas.
- Li konsantre sou kreyasyon yon lekòl kote tout moun santi yo an sekirite e byenveni.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Eliot K-8 Innovation School

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Traci Walker, Direktris  
jadendanfan jiska 1ye ane, 16 Charter St.,  
North End 02113, 617-635-8545  
klas 2yèm jiska 4yèm ane, 173 Salem St.,  
North End 02109 617-635-8388  
Grades 5-8 (klas 5yèm jiska 8yèm ane),  
585 Commercial St., Boston 02113, 617-  
635-8912

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	5.9%
Azyatik	11%
Ispanik	15.9%
Blan	59.9%
Lòt	7.4%

Lekòl Eliot K-8 Innovation School gen Aprantisaj ki Baze sou Eksperyans Jwèt, yon apwòch akademik ki baze sou rechèch ki founi yon anviwònman kè kontan ak plizyè aspè kote chak elèv genyen yon eksperyans patikilye. Misyoun nou se founi yon edikasyon okonplè ki ede chak elèv atenn ekselans akademik, devlope karaktè yo, konfyans nan tèt yo, kapasite lidèchip, ak divès prensip solid, epitou devni kontribitè pozitif nan kominote yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Se yon Lekol Massachusetts ki Resevwa Renome an 2010, 2011, ak 2012.
- Se sèl lekòl inovasyon K-8 Boston (2012)
- Se lekòl pi ansyen ki kontinye ap opere nan Boston (li te etabli nan lane 1713)
- Nou genyen Manm pèsònèl, Elèv, Fanmi, ak Kominote ki Sousye, Angaje, e Kolaboratif
- Pwogram wobotik ak enjenyeri jadendanfan jiska klas 8yèm ane
- Pwogram lang ak kilti italyen
- S.T.E.A.M. (syans, teknoloji, enjenyeri, atizay, matematik) Pami pwogram aprantisaj yo geyen opòtinite pou kodaj ak enfòmasyon (syans òdinatè)

### Regleman sou Inifòm :

- Jadendanfan jiska klas 4yèm ane : Pantalon, jip, jip stil chòt oswa chòt ble maren ; anwo blan/ble maren. Klas 5yèm jiska 8yèm ane : anba kaki ak anwo blan/ble maren.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram chanpyon aprè lekòl, 3:30pm jiska 6:00pm, pou ane skolè 2022-2023 a, pou jadendanfan jiska klas 4yèm ane.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Ellis Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Lemuel Ivy, Direktè  
302 Walnut Ave., Roxbury 02119  
617-635-8257

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	37.6%
Azyatik	0%
Ispanik	58.6%
Blan	2.2%
Lòt	1.7%

Elèv, manm pèsònèl, paran, kominote, ajans, ak patnè biznis Lekòl David A. Ellis yo founi yon edikasyon efikas e anrichi nan yon anviwònman ki konsantre sou devlopman konpetans solid ak preparasyon pou yon apatenans pwodiktif e responsab nan sosyete a. Chak elèv lekòl Ellis atenn siksè nan fason yo kontribye a yon meyè anviwònman aprantisaj ki an sekirite e akeyan. Elèv yo soutni prensip suivan yo : Respekte tèt ou, Respekte lòt moun, epi Respekte aprantisaj la. Pwofesè yo ak paran yo travay an kolaborasyon pou asire ke yo fòme elèv ki pwodiktif e responsab, ki va kontinye aprann toutotan yo vivan.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Li pataje yon pwopriyete avèk mize African American Museum nan ("Mize Ameriken Nwa" a), ki anrichi pwogram istwa ak syans sosyal nou an.
- Yon pwogram distenge pou Elèv k ap Aprann Angle Espayòl
- Sal de klas òdinatè iPad
- Laboratwa syans eksploratwa avèk yon anseyan syans sètifye, avèk divès eksperyans pratik nan syans.
- Yon patenarya solid avèk "Higher Ground Inc"

### Regleman sou Inifòm :

- Jip/kòsaj ble pal oswa blan ak pantalon, jip, chòt, oswa mayo long ble maren.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan lekòl "Bird Street" la, kòmanse depi 7:00 dimaten, Divès Aktivite Aprantisaj ki Baze sou Pwojè, Pwogram "Raising Readers", Devlopman Konpetans Akademik
- Pwogram Aprè lekòl « Bird Street », jiska 6:00 diswa
- Elèv jadendanfan K1 jiska 5yèm ane. Devwa kay/ Leson Patikilye, divès aktivite aprantisaj ki baze sou pwojè, eksplorasyon karyè, sèvis siplemantè.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon Spesyalize - twoub emosyonèl

## Ellison/Parks Early Education School

Jadendanfan jiska klas 3yèm ane  
Benjamin Rockoff, Direktè  
108 Babson St., Mattapan 02126  
617-635-7680

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Pwogrè modere pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	53.4%
Azyatik	1.1%
Ispanik	38.5%
Blan	4.6%
Lòt	2.3%

Lekòl Dr. Catherine Ellison-Rosa Parks Early Education School se yon lekòl enklizyon okonplè. Edikasyon yo asire dyalòg fèt ant elèv ak elèv, dekwa pou CHAK elèv kapab fè lekti sou nivo klas li osinon pi wo ke sa.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Genyen ti sal de klas enklizyon
- Pwogram etid ki adapte a kilti elèv yo, ki baze sou standa
- Divès manm pèsònèl ki reflekte elèv yo,
- Entegrasyon Atizay- patenarya avèk « VSA of Massachusetts "/>COOL Schools » ki aranje pou yon atis rezidan anseye divès leson ki entegre
- « Reading with Friends », klib liv ki baze nan sal de klas yo ak donasyon liv gratis chak jou pou elèv ak fanmi
- Dans, Atizay Vizyèl, ak Edikasyon Fizik (Spòtif)
- Spesyalis Enklizyon, Fasilitatè Ekip Evalyasyon Lang Aplantan, pwofesè Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL) ak 1,5 Antrenè Alfabetizasyon, Kowòdinatè « City Connects », Enfimiyè aplentan
- Resous Ratrapaj Lekti, Entèvasyon Alfabetizasyon Nivle, F&P pou kore lektè nou yo k ap evolue

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo lekòl la oswa yon rad anwo blan ak rad anba ble maren. Pa gen egzans pou elèv yo met inifòm jou vandredi.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram siplemantè avan ak aprè jounen lekòl la

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas entegre konpoze de elèv edikasyon jeneral ak elèv edikasyon espesyal nan chak nivo klas.
- Yon Spesyalis Enklizyon aplentan.

**Pakou K-8 :** Deziyasyon garanti pou klas 4yèm ane nan lekòl Mildred Avenue K-8 School la.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Everett Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Karen Cahill, Direktris  
71 Pleasant St., Dorchester 02125  
617-635-8779

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	41.8%
Azyatik	15.1%
Ispanik	33.7%
Blan	5.3%
Lòt	4.3%

Lekòl Everett la devwe pou l founi ansyèman akademik ki solid e an menm tan pran swen sante fizik ak bezwen emosyonèl elèv yo. Nou reponn a bezwen sosyal elèv yo atravè yon pwogram etid konpetans sosyal, ansanm ak yon pwogram etid pou sante. Spesyalis syans nou an travay avèk elèv jadendanfan jiska klas 6yèm ane. Nou founi ansyèman mizik koral, atizay vizyèl, teknoloji, ak edikasyon fizik (spotif) bay elèv yo chak semèn sou tout nivo klas. Divès patenarya avèk divès pwogram tankou Scouts, klib "Boys and Girls Club", ak YMCA ofri plizyè opòtinite aprantisaj ekstraskolè pou elèv nou yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Antrenè Alfabetizasyon elemanè e primè, Tan Aprantisaj Pwolonje pou manm pèsone elèv yo ak elèv yo, ak pwogram leson patikilye avan ak aprè jounen skolè a.
- Nou genyen manm pèsone divès ki militileng (ki pale plizyè lang), enklizyon okonplè sou tout nivo klas, ak divès pwogram edikasyonèl
- Pwogram byenèt ki enkli edikasyon fizik (spotif) ak ansyèman sou sante
- Bilten nouèl chak semèn pou kenbe paran yo enfome, Yon EQT, SPC Aktif, Klib Liv Elèv
- Manm pèsone pou bay soutyen a elèv sila yo ki gen difikilte, pami yo : konseye, terapèt (terapis) langaj, ak ègoterapèt (terapis okipasyonèl)
- Sipò sèvis enklizyon ak chanm resous akademik pou elèv tout nivo klas
- Yon lakou rekreyasyon ki resevwa prim ak sal de klas eksteryè (deyò)
- Patnè : YMCA, New York Metropolitan Opera Guild, Greater Boston Jewish Coalition for Literacy, Open Circle, ak Horace Mann Insurance Company

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon, jip, mayo long, oswa chòt ble maren oswa kaki- mayo blan, ble pal, oswa ble maren ki gen kolye- pantalon oswa jip kaki (pou klas 4yèm jiska 5yèm ane sèlman).

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Nou ofri leson patikilye avan ak aprè jounen skolè a
- Klib "Boys and Girls" la founi pwogram aprè jounen skolè a jiska 6:00 diswa

## Frederick Middle School

Klas 6yèm jiska 8yèm ane  
Pauline Lugira, Direktris  
270 Columbia Rd., Dorchester 02121  
617-635-1650

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	40.2%
Azyatik	10.5%
Ispanik	45.1%
Blan	1.8%
Lòt	2.4%

Nan lekòl Fredrick la nou bay elèv yo yon eksperyans akademik solid nan yon anviwònman k ap pran swen yo.

Avèk divès atant akademik siperyè ak yon kilti lekòl solid, elèv ak manm pèsone nou yo ranpli avèk FYÈTE pou lekòl Frederick la : Responsabilite Pèsone, Respè, Entegrite, Detèminasyon, ak Enpati (yo mete yo nan soulye lòt moun)

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon lekòl ki sèvi tout aspè lavi elèv yo : panse, kò, ak espri
- Ansyèman ki fèt avèk èd direksyon divès done pou kore ranman solid pou aprantisaj elèv yo.
- Pwogram etid akademik ki djanm, kote ke ankèt, eksplorasyon, eksperyans ak aprantisaj pratik kore aprantisaj la
- Sèvis Konsèy Sou Plas disponib pou tout elèv
- Baskètbòl, tenis, lit, foutbòl ak besbòl
- Òdinatè laptòp avèk aksè entènèt san fil pou chak grenn elèv
- Yon bilding dènnye kri, ki genyen yon jimnazyòm, stidyò seramik, stidyò dans, mizik koral ak mizik enstrimantal, ak laboratwa syans ak laboratwa teknoloji.

### Regleman sou Inifòm :

- Yon mayo polo ble pal oswa ble wyal avèk anblèm lekòl la. Pantalon oswa jip kaki.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Leson patikilye, spò, klib, ak divès aktivite ki enkli : atizay, dram, mizik enstrimantal, syans, matematik, ak medya.
- Sesyon ak aktivite leson patikilye gratis chak samdi.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Gwoup konpetans sosyal, konsèy, sipò konpòtmantal, ansyèman sou konpetans ki itil pou lavi a, eksperyans pwofesyonèl debaz ki baze nan kominote a ak nan lekòl, sèvis sante ak byenèt, domèn sansoryèl

## Gardner Pilot Academy

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Erica Herman, Direktris  
30 Athol St., Allston 02134  
617-635-8365

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	10.2%
Azyatik	5.6%
Ispanik	65.7%
Blan	13.4%
Lòt	5.1%

Lekòl Gardner Pilot Academy edike panse epi l devlope karaktè tout elèv an patenarya avèk fanmi yo ak kominote a pou asire ke tout timoun devni yon responsab sosyalman e atenn ekselans nan afè lekòl.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Estati Pilòt : Paran yo ak kominote a genyen yon vwa nan konsèy direksyon an pou enfome moun konsènan desizyon y ap pran parapò a bidjè a.
- Sèvis Pwolonje : Pwogram Avan Lekòl, Aprè Lekòl, ak Pwogram Edikasyon Adilt
- Opòtinite Atizay : Pwogram Atizay lè Vandredi, ki gen ladan l : opòtinite atizay pwofesyonèl pou TOUT elèv chak vandredi maten
- Sante ak Byenèt : Pwogram "Playworks" pou tout elèv, enfimye lekòl apentan, klinik sante sou plas, konseye lekòl apentan, ak Kowòdinatè "City Connects" apentan.
- Angajman Fanmi : 5 Evènman pou tout lekòl la, chak ane, pou konekte fanmi yo nan aprantisaj elèv yo
- Divès Patenarya Inivèsitè e Kominotè ki founi divès sèvis nan tout domèn -sante, sosyal emosyonèl, akademik, ak atizay.

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo koulè mawon ki gen kolye avèk anblèm lekòl la, ak pantalon ble maren.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Gratis avan jounen lekòl la, kòmanse a 7:30 dimaten.
- Aprè jounen lekòl la jiska 6:00 diswa, avèk kolaborasyon "YMCA of Greater Boston".

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Yon lekòl enklisif nan tout nivo klas yo.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

Pou w wè yon lis okonplè òganizasyon patnè yon lekòl, tanpri konsilte sit entènèt: [partnerbps.org/locations](http://partnerbps.org/locations)

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Sarah Greenwood K-8 School

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Camila Hernandez de Obi-Tabot, Direktris  
189 Glenway St., Dorchester 02121  
617-635-8710

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	15.5%
Azyatik	0.3%
Isipanik	80.7%
Blan	1.5%
Lòt	2%

Nou genyen yon pwogram doub lang ak sèvis sipò etidyan spesyalize nan Sant Aprantisaj Terapetik nou an. Nou sèvi avèk Jistis Reparatis kòm filisofik ap gide nou nan sipò elèv yo ak sipò kominotè. Pwofesè spesyalis nou yo pote anrichman bay elèv nou yo atravè Mizik, Edikasyon Fizik (Spòtif), "Makerspace", Teknoloji, ak Atizay. Nou genyen yon konsèy sou plas ak sèvis sipò etidyan atravè lopital « Franciscan Hospital ». Elèv yo ap angaje nan travay ki santre sou etidyan yo ki pran an konsiderasyon divès aspè kiltirèl e ki egzèse rezonman yo, ki yo menm chita sou baz pratik Jistis Reparatis.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Elèv yo kapab aprann ni an espayòl ni an angle.
- Sant Aprantisaj Terapetik
- Etnoloji
- STEAM (syans, teknoloji, enjenyeri, atizay, matematik)
- Aprantisaj ki Baze sou Pwojè
- Yon bibliyotèk bileng
- Makerspace (yon espas kote elèv yo kapab kreye kichòy)
- Mizik pou tout elèv nan yon chanm mizik tounèf.
- Patenarya : 3-Point Foundation, Strong Women (Fanm Vanyan), Strong Girls (Ti Fi Vanyan), Sportsman Tennis (yon sant pou tenis ak afè lekòl), America SCORES (yon pwogram foutbòl ki gen ladan l ou pwezi ak lòt konpetans), YW Girls Health (Sante Ti Fi), ak Discovering Justice (Dekouvri Jistis).
- Konsèy sou plas ak sèvis sipò etidyan (pou elèv) ak sèvis pou fanmi atravè lopital Hospital Franciscan, City Connects, ak Rosie's Place.

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo polo blan oswa ble, pantalon ble oswa ble maren. Vandredi abiman rilaks (abiman enfòmèl).

### Pwosis Demann Espesyal :

- Antake yon lekòl doub lang, nou egzije elèv klas 3yèm jiska 8yèm ane yo pase entèvyou pou detèmine si yo elijib pou yo rantre, selon nivo yo nan lang espayòl.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen lekòl gratis, kòmanse a 7:00 dimaten atravè "FiveStar".

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- Doub lang-espayòl.

## Grew Elementary School

Jadendanfan K jiska 5yèm ane  
Michelle Simon, Direktris  
40 Gordon Ave., Hyde Park 02136  
617-635-8715

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	39.6%
Azyatik	0%
Isipanik	40.1%
Blan	11.5%
Lòt	8.8%

Lekòl Grew Elementary School ankouraje yon mantalite kwasans ak lidèchip pataje pou tout manm pèsone, elèv, fanmi, ak patenarya kominotè. Akeyan e angajan, nou anbrase vèti nou yo, ki se : enpati, kiryozi, kolaborasyon, ak pèsèverans. Nou devlope tout aspè lavi elèv yo e rekonèt pwen fò yo tout.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen manm pèsone pwofesè ki divès, konsakre, e reyèlman kalifye, k ap angaje nan 100 èdtan devlopman pwofesyonèl chak ane.
- Jou aprantisaj pwolonje
- 8 City Year Corps. Manm k ap kore amelyorasyon tout lekòl la ansanm ak sipò konsantre nan klas twazyèm jiska senkyèm ane
- Antrenè pedagogik ak entèvansyonis pou kore amelyorasyon kontinyèl nan ansèyman ak entèvansyon konsantre pou elèv yo
- Amelyorasyon nan teknoloji pou bay elèv yo opòtinite konstan, dekwa pou yo kapab angaje yo nan aprantisaj atravè teknoloji
- Patenarya avèk "Hale Reservation" pou devlope kominote skolè a, e amelyore aprantisaj nan syans
- Lekòl Eliot School of Fine Arts pou asire ke elèv yo genyen atizay
- Nou se yon lekòl Ekselans pou Tout Moun, k ap founi travay avanse bay tout elèv yo. Epitou, sa founi divès opòtinite anrichman pou espayòl, kodaj, ak wobotik pou elèv klas 4yèm ak 5yèm ane.

### Regleman sou Inifòm :

- Kòsaj oswa mayo blan, ble pal, oswa ble maren ak pantalon, mayo long, oswa jip ble oswa kaki.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram egzèsis BOKS avan jounen lekòl la
- Pwogram America SCORES New England Soccer, Imajine That, Pwogram YMCA/City Year Starfish, klib Pwogram Science, yon pwogram ELL aprè jounen skolè a.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Guild Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Karen McCarthy, Direktris  
195 Leyden St., East Boston 02128  
617-635-8523

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	2%
Azyatik	1.2%
Isipanik	80.1%
Blan	16.4%
Lòt	0.4%

Lekòl Guild School la konsantre sou bi pou l sèvi kòm yon kominote aprantisaj egzanplè atravè kèk relasyon siyifikatif ak aprantisaj pètinan e angajan.

Nou se yon lekòl enklisif ki bay divèsite anpil valè, ki selebre kominote nou an, e ki apwofondi aprantisaj avèk kè kontan ak dekouvèt.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon ti lekòl piti ki genyen yon anvivonman sekirite, nourisan, e djanm.
- Tout elèv yo patisipe nan pwogram Ekselans pou Tout Moun nan (Travay Avanse Enklisif)
- Pwogram jadendanfan 1 e 2 ke NAEYC akredite
- 18yèm lekòl nan peyi a ki genyen So Ekselans Lekòl Akeyan an ("Welcoming Schools Seal of Excellence") pou pratik ki enklisif avèk kominote LGBTQ+ la (lezbyen, ge, biseksyèl, transeksyèl, ak "queer").
- Yon manm pèsone ki genyen prim, pami yo : finalis Meyè Edikatè pou Ane a ("Educator of the Year") ak manm pèsone ke yon Konsèy Direksyon Nasyonal Sètifiye
- Angajman paran ki solid, avèk yon Konsèy Paran Skolè ki aktif e akeyan, ak plizyè evènman ki konsantre sou devlopman kominotè, afè akademik, ak atizay

### Regleman sou Inifòm :

- Inifòm suivan yo obligatwa : Mayo koulè vèt fonse "Guild Gators" avèk pantalon, chòt, jip ble maren oswa kaki, oubyen pantalon jogging "Gators" koulè vèt fonse.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon spesyalize pou elèv ki genyen andikap, ki enkli sal de klas enklizyon.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram aprantisaj pwolonje aprè jounen lekòl la disponib pou elèv tout nivo klas.
- Avan lekòl, depi 7:10 dimaten. Ed pou dewa ak mouvman/edikasyon spòtif.
- Aprè lekòl, jiska 6:00 diswa. An patenarya avèk YMCA.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Hale Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Candice Whitmore, Direktris  
51 Cedar St., Roxbury 02119  
617-635-8205

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Lekòl Renome :  
Kwasans Elve  
SQF Tier: 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	51.5%
Azyatik	7%
Isipanik	30.4%
Blan	7.6%
Lòt	3.5%

Fanmi lekòl nou an detèmine pou l bay ansèyman efikas e aplike meyè pratik pou prepare tout elèv pou yo kapab reyisi. Lekòl Hale kontinye travay di pou l mentni yon pwogrè ekselan chak ane sou baz standa "Mass Standards" yo ansanm ak konpetans nesès pou 21yèm syèk la.

Objektif lekòl nou an se prepare elèv nou yo pou ekselans akademik, epitou ankouraje yon amou ak devouman pou etid siperyè. Nou efòse nou pou n devlope karaktè elèv nou yo e fè yo kapab manm k ap kontribye e pwodui nan kominote skolè nou an.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon ki Kominote Skolè piti e sekirite.
- Yon lakou dènye kri ak yon penti miral ki te resewa prim
- "Technologie Goes Home" (kou teknoloji debaz pou paran), ak yon Laboratwa Òdinatè Dènye Kri
- Pwojè Aprantisaj ki Baze sou Sèvis Kominotè ; divès Pwogram Akonplisman
- Atant Siperyè nan afè lekòl ak konpòtman
- Yon Anyè Anyèl
- "Boston Magazine" chwazi l kòm youn nan Meyè Lekòl Boston : Pami premye 100 Lekòl an 2005
- Konsèy Byenèt, Travayè Sosyal Baze nan Lekòl
- Li genyen yon Devouman pou Ansèyman Efikas ak Meyè Pratik.
- Patenarya Lekòl avèk ekip spòtif Boston Celtics, Red Sox, ak NE Patriots
- Prim Nasyonal pou Manm Pèsone yo ak Direktris la, Prim Bwonz Nasyonal pou Sante

### Regleman sou Inifòm :

- Abiye pou siksè ! Abiman an se pantalon, jip, ak mayo long ble maren, avèk mayo boutonen blan ki gen anblèm lekòl Hale la sou li. Ti gason yo kapab abiye ak kòl, si yo vle.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- BOKS kòmanse a 7:15 dimaten
- Pwogram aprè jounen skolè "Bird Street Community" a ap an fonksyon jiska 7:00 diswa

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Haley Pilot School

Jadendanfan jiska klas 8yèm ane  
Kathleen Mendes Sullivan, Direktris  
570 American Legion Highway, Roslindale  
02131 | 617-635-8169

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
SQF Tier: 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	36.1%
Azyatik	0.8%
Isipanik	35.4%
Blan	21.6%
Lòt	6.1%

EKSELANS : Ansèyman nou yo kore elèv yo pou yo kapab atenn potansyèl akademik ki pi wo a, nan fason l founi yo avèk yon konpreyansyon komen sou ekselans akademik pou tout elèv. EKITE : Ansèyman nou yo enklisif, pèsone, e aksesib a tout moun, e yo baze sou divès pwèn fò ak divès bezwen elèv yo, e yo selebre idantite kiltirèl elèv nou yo. ENKLIZYON : Nou afime e selebre timoun yo ak fanmi yo kòm yon pati kominote skolè nou an ki gen valè.

Nou se yon lekòl K0-8 ki founi edikasyon bay elèv yo atravè divès opòtinite aprantisaj eksperimental ki baze sou divès tèm.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Tout lekòl la konsantre sou afè kominote ak anvivonman.
  - Patenarya avèk sant "Boston Nature Center" (sant lanati Boston), community Boat Building (bati bato an kominote), "Urban Improv" (amelyore vil la), ak BYSO
  - Li kore Modèl Sante Konpòtmantal Okonplè a (CBHM)
  - Pwogram YMCA aprè jounen skolè a
  - Gen yon bèl lakou lekòl, sal de klas deyò, ak divès jaden
  - Plizyè opòtinite pou angajman paran
  - Enklizyon okonplè K0-8
- ### Regleman sou Inifòm :
- Anwo inifòm lekòl Haley School koulè ble maren ak anba kaki.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen skolè a pou yon frè/yon pri
- Pwogram Lekòl Haley/YMCA aprè jounen skolè a an fonksyon chak jou apati 2:45 jiska 6:00 nan lapremidi

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Nou se yon lekòl enklizyon okonplè. Elèv nan tout klas, ni sa ki genyen andikap ni sa ki pa genyen andikap, aprann ansanm nan tout klas avèk sipò pou pran swen bezwen aprantisaj patikilye yo.

## Harvard-Kent Elementary School

Jadendanfan K jiska 6yèm ane  
Jason Gallagher, Direkète  
50 Bunker Hill Street, Charlestown 02129  
617-635-8358

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
SQF Tier: 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	21.9%
Azyatik	19.6%
Isipanik	31.4%
Blan	22.7%
Lòt	4.4%

Nou renmen lekòl nou ! Misyon nou se pou n kapab yon lekòl ki akademikman ekselan e nourisan, ki soutni elèv nou yo pou yo devni elèv ki va aprann pandan tout rès vi yo. Nou efòse n pou n ede tout elèv devlope antanke sitwayen ak elèv (aprenan). Nou konsantre sou afè akademik (skolè), sante, byenèt, ak karaktè. Prensip Fondamantal nou yo asire ke elèv yo montre « PRIDE » (fyète) : « Objektif nou se pou n Responsab, Endividyèl, e detèmine pou n Angaje nan Aprantisaj yo »

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se yon lekòl (EFA - Ekselans pou Tout Moun) ki kolabore avèk patnè kominotè nou yo pou pote divès opòtinite aprantisaj espesyal bay elèv nou yo.
- Nou gen Pwogram Bous Lidèchip lekòl Harvard/Kent la, k ap ofri 1.000\$ bous inivèsitè bay 8 elèv lidè chak ane skolè.
- Elèv yo kapab pran ansèyman nan lang chinwa mandaren.
- Nou gen sipò fanmi ak angajman fanmi solid ke asosyasyon "HK Parent Association" nan soutni.
- Nou se gayan prim « School on the Move Edvestors 2019 » (Lekòl k ap Vanse Devan) !
- Nou genyen yon « Catie's Closet » (yon òganizasyon ki distribye rad) ki fenk ouvri pou soutni bezwen elèv nou yo ak fanmi n yo.
- Ki te satisfè oswa depase Objektif MCAS yo nan ELA (gramè/literati angle) ak Matematik chak ane.
- Konsèy lekòl ak ajisteman sou plas pou elèv yo.

### Regleman sou Inifòm :

- "Harvard-Kent P.R.I.D.E." Chemizèt oswa mayo polo

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen lekòl la : ki kòmanse a 7:45 dimaten 25\$ pa semèn. Pwogram nan genyen ladan l : Pwogram BOKS la, kèk travay lesan patikilye leje ak aktivite pou prepare elèv yo pou lekòl. Ansèymanm lekti spesyalize ; Klas jadendanfan K2 jiska klas 5yèm ane, sesyon 8 semèn pou lektè sila yo ki gen kèk difikilite
- Aprè Lekòl : Pwogram matematik klas 3yèm jiska 5yèm klas an janvyè Anrichisman ak sipò Akademik pwogram jadendanfan K1 ak K2 aprè jounen lekòl la, 20\$ pa semèn

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

Pou w wè yon lis okonplè òganizasyon patnè yon lekòl, tanpri konsilte sit entènèt: [partnerbps.org/locations](http://partnerbps.org/locations)

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Haynes Early Education Center

Jadendanfan K0 jiska klas 1ye ane  
Donette Wilson-Wood, Direktris  
263 Blue Hill Ave., Roxbury 02119  
617-635-6446

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Done Yo Pa Sifi  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	40.7%
Azyatik	2.9%
Isipanik	44.8%
Blan	4.1%
Lòt	7.6%

Nou ofri ti klas pitit, yon jounen pwolonje, ak divès ekip ansèyman sal de klas ki pèmèt timoun yo patisipe nan pwòp aprantisaj yo nan yon fason konplè. Egzibisyon "Children's Museum Countdown to Kindergarten" montre yon modèl sal de klas jadendanfan nou an. Pwogram Ankadremman Avan Aprè Jounen Lekòl la ("Surround Care Program") bay timoun nou yo opòtinite pou yo eksperimente plizyè kalite aktivite, tankou natasyon (naje), tenis, karate, dans, baskètbòl, ak klib kous/kouri.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Klas yo fonksyone avèk yon ti kantite elèv, 20 elèv avèk 2 pwofesè pandan jounen skolè a
- Jou Prim Anyèl pou onore akonplisman elèv nan tout lekòl la
- Divès matyè espesyal : dans, syans, mizik, tenis, wobotik, chapant bwa, ak natasyon (naje)
- Yon enstalasyon ki bati pou jèn timoun
- Pwogram ankadremman avan ak aprè jounen skolè a, san peye okenn frè. Pwogram manje maten, manje midi, ak dine ti goute nan laprèmidi gratis.
- Angajman patenarya kominotè avèk gwoup suivan yo : The BASE, The Eliot School of the Arts, City Sprouts, Boston Latin Academy Tutoring Support, Catie's Closet, YMCA, Greater Love Tabernacle Church, 12th Baptist Church.

### Regleman sou Inifòm :

- Ti fi yo : mayo long, jip, oswa pantalon ble maren. Ti gason yo : pantalon ble maren oswa kaki. Kòsaj oswa mayo blan konplete inifòm nou yo. Anwo ble maren ak jip oswa pantalon kaki, tenis oswa soulye anba yo fèt avèk kawoutchou.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram lekòl la ofri : Pwogram aktivite fizik BOKS ("Build on Kids' Success").
- Pwogram lekòl la ofri aprè jounen skolè a : Atizay, chapant bwa, koral, leson enstriman mizikal, besbòl, klib liv, ak dans.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas enklizyon okonplè.

## Hennigan K-8 School

Jadendanfan K2 jiska 8yèm ane  
Tanya Woodard, Direktris  
200 Heath St., Jamaica Plain 02130  
617-635-8264

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	28.7%
Azyatik	2.6%
Isipanik	63.9%
Blan	3.9%
Lòt	0.9%

Tout elèv nou yo aprann nan yon anviwonman ki sansibilize kiltirèlman, avèk divès edikatè ki te resewva fòmasyon pou yo reponn a divès bezwen aprantisaj. Antanke yon lekòl piblik ki santre sou elèv, nou prepare tout elèv pou siksè nan fason nou founi yo avèk yon edikasyon ekkitab, solid, e konplè ki bati sou pwèn fò elèv yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Natasyon (naje), atizay spektak, mizik (yon nouvo laboratwa klavye/òg), syans, atizay/atizay spektak, Edikasyon Fizik (ED), konsyans atantiv, espayòl, japonè, konesans finansye, ak sante ak byenèt.
- Gouvènman elèv ak divès pwojè kominotè lekòl mwayèn
- Lang ke manm pèsone l yo pale : espayòl, somali, kreyòl ayisyen, arab, ak kreyòl kapvèdyen
- Ekip sipò elèv nou an kowòdine sèvis edikasyonèl, resous, konsèy, defans, ak konsiltasyon.
- Standa SEL yo ak leson pwogram etid sosyal emosyonèl "Second STEP" nan chak sal de klas
- Sipò konsèy an patikilye ak an ti gwoup, nan men « The Homes for Little Wanderers » ak lopital « Harbour Hospital ».

### Regleman sou Inifòm :

- Anba ble ak anwo wouj pou klas jadendanfan jiska klas 5yèm ane ak anba kaki ak anwo ble pou klas 6yèm jiska 8yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen skolè a komanse a 7:00 dimaten, BOKS
- Boston SCORES N.E. Yon pwogram Foutbòl ak Ekri. Pwogram Amitye sant kominotè a se Pwogram Apre Jounen Skolè òganizasyon ACEDONE pou Elèv k ap Aprann Angle (ELs). Hennigan Hawks.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-Miltileng (Plizyè lang).
- SLIFE-Espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Devlopman emosyonèl e sosyal, enklizyon ak divès andikap presi.

## Hernández K-8 School

Jadendanfan K jiska 8yèm ane  
Carolina Brito, Direktris  
61 School St., Roxbury 02119  
617-635-8187

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	3.6%
Azyatik	0%
Isipanik	85.6%
Blan	7.9%
Lòt	2.9%

Nou se yon lekòl doub lang (angle/espayòl). Tout elèv resewva ansèyman nan angle ak espayòl, kèlkeswa lang yo pale lakay yo. Elèv yo angaje nan divès etid tematik, ki varye selon nivo klas yo ak Standa Fondamantal Komen Eta a. Manm pèsone l la gen eksperyans, yo inovatè e yo egzijè ekselans nan men pwòp tet pa yo ak nan men elèv yo. Epitou nou genyen yon woulman ba pami manm pèsone l yo, ki pèmèt yon stabilite nan planifikasyon divès objektif lontèm pou pwogram etid la. Atizay yo entegre nan tout pwogram etid la, avèk èd spesyalis mizik/mouvman yo ak pwofesè sal de klas yo, an kolaborasyon avèk youn lòt. Kominotè lekòl Hernandez la etabli divès patenarya avèk fanmi yo pou reponn a bezwen chak elèv.

Pwen fokal lekòl nou an se aprantisaj doub lang ki baze sou pwojè ki santre sou atizay.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Ansèyman doub lang nan ni angle ni espayòl.
- Aprantisaj ki baze sou pwojè
- Pwogram etid atizay entegre ak patenarya avèk divès mize nan zòn nan
- Pwogram aprè jounen lekòl la an fonksyon apati 3:00 jiska 6:00 nan laprèmidi

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon/jip ble maren ak mayo/kòsaj ble pal (ble syèl) avèk anblèm mov lekòl la. Inifòm edikasyon fizik (P.E.) : pantalon jogging ble maren ak chemizèt ki gen anblèm lekòl la sou li.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Aprè jounen skolè a jiska 6:00 diswa : devwa, atizay ak atizana, at masyal, dram, atizay spektak, yoga, dans, dans ak tanbou afriken, « Sole Train », Fanm Vanyan/Ti fi Vanyan, lidèchip kamarad lekòl mwayèn, 300\$ pa mwa avèk bous pasyèl disponib.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- Doub lang-espayòl.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Higginson Elementary School

Jadendanfan K jiska 2yèm ane  
Karla Jenkins, Direktris  
160 Harrishof Street, Roxbury 02119  
617-635-8618

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Done Yo Pa Sifi  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	41%
Azyatik	0.7%
Ispanik	56%
Blan	0.7%
Lòt	1.4%

Misyon nou se kore elèv nou yo pou yo atenn pi gwo potansyèl yo akademikman, sosyalman, e emosyonèlman. Nou founi yon kominote aprantisaj ki sekirite e pozitif, ki apwopriye sou nivo devlopman pou bezwen espesyal timoun nou yo. Kilti lekòl nou an fyè de siksè nou genyen nan kreyasyon yon plas k ap evolye, yon plas k ap bay elèv nou yo sipò, kote yo kapab aprann.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se yon lekòl enklizyon konplè avèk divès pwogram akademik spésyalize :
- Nou genyen kèk pwogram ABA 4 ki fenk etabli
- Se yon pwofèsè ki genyen de (2) ou twa sètifikasyon, ansanm ak yon asistan, ki dirije sal de klas nou yo.
- Matyè spésyalis nan edikasyon fizik, atizay spektak, ak syans
- Nou genyen yon lakou rekreyasyon tou nèf avèk pati anwo ak pati anba, ki te kreye pou reponn a bezwen elèv nou yo.
- Sante Konpòtmantal Okonplè avèk Lekol Piblik Boston ak lopital timoun Children's Hospital, Children's Services of Roxbury (Sèvis Timoun nan Roxbury), Higher Ground (Tè ki pi Wo), Pwogram Dantè Tufts.
- Nou genyen manm pèsònèl ki divès, ki pale angle, espayòl, kreyòl kapvèdyen, kreyòl ayisyen, ak vyetnamyen
- Nou genyen manm pèsònèl ki kalifye e devwe, ki genyen plizyè sètifika ak lisans ansèyman

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo mawon ki gen kolye avèk anblèm lekòl Higginson nan sou li, avèk pantalon, mayo long, oswa jip ble maren.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Enklizyon konplè elèv edikasyon jeneral, edikasyon espesyal, ak elèv k ap aprann angle.

**Pakou K-8 :** Elèv yo ap genyen deziyasyon garanti nan lekòl Higginson/Lewis K-8.

## Higginson-Lewis K-8 School

Klas 3yèm jiska 8yèm ane  
Darlene Ratliff, Direktris  
131 Walnut Ave., Roxbury 02119  
617-635-8137

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	43.4%
Azyatik	1.4%
Ispanik	47.9%
Blan	2.3%
Lòt	5%

Lekòl nou an se yon lekòl kominotè, ki santrè sou fanmi, ki founi sèvis konplè avèk yon gwo konsantrasyon sou afè akademik. Biling modènize nou an genyen ladan l : yon jimnazyòm, kafeterya, ak oditoryòm. Objektif lekòl nou an se amelyore vi akademik e sosyal-emosyonèl elèv nou yo atravè ansèyman amelyore. Nou depann de patnè kominotè nou yo pou n founi kominote skolè nou an avèk sipò akademik e sosyal.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon lekòl enklizyon okonplè pou klas 3yèm jiska 8yèm ane ki genyen seksyon ABA (Analiz Konpòtmantal Aplike).
- Biling nou an modènize avèk yon jimnazyòm ak kafeterya
- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la
- Nou genyen edikasyon atizay
- Pwogram edikasyon fizik (spòtif) ki genyen ladan l : aktivite rame bato kominotè, BOKS ("Build our Kids' Success", ki vle di : "Bati Siksè Timoun nou yo"), divès aktivite ekstraskolè
- Plizyè seri patenarya kominotè ki founi divès resous kominotè
- Divès patenarya edikasyonèl avèk inivèsite Northeastern University, Wheelock College, ak Boston University

### Regleman sou Inifòm :

- Anwo yo : ble, blan, nwa, jòn. Anba yo : kaki, nwa, ble, pantalon jogging ki gen koulè sa yo ak pantalon abako.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : Sant kominotè "Bird St. Community Center"
- Aprè jounen lekòl la : Sant kominotè "Bird St. Community Center" ak "City Year" nan klas elemantè. Spò ant lekòl ak lekòl pou lekòl mwayèn nou an, pami yo : volebòl, baskètbòl, atletis/kous.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon enklizyon, avèk kwayans ke tout aksè pou tout moun benefisye tout moun.

## Holmes Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Edverette Brewster, Direktris  
40 School Street, Dorchester 02124  
617-635-8681

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	54%
Azyatik	2.6%
Ispanik	36.1%
Blan	2.9%
Lòt	4.4%

Tout elèv angaje nan jistis sosyal ak inite etid ki baze sou tèm divès pwòje. Tout elèv genyen aksè nan atizay, syans, kodaj, wobotik, espayòl, edikasyon fizik (PE), ak mizik. Epitou nou genyen koral ak bann enklisif. Savan lekòl Holmes yo gen kouraj, yo gen rezistans, yo gen kiryozi konsènan plas yo nan mond lan. Yo opoze a enjistis sosyal ! Ansanm, nou pran tout responsabite pou tout savan nou yo, nan fason nou founi yo avèk divès pakou aprantisaj pèsònalize, ak divès opòtinite solid.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Modèl lekòl enklizyon ki enkli elèv andikape yo konplètman nan klas enklizyon.
- Ti klas ki genyen 15 elèv nan klas jadendanfan KO jiska K1 ak 20 elèv nan jadendanfan K2 jiska klas 5yèm ane nan sal de klas enklizyon.
- Pwogram Jadendanfan ke NAEYC Akredite
- Yon pwogram mizik solid, avèk bann ak koral, ak yon sibvansyon ki sot nan fon « VH1, Save the Music »
- Genyen aparèy teknoloji an pwopòsyon 1 a 1
- Sivansyon ki sot nan men ASTOS pou soutni divès aktivite pou elèv ki genyen e ki pa genyen andikap
- Patenarya avèk « Expeditionary Learning » (EL)
- Patenarya adisyonèl : UMASS Boston, Wheelock College, Americorps, ak City Year
- Pwogram anrichisman « Achieve », Avan ak Aprè Jounen Skolè a
- Patenarya avèk « City Connects » avèk kolèj Boston College
- Lekòl Patenarya UVA

### Regleman sou Inifòm :

- Jip, pantalon, mayo long ble oswa kaki, avèk yon mayo, kòsaj, oswa polo blan oswa ble pal (ble syèl) avèk anblèm lekòl Holmes la sou li.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen lekòl la, 7:00 jiska 9:00 dimaten
- Aprè jounen lekòl la : Achieve ("Akonpli") : 4:20 jiska 6:00 nan laprèmidi, akademik ak anrichisman.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Hurley K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Bethy Verano, Direktris  
70 Worcester St., Boston 02118  
617-635-8489

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	4.5%
Azyatik	2.2%
Isipanik	71.1%
Blan	18.8%
Lòt	3.4%

Tout elèv nou yo aprann an espayòl ak angle. Tip pwogram sa a se yon pwogram anrichisman e elèv yo tire anpil avantaj nan aprann yon lòt lang. Akoz richès pwogram sa a, elèv yo bay rannman siperyè nan evalyasyon leta yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Devouman pou elèv sila yo k ap diplome ki bay rannman sou nivo akademik konpetan oswa avanse nan de (2) lang
- Anpil anfas sou atizay, ki genyen ladan l patenarya avèk Urban Voices, Urbanity, The New England Conservatory, The Museum of Fine Arts
- STEM (syans, teknoloji, enjenyè/jeni, matematik)
- Teren foutbòl
- Lakou rekreyasyon
- Jounen spòtif, sware fim, ak sware fanmi
- Pwogram aprè jounen lekòl la.
- Patnè lekòl la : Museum of Fine Arts, Neighborhood Parents for the Hurley, Strong Women/Strong Girls, Playworks
- Yon bibliyotèk lekòl bileng konplètman otomatize

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon/jip kaki oswa ble maren, mayo/kòsaj chanday/chemizèt blan oswa ble maren.
- Pwosesis Demann Espesyal :
- Sa aplikab a elèv k ap antre nan lekòl Hurley a nan klas 3yèm ane ak klas pi avanse yo sèlman. Ou dwe pwograme yon egzamen lang pou piti ou a nan angle ak espayòl avèk lekòl la infwa ke nou detèmine ke genyen espas nan klas ou fè demann pou li a. Se sèlman elèv sila yo ki satisfè kritè lengwistik nou yo ke n ap admèt (ke n ap kite rantre).

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Aprè jounen skolè la : YMCA ofri « Bodega de Arte » (« Boutik Atizay »). Elèv yo resevwa opòtinite pou yo travay avèk mize Museum of Fine Arts la, wobotik, «Playworks», et setera.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- Doub lang-espayòl.

## J. F. Kennedy Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Christine Copeland, Direktris  
7 Bolster St., Jamaica Plain 02130  
617-635-8127

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	18.2%
Azyatik	1.7%
Isipanik	64.3%
Blan	13.3%
Lòt	2.6%

Lekòl John F. Kennedy School prepare elèv li yo pou yo reponn a gwo demann bezwen standa 21yèm syèk yo. Teyori chanjman edikasyonèl lekòl John F. Kennedy School la genyen ladan l entegrasyon twa strateji fondamantal : itilizasyon konstan divès done pou gide priz desizyon yo, amelyorasyon ak angajman kontinyèl nan ansèyman yo, ak ankouraje yon kiltè skolè ki pèmèt tout elèv evolue.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon anviwònman sekirite, nourisan, e ki santre sou timoun, avèk manm pèsone ki angaje nan tout aspè aprantisaj elèv yo.
- Genyen tablo entèlijans/òdinatè ("Smartboards") nan tout klas pou pèmèt pwofesè yo anrejistre ansèyman yo e afiche materyèl ke elèv yo ap gen pou yo repase aprè.
- Sèk ouvè ("Open Circle") se yon pwogram aprantisaj sosyal e emosyonèl pou timoun klas jadendanfa jiska klas 5yèm ane, ki diferansye selon nivo klas yo
- Nou genyen anseyan aplentan nan atizay, mizik, edikasyon spòtif, ak syans.
- Nou genyen pwogram fondamantal, ki met aksan sou ogmantasyon kantite ak kalite lekti elèv nou yo
- Nou genyen pwofesè-elèv ki sot nan kolèj Wheelock College ak sila yo k ap fè staj
- Jimnazyòm ak oditoryòm ki gen anpil espas

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon/jip/mayo long ble maren avèk kòsaj oswa mayo polo blan.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram BOKS ("Build Our Kids' Success") avan jounen lekòl la, pwogram YMCA avan/aprè jounen lekòl la
- Simmons College (America Learns) K ap bay leson patiklye pou klas 1ye ak 2yèm ane ; America SCORES soccer ak ekri pou klas 3yèm jiska 5yèm ane. "City Year klas" 3yèm jiska 5yèm ane ; Anrichisman aprè jounen skolè a nan wobotik, enjenyèri, ak syans

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## P. J. Kennedy Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Kristen Goncalves, Direktris  
343 Saratoga St., East Boston 02128  
617-635-8466

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	4.3%
Azyatik	1.8%
Isipanik	87.4%
Blan	5.4%
Lòt	1.1%

Se misyon nou pou nou edike elèv nou yo nan fason nou bay yo yon anviwònman ki an sekirite, an sante, epi ki favorab pou fanmi yo. Objektif ansèyman nou yo : N ap travay pou n kreye divès pwen dantre ak aksesibilite apwopriye nan pwogram etid CCSS aliyan nou an, dekwa pou tout elèv, kèlkeswa kapasite ak konpetans lengwistik yo, kapab konplete, nan yon fason endepandan, kèk tach ki mande anpil bon rezonman.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram enklizyon, klas K2-6.
- Pwogram SEI espayòl klas K2-4
- Ekip Akademik Paran Pwofesè
- American Heart Association (Asosyasyon Ameriken pou Afè Sante Kè) - Ansèyman Jaden pou grandi e kiltive legim
- Yon kuizin sèvis konplè nan kafeterya a ki sèvi manje midi cho, fre, chak jou atravè pwojè "Hub and Spoke" la
- Divès spesyalis akademik, pami yo : edikasyon fizik/spòtif (PE), atizay, mizik, ak teyat
- FoodCorps - yon pwogram "Americorps" ki anseye elèv yo sou enpòtans nitrisyon ak sante. Li genyen ladan l tès goute, ak leson nitrisyon
- Genyen Peryòd "Chwa Timoun yo" : divès kou opsyonèl ki konekte standa akademik ak aprantisaj manyèl/pratik, ki baze sou pwojè
- Pwogram aprè jounen lekòl la pou timoun chak jou

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo oswa chanday mawon avèk anblèm lekòl PJK la, rad anba kaki oswa pantalon mawon lekòl PJK

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram BOKS (« Build Our Kids' Success »), Pwogram foutbòl « America SCORES »
- Manje aprè jounen lekòl la, èd avèk dewwa, spò, ak divès aktivite

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Yon sal de klas edikasyon timoun piti jadendanfan K0/K1 ak pwogram enklizyon pou nivo klas jadendanfan K2 jiska klas 5yèm ane.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Kenny Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Daniel Mckoy, Direktè Pwovizwa  
19 Oakton Avenue, Dorchester 02122  
617-635-8789

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	35.4%
Azyatik	11.5%
Isipanik	22.4%
Blan	26%
Lòt	4.7%

Nou ofri etid solid ak bonjan kalite ansèyman siperyè nan atizay, mizik, syans ak teknoloji, nan yon anvwonman ki an sekirite e ki soutni elèv yo. Lekòl Kenny School prepare elèv yo pou siksè alontèm atravè yon pwogram etid ak divès pratik ki afime idantite divès yo, e l ekipe yo avèk konesans ak divès zouti pou yo devni lidè nan kominote yo ak karyè yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Divès pwogram nivo egzanplè avan ak aprè jounen lekòl la ki enkli : lidèchip elèv, atizay, edikasyon eksteryè, STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik) ak wobotik, èd avèk devwa ak pwogram spòtif. Yon pwogram jadendanfan ke NAEYC akredite.
- Yon anfas sou domèn STEM yo avèk klas syans yo nan nivo jadendanfan KO jiska klas 6yèm ane, ki enkli zanimo vivan, eksperyans manyèl pratik ak teknoloji.
- Lakou rekreyasyon, teren foutbòl, ak divès patenarya spòtif
- Jaden eksteryè ak espas sal de klas eksteryè, pwogram nitrisyon, klas kuison.
- Odinatè laptòp ak teknoloji nan sal de klas yo pou tout elèv ; laptòp patikilyè (pwopòsyon 1 a 1) pou elèv ki nan klas 6yèm ane ; lojisye ansèyman adaptif, «Google Classroom» (« sal de klas Google »), ak vizyalizè (kamera pou fè foto dokiman).
- Pwogram edikasyon espesyal ki genyen ladan l edikasyon jeneral, enklizyon, ak sal de klas ki konplètman apa pou reponn a bezwen tout elèv. Yon modèl enklizyon k ap devlope pou jadendanfan jiska klas 5yèm ane.

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo polo oswa chanday san kapichon, jip, ak mayo long ble fonsè oswa blan, avèk anblèm lekòl Kenny a make sou yo, nan pati goch lestomak elèv la. Epitou genyen chemizèt lekòl la pou vann.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram "Morning Cubs" avan jounen lekòl la, sipò akademik, anrichisman nan domèn atizay, ak egzèsis striktire
- Divès klib, pami yo « Kenny Cats » ak « Kenny Clubs », avèk lòt aktivite toujou.

## Kilmer K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Joseph Foley, Direktè  
35 Baker St. (K-3); 140 Russett Rd. (4-8)  
West Roxbury 02132  
617-635-8060

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	16.1%
Azyatik	7.7%
Isipanik	21%
Blan	50%
Lòt	5.1%

Lekòl Kilmer K-8 la se yon lekòl ki solid nan domèn akademik yo, ki genyen eksperyans, manm pèsònèl ki sousye pou elèv yo, ak paran aktif. Nou bay valè a syans, edikasyon spòtif, atizay, lang, ak aprantisaj sosyal emosyonèl.

Lekòl Kilmer K-8 itilize aprantisaj ki vane avèk èd divès done ak divès pratik enklisif pou asire ke tout elèv genyen aksè nan aprantisaj ki baze sou standa e reyisi ladan l, epitou sipò aprantisaj sosyal-emosyonèl solid nou yo ba yo sipò sosyalman e emosyonèlman.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen manm pèsònèl ki gen eksperyans e ki gen yon sousi pou elèv yo.
- Nou met anfas sou afè akademik (afè lekòl)
- Nou se yon lekòl K-8 (jadendanfan jiska klas 8yèm ane) nan de (2) lokal, ki genyen yon seksyon K-8 spesyalize pou elèv ki gen twoub otis
- Fanmi yo ak kominote a aktif
- Gen yon anfas sou kwasans chak timoun
- Nou genyen pwogram etid (kourikoulòm) « Open Circle » (« Sèk Ouvè ») jadendanfan jiska klas 5yèm ane
- Pwogram etid Jistis Reparatri, klas 6yèm jiska 8yèm ane
- Pwogram Rekreyasyon « TeamUp » Playworks
- Pwogram Aktivite Fizik (Spòtif) BOKS pou jadendanfan jiska klas 8yèm ane
- Klib Kous 4-8

### Regleman sou Inifòm :

- Pou klas jadendanfan jiska klas 5yèm ane : anwo ble maren ak pantalon kaki, oswa pantalon jogging gri; pou klas 6yèm jiska 8yèm ane : Anwo nòm al oswa gri lekòl Kilmer ak pantalon nwa.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Lekòl Kilmer ofri gadri/swen avan ak aprè jounen lekòl la, an patenarya avèk YMCA pou tout elèv.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon K-8 spesyalize pou elèv ki fè otis.

## M. L. King Jr. K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Grace Coleman-Burnes, Direktris  
77 Lawrence Ave., Dorchester 02121  
617-635-8212

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	56.5%
Azyatik	1.6%
Isipanik	36.2%
Blan	2.2%
Lòt	3.5%

Misyon nou se pou n travay pou n atenn objektif pataje sa a pou n prepare elèv yo pou siksè nan sosyete sila nou an k ap pede chanje. Pwogram etid akademik solid nou an ki konsantre sou lidèchip, ekipe elèv yo avèk konesans ak konpetans nesese pou yo kapab devlope konnesans sou pwòp tèt yo, responsablite yo anvè fanmi yo ak kominote yo, ak motivasyon pou yo pwospere.

Elèv nou yo kite lekòl K-8 nou an avèk konesans ak konpetans y ap bezwen pou yo resyisi nan lekòl segondè, etid siperyè, anplwa yo, e pou yo reyisi tou antanke manm sosyete a.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou met anfas sou devlopman karaktè, nou anseye elèv yo responsablite ak pwodikтивite, epi n anseye konsènan sèvis yo kapab bay lekòl la ak kominote a pou byenèt komen tout moun.
- Genyen anrichisman nan matematik ak lekti chak semèn pou klas 1ye jiska 8yèm ane
- Nou bay valè a patenarya ant lakay, lekòl, ak kominote
- Atizay, mizik, koral, atizay spektak, ak edikasyon spòtif
- Konsèy Elèv ; Deba
- Strong Women (Fanm Vanyan), Strong Girls (Ti fi Vayan); Girl Scouts (Skout Ti fi)
- Klib Wobotik ak Sosyete Nasyonal Enjenyè Nwa.
- Patenarya « Thompson Island » ki konsantre sou ekspansyon aksè elèv yo nan edikasyon syans « mond reyèl la ».
- « Home for Little Wanderers » founi sèvis konsèy sou plas pou elèv ki bezwen sèvis yo

### Regleman sou Inifòm :

- Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane : Mayo polo gri pal oswa blan ki gen bouton. Pantalon/jip nwa. Pantalon/jip kaki

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- BOKS
- YMCA ofri yon pwogram sou plas jiska 6:00 diswa

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Lee Academy Pilot School

Jadendanfan KO jiska klas 3yèm ane  
Alexander Chery, Direktè  
25 Dunbar Ave., Dorchester 02124  
617-635-8618

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Pwogrè Limite  
osinon pa genyen pwogrè pou atenn  
objektif yo  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	45.8%
Azyatik	7.3%
Ispanik	34.4%
Blan	6.3%
Lòt	6.3%

Lekòl Lee Academy Pilot School se yon lekòl ki konplètman otonòm (endepandan), ki bati sou patenarya avèk fanmi yo, edikatè yo, ak manm kominotè yo. Nou selebre kè kontan ki asosye ak aprantisaj nan fason nou ankouraje kreyativite ak kiryozi pandan n ap nourri jeni patikilye chak timoun gen lakay yo. Elèv yo jwenn lajwa nan aprantisaj atravè plizyè eksperyans divès. Akademikman, nou itilize yon sistèm sipò klase pou pran swen pwoblem akademik e konpòtmantal chak elèv. Nou kontinyèlman ap suiv pwogrè akademik elèv yo e planifye avèk anpil bon rezonman.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon lekòl pilòt k ap ofri yon pwogram okonplè avèk ansèyman ak bonjan kalite sipò siperyè
- Yon kominote enklisif pou elèv yo
- Òf espesyal chak semèn enkli Taekwondo, dans, atizay, edikasyon spòtif, mizik, ak syans.
- Pwofesè ak asistan sal de klas yo ofri vizitasyon lakay nan kòmansman ane skolè a pou devlope divès koneksyon solid ant lakay ak lekòl
- Patenarya avèk Sèvis Timoun Roxbury pou sèvis konsèy nan lekòl yo
- Patenarya avèk « Playworks » pou ede timoun yo ret aktif e devlope divès konpetans enpòtan pou lavi a atravè jwèt
- Genyen sal de klas eksteryè ak yon ti teren jaden ke nou itilize pandan tout ane a

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Divès pwogram disponib avan ak aprè jounen skolè a

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Sal de klas enklizyon okonplè nan tout nivo klas (Edikasyon Jeneral, Edikasyon Espesyal, ak Elèv k ap Aprann Angle entegre ansanm nan menm sal de klas la)

**Pakou K-8 :** Deziyasyon garanti pou Jèn Moun k ap Reyisi (« Young Achievers ») pou klas 4yèm ane.

## Lee K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Kimberly Crowley, Direktis  
155 Talbot Ave., Dorchester 02124  
617-635-8687

Kominote skolè K-8 nou an kontinyèlman ap  
**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	53.8%
Azyatik	4.5%
Ispanik	30.2%
Blan	5.2%
Lòt	6.2%

travay pou l kreye yon anvivonman enklisif kote standa rannman ak atant siperyè egziste pou tout elèv. Nou kwè ke modèl sa a ankouraje òganizasyon, preparasyon pou inivèsite, ansanm ak potansyèl akademik ki pi wo. Lekòl nou an met aksan sou ankouraje elèv yo pou yo responsab, e nou detèmine pou n ede chak elèv atenn potansyèl akademik e sosyal emosyonèl li.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se Gayan Prim "School on the Move" la (prim « Lekòl k ap Pwogrese »).
- Gayan Renome Massachusetts pou akonplisman nan afè akademik
- Nou genyen pwogram spesyalize pou elèv ki gen Twoub Otis Espèk
- Pwogram enklizyon ak divès sistèm pou ankouraje enklizyon tout elèv.
- Pwogram atizay, syans, STEM (syans, tekonoloji, ejenyeri, ak matematik) edikasyon spòtif.
- Stajyè ki sot nan kolèj/inivèsite : UMASS Boston, Harvard University, Simmons College ak Wheelock University
- Divès patenarya avèk City Connects, Harlem Lacrosse, Home for Little Wanderers, Boston Plan for Excellence, ak Perkins Community Center

### Regleman sou Inifòm :

- KO-5 Pantalon, chòt, ak jip ble fonsè oswa kaki, avèk yon mayo ble pal.
- 6yèm jiska 8yèm ane : Pantalon, chòt, ak jip ble fonsè oswa kaki, avèk yon mayo ble pal. Chanday, et setera, ble fonsè, san anblèm.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Gadi/swen pou klas KO jiska klas 8yèm ane aprè jounen lekòl la jiska 5:15 nan lapremidi

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Nou genyen 17 sal de klas konplètman apa pou elèv ki genyen ASD (twoub espèk otis). Elèv yo patisipe nan natasyon (naje) gratis pou gwo mouvman misk yo nan klas K2 jiska klas 8yèm ane. Epi tou nou genyen yon seksyon enklizyon k ap grandi.

## Lyndon K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Kathleen Tunney (K-3) ak  
Andre Ward (4-8), Ekip Jesyon  
20 Mt. Vernon St., West Roxbury 02132  
K-3, 617-635-6824; 4-8, 617-635-6336

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	9.3%
Azyatik	3.4%
Ispanik	24.1%
Blan	57.8%
Lòt	5.5%

Kominote lekòl Lyndon nan nourri tout aspè lavi timoun yo nan fason l founi yo avèk yon anvivonman kolaboratif e enklisif. Atravè divès pwogram etid solid, yon kilti inovatris, ak divès sipò sosyal e emosyonèl, nou founi elèv yo avèk divès pakou pou yo kapab atenn potansyèl yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Spesyalis syans, lang, tekonoloji, ak lekti
- Nou genyen yon kourikoulòm atizay konplè avèk atizay vizyèl, mizik jeneral, koral, ak yon pwogram enstrimantal.
- Yon bibliyotèk ke divès paran volontè pou soutni e mentni
- Pwofesè yo resevwa fòmasyon nan « Responsive Classroom » (yon klas ki santre sou elèv), « Second Step » (yon pwogram etid sosyal emosyonèl) ak Jistis Reparatis ; divès pwogram etid ki devlope yon kominote aprantisaj solid.
- Angajman fanmi, ki enkli : PTA (asosyasyon paran-pwofesè), Friends of the Lyndon (Zanmi Lyndon yo) ak Konsèy Skolè Lokal
- Spesyalis Lekti, ESL (Angle kòm yon Dezyèm Lang), Pwofesè, Divès Pwofesè Edikasyon Espesyal
- Patenarya avèk lopital « Children's Hospital » ak « Home for Little Wanderers » ki bay elèv nou yo sipò ak gidans.
- Tout elèv yo gen òdinatè chromebook.
- Elèv yo patisipe nan aktivite STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik) ak divès inite etid.

### Regleman sou Inifòm :

- Anwo mawon oswa blan ; anba kaki

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan ak aprè jounen lekòl la : Parkway Community YMCA.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Kat sal de klas pou elèv ki gen defisyans entèlektiyèl modere, klas 2yèm/3yèm/4yèm, 4yèm/5yèm/6yèm, 6yèm/7yèm/8yèm ak 7yèm/8yèm.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Lyon K-8 School

Jadendanfan K2 jiska Klas 8yèm ane  
Dr. Hervé Anoh, Direktè  
50 ak 95 Beechcroft St., Brighton 02135  
617-635-7945

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Pwogrè modere pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	25.8%
Azyatik	8.9%
Isipanik	33.1%
Blan	23.4%
Lòt	8.9%

Lekòl Mary Lyon K-8 School la kwè ke tout elèv kapab aprann e yo genyen dwa pou yo resewva bonjan kalite edikasyon siperyè. Nou detèmine pou n kapab yon lekòl enklisif, akeyan, ki fè efò pou l ankouraje kwasans akademik, sosyal, e emosyonèl. Atravè bon rezonman inovatris, refleksyon kontinyèl sou pratik nou yo, ak devouman pou asire ke chak elèv jwenn aksè nan pwogram etid la, nou vize kreye divès eksperyans aprantisaj rich, ki kapab devlope tout aspè lavi timoun yo.

Tout elèv ap genyen aksè nan ansèyman alfabetizasyon ekita ki aliye avèk divès standa ki afime e kiltive idantite kiltirèl yo e ki rann yo kapab patisipan kritik nan pwòp aprantisaj yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon modèl enklizyon konplè.
- Pwogram avan jounen lekòl la
- Ti klas piti
- Manm pèsònèl ki gen kalifikasyon siperyè : Tout pwofesè yo genyen degre metriz nan men yo e yo gen doub sètifika nan edikasyon regilye ak edikasyon espesyal
- Divès spesyalis nan mizik, atizay, ak edikasyon spòtif
- Yon Konsèy Skolè Lokal ak yon Konsèy Paran ki angaje

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen lekòl la ki fonksyone sou baz peman frè ; li kòmanse a 7:30 dimaten.
- Nou ofri pwogram egzèsis BOKS la ("Build Our Kids' Success", ki vle di : « Bati Sikès Timoun Nou yo ») nan otòn ak prentan.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram enklizyon okonplè ki kreye pou reponn a bezwen elèv ki genyen kèk defisyans emosyonèl.

**Pakou K-12 :** Deziyasyon garanti nan klas 9yèm ane nan lekòl Lyon High School.

## Manning Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Lori Clements, Direktris  
130 Louders Lane, Jamaica Plain 02130  
617-635-8102

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	12.6%
Azyatik	5.7%
Isipanik	24%
Blan	46.3%
Lòt	11.5%

Misyon nou se pou n kreye yon lekòl kote tout elèv an sekirite, akeyi, e apresye, yon lekòl kote yon edikasyon ekselan kapab posib e moun espere jwenn ekselans sa a nan men li. Pou n rive fè sa, n ap travay pou n kreye yon anviwònman kote elèv yo kapab fè meyè efò yo, kote yo byen ekipe pou yo navige nan enpak naratif dominan an e pakonsekan kreye yon naratif opozan pou tèt yo, dekwa pou yo kapab reyisi akademikman, pou yo kapab an sante sosyalman e emosyonèlman, epi kontribye nan kominote nou yo nan yon fason pozitif, ni nan tan sa a, ni nan lavni.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Konsantrasyon Ansèyman sou Konpetans Rezonman Pi Siperyè.
- Pwogram enklizyon pou kore tout elèv
- Yon kilti lekòl pozitif ke strikti CASEL la nourri
- Atizay, mizik ak mouvman (« Music and Movement »), Yoga, PE (edikasyon spòtif), syans, ak bibliyotèk.
- Ègoterapi ak terapi langaj
- Patisipasyon paran aktif kòm volontè, kòm moun k ap leve fon, ak manm Konsèy Paran an ak Konsèy Skolè Lokal la
- Divès konferans paran patikilye

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen lekòl la ki fonksyone sou baz peman frè ; li kòmanse a 8:00 dimaten e li enkli : atizay ak atizana, klib jwèt echèk ak lego, ak divès aktivite deyò (aktivite eksteryè).
- Yon pwogram aprè jounen skolè a ke YMCA dirije ; fò w peye yon frè. Aktivite yo enkli atizay ak atizana, jwèt echèk ak "Lego", ak divès aktivite deyò.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas Jadendanfan K0 a K1 entegre pou Edikasyon Timoun Piti; Jadendanfan K2 jiska 5yèm ane se klas enklizyon ki genyen sipò anplis.

## Mason Elementary School

Jadendanfan K0 jiska klas 5yèm ane  
Carolyn Allston, Direktris  
150 Norfolk Ave., Roxbury 02119  
617-635-8405

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	55.2%
Azyatik	1.8%
Isipanik	30.8%
Blan	5%
Lòt	7.2%

Misyon lekòl Mason School se pou l kapab yon kominote ini ki detèmine pou l founi divès eksperyans ekita e solid bay elèv yo ki asire yo metrize divès konpetans akademik prensipal e bati zoui nesès pou ankouraje bon rezonman kritik nan lakay yo, pou ankouraje yo pran risk, e devni gran lidè. Pwofesè yo gen doub sètifika epi yo resewva devlopman pwofesyonèl ki anrapò ak Edikasyon Espesyal (SPED), ansèyman Angle kòm Dezyèm Lang (ESL), ak divès domèn kontni.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon modèl enklizyon. Entegrasyon konplè elèv ki genyen andikap ak elèv edikasyon regilye.
- Liyezon fanmi aplentan
- National Association for the Education of Young Children (NAEYC - « Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun »)
- « Partners Home for Little Wanderers » founi sèvis konsèy sou plas pou elèv yo
- Nou ofri atizay, mizik, dans, edikasyon spòtif, teknoloji ak ansèyman natasyon (naje).
- Aprantisaj syans pwolonje avèk kominote nou an.
- Sibvansyon « READ Boston » (« Li Boston ») founi liv gratis
- « Steppingstone College Success Academy », konseye « Strong Women and Strong Girls » ki sot nan invèsite Simmons College
- Rattrapaj Lekti : yon entèvasyon alfabetizasyon ki baze sou rechèch, ki etabli pou elèv klas 1ye ane ki gen kèk difikilite.

### Regleman sou Inifòm :

- Anwo mawon oswa blan avèk pantalon, jip, chòt, mayo oswa mayo long bèj oswa kaki. Nou pèmèt pantalon ak mayo jogging lekòl Mason nan jou elèv yo ap naje.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Aprè jounen skolè a : 2:30 jiska 5:30 nan laprèmidi ke « Winning Every Student » an chaj.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- De (2) Sal de klas enklizyon pou chak nivo klas, depi jadendanfan K0/K1 rive jiska klas 5yèm ane.

**Pakou K-12 :** Deziyasyon garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Dearborn STEM Academy.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Mather Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane  
Hai Son, Direktè  
One Parish St., Dorchester 02122  
617-635-8757

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	38.4%
Azyatik	31.2%
Ispanik	19.2%
Blan	4.8%
Lòt	6.4%

Misyon nou se edike e ekipe tout timoun avèk kapasite pou yo atenn potansyèl yo atravè divès eksperyans akademik ak divès eksperyans ki anrichi yo sosyalman. Objektif prensipal lekòl la se founi yon anviwònman aprantisaj ki ranpli ak kè kontan e ki akeyan, kote tout timoun kapab evolue.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- De (2) sal de klas deyò ak 3 lakou rekreyasyon
- Patnè nou yo enkli òganizasyon suivan yo : e-Inc, BalletRox, Arbour, Home for Little Wanderers, Boston Bikes, Boston Skating Club,
- Volontè adilt nan sal de klas yo chak semèn
- Achievement Network School, Literacy Collaborative
- Yon Konsèy Skolè Lokal ak yon Konsèy Paran Skolè ki aktif
- Divès pwogram nitrisyon atravè inivèsite Northeastern University pou klas elemantè yo e atravè inivèsite UMASS pou klas siperyè yo

### Regleman sou Inifòm :

- Pantalon, mayo polo nòmal ble maren oswa kaki, mayo oxford nòmal, yon chanday nòmal, nenpòt rad ki gen anblèm lekòl Mather sou yo (ki enkli : chemizèt ak rad jogging jimnazyòm lekòl Mather yo) oswa rad ki gen anblèm inivèsite (college) sou yo. Nou pa pèmèt ni abako ni chemizèt.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Divès opòtinite aprè jounen skolè a gratis oswa pou yon frè, ki fonksyone jiska 5:30 nan lapremidi. Pami sa ki enkli : genyen èd pou devwa ak divès opòtinite anrichisman

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-vyetnamyen,
- Doub Lang-vyetnamyen
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon Aprantisaj Andikape (LD) Okonplè pou elèv ki nan klas 1ye jiska 5yèm ane.

**Pakou K-8 :** Elèv yo gen deziyasyon garanti pou yal nan klas 6yèm ane nan lekòl Frederick Middle School.

## Mattahunt Elementary School

Jadendanfan K0 jiska klas 6yèm ane  
Walter Henderson, Direktè  
100 Hebron St., Mattapan 02126  
617-635-8792

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Done Yo Pa Sifi  
**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	67.4%
Azyatik	0.7%
Ispanik	24.5%
Blan	2.9%
Lòt	4.3%

Lekòl Mattahunt Elementary School /Toussaint L'Ouverture Academy sèvi kòm yon modèl ekselans nan edikasyon timoun piti, ki spesyalize nan founisman divès pratik ki enkòpore yon sansibilizasyon parapò ak afè chòk e ki enkli ni pwogram edikasyon jeneral ni pwogram edikasyon espesyal pou elèv ki gen otis, nan yon anviwònman enklizyon.

Mattahunt la/Toussaint L'Ouverture Academy a ofri pwogram konpetan nan aspè kiltirèl e lengwistik pou tout elèv, pami yo yon opsyon pou yon pwogram doub-lang an kreyòl ayisyen ak angle, ansanm ak Imèsyon Pwoteje nan Anglè.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Jounen skolè pwolonje
- Ane skolè pwolonje
- Divès pratik ki pran an konsiderasyon sansibilizasyon parapò ak afè chòk

### Regleman sou Inifòm :

- Mayo ble maren ki gen kolye ak pantalon, jip, chòt kaki.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- YMCA founi kèk pwogram

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- Pwogram doub lang - kreyòl ayisyen
- SEI - kreyòl ayisyen
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram pou elèv ki genyen otis, nan yon anviwònman enklizyon.

## McKay K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Jordan Weymer, Direktè  
122 Cottage St., East Boston 02128  
617-635-8510

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Pwogrè modere  
pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	2%
Azyatik	0.5%
Ispanik	87.6%
Blan	8%
Lòt	1.9%

Lekòl Donald McKay K-8 School se yon kominote akeyan ki anbrase kalite patikilye ke chak elèv posede. Nou ekipe elèv yo avèk kapasite pou yo fè meyè travay yo kapab, nan fason nou etabli divès atant siperyè, envite patisipasyon aktif fanmi yo, e ankouraje divès prensip fondamantal, pami yo : jantiyès, respè, efò, ak responsabilite.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Genyen yon Ekip Sipò pou Elèv ki kreye pou reponn a bezwen tout aspè lavi elèv la
- Divès klinisyen bileng sou plas
- Yon pwogram kou opsyonèl ki founi elèv yo avèk chwa lèske y ap chwazi kèk kou opsyonèl ak divès aktivite klib estraskolè
- Sal de klas ki konplètman enklisif e ke pwofesè a anseye avèk yon lòt moun, nan klas 2-8
- Yon patenarya avèk Doc Wayne ki kreye pou reponn a bezwen Aprantisaj Sosyal Emosyonèl elèv yo.
- Yon pwogram atizay k ap fleri nan klas jadendanfan K jiska klas 8yèm ane, ki founi elèv yo avèk aksè nan mizik ak teyat
- Steppingstone College Success Academy pou elèv ki nan klas 5yèm jiska 8yèm ane
- Yon pwogram lidèchip solid pou pwofesè ki ankouraje dizon pwofesè yo nan desizyon k ap fèt nan afè ansèyman
- Pwogram « Flying Cloud » ak pwogram rekonesans « Elèv Onore pou Semèn nan »

### Regleman sou Inifòm :

- K-5 : Pantalon/jip ble maren oswa nwa ak mayo blan oswa ble. 6-8 : Pantalon oswa jip ble maren, nwa, oswa kaki ak mayo blan oswa nwa

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- YMCA pou tout elèv ; Harlem Lacrosse, Boston Scores, Steppingstone College Success Academy, pwogram STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik), lekòl mizikal. Leson patikilye aprè jounen skolè a avèk pwofesè lisansye (otorize) ; gratis

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Angle kòm Dezyèm Lang aprè jounen lekòl la ak divès pwogram alfabetizasyon pou fanmi.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Mendell Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Julia Bott, Direktris  
164 School St., Roxbury 02119  
617-635-8234

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	27.9%
Azyatik	2.2%
Isipanik	27.5%
Blan	34.2%
Lòt	8.2%

Nan lekòl Mendell, nou vrèman gen yon devouman pou bonjan kalite ansèyman ak aprantisaj siperyè pou tout elèv.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Mizik, atizay vizyèl ak atizay spektak, edikasyon spòtif, syans, ak divès spesyalite « Playworks »
- Prensip Fondamantal ki enkli : Ekselans, Enklizyon, ak yon Sans Responsabilite
- Pwogram avan Lekòl ke manm pèsònèl lekòl Mendell yo founi, ki kòmanse apati 7:30, kote ke fanmi yo ap depoze elèv yo kontinyèlman, youn apre lòt (« rolling drop off »)
- Plizyè aktivite pou fanmi, pami yo : divès atelye sou kòman pou prepare timoun pou egzamen MCAS yo, alfabetizasyon ak matematik pou fanmi, ak divès aktivite amizan, tankou : « Magical Mendell Day » (« Jou Fantezi Mendell »)
- Konsèy Fanmi ak Ekip Angajman Fanmi aktif, ki soutni efò k ap fèt pou leve fon, piblisite, ak ansèyman ak aprantisaj
- Sal de klas eksteryè (deyò)
- Pwogram Edikasyon Timoun Piti ke NAEYC akredite (fè kredi)

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram gadri/swen avan jounen lekòl la, a 7:30 dimantèn, avèk èd itilizasyon yon modèl anrichisman klib (frè pou peye ap depann de sikonsans kandida yo).
- Gadri/swen aprè lekòl ki fini a 6:00 diswa
- Pwogram YMCA sou plas avèk divès aktivite estraskolè.
- Pwogram jadendanfan K1 aprè jounen skolè ke pwofesè ak manm pèsònèl lekòl Mendell yo founi.

## Mildred Avenue K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Andrew Rollins, Direkte  
5 Mildred Ave., Mattapan 02126  
617-635-1642

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	63.1%
Azyatik	1.6%
Isipanik	28.4%
Blan	2.5%
Lòt	4.3%

Nan lekòl Mildred Avenue, nou met aksans sou devlopman tout aspè lavi timoun nan. Nou etabli yon patenarya avèk fanmi nou yo pou n kore elèv nou yo nan sal de klas yo ak nan lavi a. Nou founi ansèyman nan mizik vokal (vwa), atizay vizyèl, edikasyon spòtif, natasyon (naje), teyat, ak dans

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Li te resewa prim « Citywide School on the Move » la (« Lekòl k ap Vanse nan Vil la ») pou ane 2017-2018 la.
- Se premye lekòl ki te genyen estati Nivo 1 nan Mattapan.
- Yo te rekonèt li kòm « Lekòl Selebre Patnè Boston yo » pou ane 2018-2019 la.
- Yon enstalasyon dènye kri ki genyen ladan l yon stidyò dans, teyat, pisin, laboratwa syans ak laboratwa òdinatè, stidyò atizay, bibliyotèk, teren atletis, ak lakou rekreyasyon.
- Yon pwopòsyon adilt parapò a elèv ki piti pou matyè matematik ak ELA (gramè ak literati angle) (genyen plizyè adilt nan pifò sal de klas yo)
- Divès pwomnad ak divès opòtinite pou aprantisaj ki baze sou eksperyans
- Koneksyon dirè avèk sant Mildred Avenue Community Center a, ki founi divès opòtinite anplis aprè jounen skolè a ak le samdi

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-miltileng/plizyè lang (klas 6yèm jiska 8yèm ane), SLIFE-espayòl (klas 3yèm jiska 5yèm ane), ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Ti klas piti avèk kèk manm pèsònèl anplis nan chak sal de klas ; genyen sèvis konsèy ak sèvis pwofesè vwayajè disponib sou plas, ak divès opòtinite enklizyon

### Pwogram aprè jounen skolè a :

- Gen divès pwogram jiska 5:00 nan laprèmidi. Founisè pwogram klas elemantè ki pi ba yo se sant Mildred Avenue Community Center ak PACE Founisè pwogram klas elemantè ki pi wo yo se City Year (lendi jiska jedi)
- Se pwofesè Mildred yo ki dirije pwogram skolè yo e yo gen ladan yo tou patisipasyon plizyè patnè kominotè (Lendi jiska jedi)

## Mission Hill K-8 School

Jadendanfan K0 jiska klas 8yèm ane=  
Valerie Lowe-Barehmi, Direktris Pwovizwa  
20 Child St., Jamaica Plain 02130  
617-635-6384

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	26.8%
Azyatik	1.8%
Isipanik	31.1%
Blan	33.3%
Lòt	7%

Lekòl Mission Hill met anfas sou yon pwogram etid kolaboratif ki baze sou pwojè, ak divès atizay nan yon anviwònman enklisif. Klas yo genyen elèv plizyè laj ladan yo ak 2 adilt nan chak sal de klas.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou met aksan sou atizay pandan pifò jounen skolè a.
- Genyen yon objektif prensipal sou twa tèm chak ane pou tout lekòl la : yon tèm syans ; yon tèm ansyen sivilizasyon ak yon tèm jistis sosyal
- Remiz diplòm nan baze sou defans pòtfolyo.
- Nou konsantre sou abitud pansè/rezònman ak abitud travay.
- Prim Akonplisman Estraòdinè nan yon Lekòl ke Pwofesè Soutni, pou ane 2016.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Enklizyon okonplè elèv edikasyon jeneral ak edikasyon espesyal.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram avan jounen lekòl la, a 8:00 jiska 9:15 dimantèn, pou tout nivo klas.
- Aprè jounen lekòl la, 3:30 jiska 6:00 nan laprèmidi pou elèv ki nan klas K0 jiska klas 6yèm ane.
- Timoun K0 yo kapab asiste sèlman yon sèl pwogram, swa avan oswa aprè jounen lekòl la, men pa toude.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Mozart Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane  
Michael Baulier, Direktè  
236 Beech St., Roslindale 02131  
Ashley Davis, Direktris

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	26.8%
Azyatik	2.4%
Isipanik	20.8%
Blan	41.7%
Lòt	8.3%

Elèv Mozart yo se vedèt ROCK yo ye: yo Respekte moun (Respectful), yo Ouvè (Open), Kowoperatif (Cooperative), epi yo Janti (Kind). Nou se yon ti lekòl akeyan, ki gen yon pwogram pou elèv ki gen otis. Nou kreye divès opòtinite kotidyen pou elèv ki gen e ki pa genyen otis, pou yo angaje avèk youn lòt e aprann ansanm.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Ansèyman nan teknoloji nan klas 1ye jiska 5yèm ane
- Yon pwogram trè efikas pou elèv ki gen otis.
- Ansèyman sou teknoloji entegre nan sal de klas jadendanfan K2 yo jiska klas 5yèm ane
- Yon Konsèy Fanmi Skolè ak yon Komite Ras ak Etnisite aktif e divès
- Yon bèl enstalasyon ki gen ladan l yon sal de klas eksteryè (deyò) ke klas syans yo itilize, yon lakou rekreyasyon renove, ak yon teyat eksteryè (deyò)
- Opòtinite anrichisman atravè divès patenarya avèk BOKS, YMCA, «10 Boys Initiative», ak mize «Isabella Stewart Gardner Museum».
- Manm pèsone ki genyen eksperyans ak devouman, ki pa abandone fasil

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram otis pou klas jadendanfan K0 jiska klas 5yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Pwogram sou plas, avan ak aprè jounen skolè a ke YMCA dirije pou elèv ki nan klas jadendanfan K1 jiska klas 5yèm ane.
- Avan lekòl : Fò patisipan yo peye yon frè, montan yo varye. Pwogram aktivite spòtif BOKS (BOKS, ki vle di : Building Our Kids' Success - "Bati Sikses Timoun Nou Yo"), yon pwogram gratis ke konpayi Reebok patwone.
- Aprè jounen lekòl la, 3:30 pou 6:00 nan laprèmidi: pou klas Jadendanfan K2 jiska 5yèm ane ke YMCA West Roxbury a dirije; pou Jadendanfan K1, se pèsone yo nan lekòl Mozart School la ki dirije l.

## Murphy K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Courtney Sheppeck, Direktris  
1 Worrell Street, Dorchester 02122  
617-635-8781

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	18.7%
Azyatik	50.4%
Isipanik	16.9%
Blan	9.8%
Lòt	4.1%

Lekòl Murphy se yon gwo lekòl ki genyen yon popilasyon elèv ki divès. Nou kwè ke aprantisaj pou tout lavi a kòmanse nan lekòl Murphy, e ke tout elèv kapab atenn divès nivo siperyè Nou anbrase yon mantalite lekòl Murphy (« murphymindset »), ki vle di : nou adopte yon «Mantalite Kwasans», yon sistèm kwayans ki pèmèt nou aprann de echèk nou yo, epi nou akouraje yon lit pwodiktif pou n kapab atenn rèv ak objektif nou pou tout lavi nou.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Natasyon (naje), mizik, atizay, edikasyon spòtif, syans, teknoloji, òdinatè (enfòmàtik), sante, ak chinwa (lang chinwa).
- Pwogram AVID pou preparasyon pou inivèsite (kolèj).
- Twa laboratwa òdinatè mobil tou nèf.
- Yon patisipyon paran ki solid, avèk divès komite aktif..
- Divès patenarya avèk plizyè biznis, inivèsite, ak òganizasyon kiltirèl.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl, 7:30 jiska 8:15 dimaten, ansanm ak « BOKS Kidz fitness » tou lè lendi, mèkredi, ak vandredi 7:00 jiska 8:00 dimaten.
- Aprè jounen lekòl la, Lendi jiska Vandredi jiska 6:15 diswa: èd avèk dewwa, atizay, mizik, teknoloji, jwèt echèk, syans, istwa, enèji renouvlab, teyat dram, «Destination Imagination» («Imajinasyon Destinasyon»), leson mizik enstriman, ak divès pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, Matematik).

## O'Donnell Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Emily Berman, Direktris  
33 Trenton St., East Boston 02128  
617-635-8454

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	0.4%
Azyatik	2.6%
Isipanik	88.6%
Blan	8.1%
Lòt	0.4%

Nan lekòl O'Donnell, nou vize pou n ekipe youn lòt pou n kapab devni meye moun ke n kapab ye a chak jou. Premsip fondamantal HERO nou yo, Imanite nou, Enpati n, Respè n, ak Opòtinite n va gide fason nou entèrak avèk youn lòt ak kominote nou an. Manm pèsone devwe nou yo travay san relach an patenarya avèk fanmi yo ak kominote a pou asire ke elèv nou yo genyen divès opòtinite akademik, sosyal, ak opòtinite anrichisman.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Aprantisaj Sosyal Emosyonèl entegre toupatou nan lekòl la.
- Ogmantasyon nan kantite fwa elèv yo genyen aksè nan atizay, atravè « Literacy through the Arts and Dance » (Alfabetizasyon avèk Atizay ak Dans) avèk sant Community Music Center a (sant Mizik Kominote a).
- Edikasyon ak angajman paran ak fanmi atravè divès pwogram, pami yo : « Tech Goes Home », divès atelye ke manm pèsone nou yo prezante, ki enkli : konesans finansye ak sante/byenèt.
- Yon pwogram Edikasyon Timoun Piti ke NAAYC akredite.
- « Playworks » disponib sou plas pou kore priorite sosyal emosyonal nou yo atravè itilizasyon Lè Rekreyasyon Klas la, e ogmante kapasite nou pou n dirije divès rekreyasyon amizan, òganize, e sekirite pou elèv yo.
- Boston Scores - nan otòn ak prentan, elèv ki nan klas 3yèm jiska 5yèm ane yo patisipe nan foutbòl ak anrichisman nan powezi.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Nou sèvi ak yon konbinezon modèl kote ke yon pwofesè gen dwa vin nan klas elèv la oswa elèv la kapab al nan youn lòt sal, pou asire ke elèv yo resewva ansèyman nan youn anviwònman ki genyen mwens restren posib.

### Pwogram aprè jounen skolè a :

- Aprè jounen skolè la : ALERTA pou klas 3yèm jiska 5yèm ane, gratis, 3:30 jiska 5:00 nan laprèmidi, lè mèkredi ak lè jedi

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Ohrenberger School

Klas 3yèm jiska 8yèm ane  
John Travis, Direktè  
175 West Boundary Rd., West Roxbury  
02132  
617-635-8157

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	29.3%
Azyatik	3%
Isipanik	37.2%
Blan	26.5%
Lòt	4.1%

Nou detèmine pou n prepare elèv nou yo pou inivèsite (kolèj) ak pou karyè yo. Ekip paran nou yo, edikatè n yo, ak manm kominotè n yo fè efò pou yo kreye yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò, ki entèraktif, e kolaborativ pou tout elèv nou yo. Nou kwè ke tout elèv kapab reyisi nan divès nivo siperyè, fè bonjan rezonman, epi devni lidè kominotè aktif.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Genyen divès opòtinite pou spò estraskolè pou elèv ki nan klas 6yèm jiska 8yèm ane.
- Klas Travay Avanse pou elèv klas 4yèm jiska 6yèm ane.
- Atizay, òdinatè, dans, mizik, edikasyon spòtif, ak syans
- Pwogram mizik enstrimantal, klas 3yèm jiska 8yèm ane
- Sal de klas eksteryè (deyò)
- Pwogram "Tech Goes Home" ("Teknoloji A Vin Lakay Ou")

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè :

- SEI-miltileng (Plizyè lang).
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Edikasyon Espesyal: sipò chanm resous ; pwogram Aprantisaj ak Konpòtman Adaptif (L/AB) pou elèv ki genyen andikap emosyonèl.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen lekòl la, apati 7:00 dimaten, \$6 pa jou
- Aprè jounen lekòl la : pwogram anrichisman an patenarya avèk sant "Ohrenberger Community Center" a, 1-2 aprèmidi chak semèn, 35\$ pou 10 sesyon ; swen/gadri pou timoun apati 2:30 jiska 5:30 pou klas 3yèm ane jiska 5yèm ane, 20\$ pa jou.

## Orchard Gardens K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Lauren Murdock, Direktris  
906 Albany St., Roxbury 02119  
617-635-1660

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	51.7%
Azyatik	1%
Isipanik	41.8%
Blan	1.8%
Lòt	3.7%

Lekòl Orchard Gardens K-8 Pilot School la garanti tout elèv yo yon eksperyans akademik ki djanm, li bay eksperyans sa a nan yon anviwònman ki valorize e selebre relasyon solid ant elèv, pèsone, fanmi, ak kominote. Tout elèv ap kwè nan abilte yo pou yo reyisi e pou nou ofri yo plizyè kalite aktivite anrichisman pou yo kapab byen prepare pou kolèj (inivèsite) ak pou karyè yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se yon lekòl pilòt pou jadendanfan jiska klas 8yèm ane
- Nou genyen mizik, atizay, teyat, dans, ak yon pwogram medya bibliyotèk.
- Plizyè pwogram jounen pwolonje, tankou pwogram akademik, klüb, ak aktivite anrichisman.
- Konseye Pedagojik ak Kowòdinatè Sipò pou Elèv
- Divès patenarya solid avèk fanmi yo atravè rapò pwogrè mansyèl (sètadi: chak mwa).
- Yon bilding dènye kri.
- Klüb ak spò pou elèv klas 3yèm jiska 8yèm ane.
- Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè :
- SEI-kap vèdyen
- SLIFE-kap vèdyen
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram spesyalize pou elèv edikasyon fòmèl yo te entèronp (te eksperyans yon koupi)

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seskyon spesyalize pou elèv ki gen andikap.
- Pwofesè entèvansyon abil k ap bay sipò spesyalize.
- Pwogram aprè jounen skolè a :
- Boys and Girls Club/City Year, Citizen Schools (obligatwa pou klas 6yèm jiska 8yèm ane); "America SCORES soccer" (foutbòl) ak pwogram ekriti ; divès spò ak klüb (elijibilite elèv la ap baze sou prezans li ak nòt li).

## Otis Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Paula Cerqueira-Goncalves, Direktris  
218 Marion St., East Boston 02128  
617-635-8372

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	4.4%
Azyatik	2.4%
Isipanik	70.7%
Blan	20.2%
Lòt	2.2%

Lekòl James Otis envèsti efò l pou l reponn a bezwen patikilye tout elèv li yo. Konsantrasyon lekòl James Otis la nan Afè Ansèyman kontinye kore elèv yo pou yo pwodui zèv ekri nan tout domèn kontni ak tèm.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Genyen yon wo pousantaj paran ki asiste inivèsite paran an « Parent University ».
- Pwofesè spesyalis nan domèn atizay, mizik, dans, syans, ak òdinatè.
- Klas syans eksteryè (deyò).
- Tan Aprantisaj Pwolonje.
- Genyen tablo blan "Interactive Polyvision" nan pifò sal de klas yo.
- Yon Konsèy Paran aktif, avèk divès reprezantan nan Konsèy Skolè Lokal nou an.

### Rannman elèv klas 5yèm ane chak ane

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè :

- SEI-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : 7:15 jiska 8:15 dimaten, pwogram egzèsis BOKS, klüb devwa, ak lesou patikilye.
- Aprè jounen lekòl la : pwogram pou timoun ki gen paran yo enskri nan pwogram ESL ki nan lokal lekòl la ; se pwofesè lekòl Otis yo ki fè kèk lesou patikilye pou kèk elèv chwazi ; pwogram YMCA.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Perkins Elementary School

Jadendanfan K2 jiska Klas 6yèm  
Heela Roshan, Direktris  
50 Rev. Burke St., South Boston 02127  
617-635-8641

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	39.8%
Azyatik	8.4%
Ispanik	32.5%
Blan	15.1%
Lòt	4.2%

Lekòl Perkins Elementary bay elèv nou yo yon eksperyans aprantisaj san parèy, ki elaji kapasite yo parapò a fason yo panse, rezoud pwoblèm, e pote chanjman. Avèk ansèyman ak aprantisaj solid, nou amelyore kreyativite, pasyon, ak optimis ke pitit ou a pote avè l nan lekòl nou an. Objektif nou se edike, ekipe e elve pitit ou a an ekselans antanke elèv ak sitwayen global.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen sal de klas eksteryè (deyò) ki enspire kreyativite nan domèn atizay, ekri, lekti ak syans yo.
- Yon modèl Ekip Siksè Lekòl (« School Success Team ») ki soutni bezwen sosyal e emosyonèl elèv yo.
- “Brothers of Distinction” (“Frè Distinge”), pwogram “MJP Boys” (pou ti gason).
- Wonderfully Made (« Kreyati Mèveye »), Gwoup « MJP Girls » (pou ti fi).
- Pwogram « MJP Perkins Pride Student Ambassadors » (Pwogram Ambasadè Fyète Elèv MJP Perkins yo).
- Nuit alfabetizasyon konbit manje entènasyonal.
- Divès klib STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Talan Atistik, ak Matematik).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram egzèsis BOKS avan ak aprè jounen skolè a.

## Perry K-6 School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Michael Macchi, Direktè  
745 East 7th St., South Boston 02127  
617-635-8840

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	15.8%
Azyatik	3.4%
Ispanik	18.7%
Blan	58.1%
Lòt	3.9%

Lekòl Perry K-6 se yon kominote k ap travay ansanm pou prepare elèv nou yo pou yo kapab genyen yon avni ki ranpli avèk siksè. Nou devlope relasyon solid avèk fanmi yo ak elèv yo pou founi meyè edikasyon pou chak elèv, chak jou. Konsantrasyon nou se pou n fè elèv nou yo vanse akademikman e sosyalman atravè divès eksperyans inovatris ki kreye pou ankouraje aprantisaj elèv la nan tout aspè.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen yon Sal de klas deyò devan plaj (« Oceanfront Outdoor Classroom ») ke « Schoolyard Initiative » kreye.
- Divès rasanbleman kote nou rekonèt elèv yo pou reyisit yo ak amelyorasyon yo nan afè lekòl, ak sitwayènte pozitif yo.
- Pwogram byenèt ki enkli edikasyon spòtif ak sante
- Pwogram syans ki baze sou ankèt
- Klas enstriman akòd, koral, ak mizik
- Elèv yo genyen aksè nan teknoloji : Tout pwofesè yo genyen pwojektè. Elèv ki nan klas 3yèm jiska 8yèm ane yo resevwa òdinatè Chromebook, epi sal de klas jadendanfan K1 jiska klas 2yèm ane yo genyen aksè a kèk charyo iPad.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram edikasyon epsesyal trè spesyalize pou elèv ki genyen andikap entèlektiyèl.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : 7:30 jiska 9:15 dimaten, Lendi jiska Vandredi.
- Pwogram byenèt fizik “Shark Squad” lè madi ak mèkredi.
- Aprè jounen skolè la : 3:30 pou 5:30 nan laprèmidi pou elèv Jadendanfan K1 jiska klas 5yèm ane; se manm pèsònèl lekòl Perry a ki dirije l, lendi jiska vandredi.

## Philbrick Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane  
Danladi Bobbitt, Direktè  
40 Philbrick St., Roslindale 02131  
617-635-8069

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	43.2%
Azyatik	2.7%
Ispanik	36%
Blan	13.5%
Lòt	4.5%

Ti gwosè lekòl Philbrick la rann pwofesè yo kapab bay timoun yo plis atansyon e etabli yon anviwònman ki entim e nourisan. Nou itilize yon apwòch atelye pou ansèyman lekti, ekriti, ak matematik. Epitou nou bay klas spesyalte nan syans, mizik, edikasyon spòtif, ak atizay, epi nou etabli divès patenarya biznis, patenarya kominotè, ak patenarya fanmi manch long.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen òdinatè pòtatif (laptòp) san fil, aksè iPad pou elèv yo. klas 4yèm ak 5yèm ane yo genyen kodaj/chifraj ak wobotik kòm pati pwogram STEM nou an (STEM nan se: Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik).
- Leson patikilyè endividiyèl e an ti gwoupman pou bay sipò a elèv sila yo ki ka genyen kèk difikilite.
- Ekselans pou Tout Moun pou klas 4yèm a 5yèm ane.
- Reyinyon prim kominote skolè chak mwa.
- Ti gwoup leson enstrimantal nan klas 4yèm a 5yèm ane.
- Yon lakou lekòl ak lakou rekreyasyon ki renove (ki fenk refè).
- Pwomnad kan anyèl nan Ferry Beach nan eta Maine, pou elèv klas 5yèm ane, ki konsantre sou syans.
- Nuit fanmi ki baze sou pwogram etid la.
- Sibvansyon syans ak alfabetizasyon.
- Atelye Paran.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : 8:00 pou 9:15 dimaten, manm pèsònèl yo dirije l pou \$35 pa semèn; li genyen pwogram sante fizik (egzèsis) BOKS la ladan l.
- Pwogram aprè jounen lekòl la ke paran lekòl Philbrick la dirije, frè a depann de mwayen ekonomik. Epitou, genyen divès aktivite tankou kuison (fè manje), atizay ak atizana, ak leson lang chinwa mandaren pou yon frè anplis, selon mwayen w.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Quincy Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane  
Cynthia Soo Hoo, Direktris  
885 Washington St., Boston 02111  
617-635-8497

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	12.1%
Azyatik	62.5%
Ispanik	8.6%
Blan	11.6%
Lòt	5.1%

Lekòl Josiah Quincy Elementary School ap chèche genyen otarizasyon pou l devni yon Lekòl Mondyal Bakaloreya Entènasyon ("IB World School"). Misyon nou se founi yon pwogram etid solid, pou bay tout elèv mwayen pou yo reyisi. Nou kontinyèlman klase pami premye lekòl piblik nan eta Massachusetts.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen ansèyman nan lang chinwa mandaren pou tout elèv.
- Pisin enteryè (anndan) avèk yon enstriktè natasyon (naje) sètifye pou klas 1ye jiska 4yèm ane.
- Asistan aplentan nan chak sal de klas K2 ak ti klas piti nan nivo klas 1ye ak 2yèm ane yo.
- Kodaj ak pwogram Sena Etidyan selon Modèl Nasyon Zini a, pou klas 4yèm jiska 5yèm ane.
- Pwogram Òkès lekòl Josiah Quincy pou klas jadendanfan K1 jiska 6yèm ane.
- Espas sou do bilding lekòl la pou elèv yo jwe ak espas aprantisaj deyò a.
- Sesyon pou paran yo pale chak semèn pandan yo pran yon ti kafe oswa te.
- Pami enstalasyon nou genyen : bibliyotèk, oditoryòm, ak yon gwo jimnazyòm.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-chinwa,
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Nou fè pati Modèl Sante Konpòtmantal Okonplè distri a, e nou enpleman yo pwogram Entèvanasyon Konpòtmantal ak Sipò Pozitif pou tout lekòl la.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : Genyen divès aktivite gratis twa maten pa semèn ; Klib Mache nan Katye, egzèsis BOKS.
- Aprè jounen skolè la : Gwoup Strong Women, Strong Girls, spò, atizay ak atizana, Legos, kodaj, bann, ak koral.

**Pakou K-12 :** Deziyasyon garanti nan klas 6yèm ane nan lekòl Josiah Quincy Upper School.

## Roosevelt K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Bannet Steele, Direktris  
30 Millstone Rd. (K1- 1); 95 Needham Rd.  
(2-8) , Hyde Park 02136  
617-635-8676

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Pwogrè modere pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	35.6%
Azyatik	4%
Ispanik	38.1%
Blan	14.6%
Lòt	7.6%

Lekòl Franklin D. Roosevelt K-8 School se yon lekòl ki fenk renove (fenk refè) ; li genyen 2 lokal (2 campus). Nou founi yon anviwòmman aprantisaj ki bay elèv nou yo bon swen. Nou valorize endividalite chak timoun, e nou fè efò pou n ekipe chak elèv avèk kapasite pou yo reflechi nan yon fason kritik e kreyatif. Manm pèsonel nou yo sèvi kòm modèl aprantisaj pou lavi, respè pou lòt moun, ak yon sitwayèn responsab ke nou vize enkilke nan chak elèv.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon spesyalis syans anseye klas 2yèm jiska 5yèm ane.
- Sèvis konsèy sou plas.
- Pwogram « Technology Goes Home » (« Teknoloji Vin Lakay ou »).
- Klas 6yèm jiska 8yèm ane : matematik, ELA (gramè/literati angle), syans, etid sosyal, ak edikasyon spòtif oswa sante oswa atizay teyat chak jou.
- Lekòl elemantè : foutbòl, klib wobotik, pwogram teyat dram (klas 2yèm jiska 8yèm ane).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram enklizyon konplè depi jadendanfan K0 (laj 3 an) rive jiska klas 8yèm ane. De (2) pwofesè sal de klas soutni avèk èd yon pwofesè enklizyon ak yon asistan nan chak nivo klas.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen skolè a, 7:30 jiska 8:15 dimaten, pwogram BOKS.
- Aprè jounen skolè a : « Little Voices » ak klib wobotik pou klas jadendanfan K1 jiska klas 5yèm ane, teyat dram pou klas 2yèm jiska 8yèm ane ; klib deba pou klas 6yèm jiska 8yèm ane.
- Spò aprè jounen skolè a : "America SCORES soccer" (foutbòl), klas 3yèm jiska 5yèm ane; spò ki fèt pami lekòl la sèlman ("Intramural") selon sezon (baskètòl, "double-dutch" [sote kòd avèk 2 kòd], volebòl, kous "cross-country"), klas 6yèm jiska 8yèm ane.

## Russell Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane  
Derrick Ciesla, Direktè  
750 Columbia Rd., Dorchester 02125  
617-635-8803

Lekòl Russell School la mete anfas sou :

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo  
**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	27.7%
Azyatik	8.2%
Ispanik	57.3%
Blan	2.7%
Lòt	4.1%

1. Rigè Akademik (Academic Rigor)
2. Sipò Elèv
3. Angajman Kominotè

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram sante ak byenèt.
- Pwomnad nan divès lokal tankou : « Hale Reservation » (yon rezèv), zile « Harbor Islands », mize « Museum of Science », pwopriyete « Wakefield Estate », plantasyon « Plymouth Plantation », ak akwaryòm « the Aquarium ».
- Edikasyon spòtif, syans, atizay, bibliyotèk, ak mizik.
- Sware jwèt matematik pou fè paran yo patisipe avèk matematik.
- Teknoloji tankou : tablo blan entèaktif pou sal de klas yo, iPad, òdinatè, ak divès kamera « Flip Camera ».
- Konsèy byenèt elèv, "10 Boys Initiative" ("Inisyativ 10 Ti Gason"), ak "Junior Coaches Pwogram" ("Pwogram Antrenè Jinyò").
- Lakou rekreyasyon dènye kri, ansanm ak klas deyò ak yon jaden kominotè.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pou reponn pi byen a bezwen elèv nou yo, nou diferansye, nan fason nou ofri elèv nou yo aprantisaj pèsonele e endividalize.

### Pwogram aprè jounen skolè a :

- Aprè jounen skolè a : Pwogram "Girls LEAP" ki ekipe elèv klas 4-5 yo ; kous/atletis "Russell Runs" pou klas Jadendanfan jiska klas 5yèm ane ; wobotik pou klas 3-5 ; "Girls in Science" ("Ti fi nan Syans") pou ti fi ki nan klas 4-5; fòmasyon "Tech Goes Home" ("Teknoloji A Vin Lakay Ou") pou fanmi ki montre yo ki jan pou yo sèvi avèk teknoloji pou edikasyon yo ; pwogram anplis "BOKS" ak "Bird Street" founi.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## P.A. Shaw Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 3yèm ane  
Ashley Davis, Direktris  
429 Norfolk St., Dorchester 02124  
617-635-8777

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Pwogrè Limite osinon pa genyen pwogrè pou atenn objektif yo

**SQF Tier:** Done Yo Pa Sifi

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	68.5%
Azyatik	0.6%
Ispanik	26.5%
Blan	1.2%
Lòt	3.1%

Nou menm nan lekòl P.A. Shaw kwè pou n edike elèv la nan tout aspè. Nou met aksan sou founisman bonjan kalite ansèyman nan domèn kontni fondamantal nou yo nan matyè lekti, ekri, matematik, ak syans.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram Vizit Lakay.
- Sal de klas jadendanfan K0/K1 ki baze sou yon plas santral nan klas la kote gen divès aktivite.
- Pwogram « Raising a Reader » (« Devlope yon Lekètè ») nan klas jadenfan K1.
- Tan Aprantisaj Pwolonje : konsantrasyon sou aprantisaj sosyal emosyonèl.
- Divès klas spesyalis : bibliyotèk, mizik, edikasyon spòtif, ak atizay.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas Jadendanfan K0/K1 ki baze sou sant aktivite pou elèv andikapè.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen skolè a, apati 7:15 jiska 9:15 dimaten, nan YMCA Dorchester a.
- Aprè jounen lekòl la 3:30 jiska 6:00 nan laprèmidi nan lekòl Shaw a, ke YMCA Dorchester a founi tou.

**Pakou K-8 :** Deziyasyon garanti nan klas 4yèm ane nan lekòl Mildred Avenue School.

## Sumner Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Meghan Welch, Direktris  
15 Basile St., Roslindale 02131  
617-635-8131

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Atenn oswa depase objektif yo

**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	16.7%
Azyatik	1.2%
Ispanik	56.7%
Blan	20.3%
Lòt	5.1%

Lekòl Sumner detèmine pou l devlope e nourri talan ak konpetans chak elèv nan yon anviwòman ki an sekirite e ki akademikman solid. Tout elèv etidye atizay vizyèl, teyat, mizik, teknoloji, epi nan klas nivo ki pi avanse yo: yo patisipe nan kodaj ak wobotik. Elèv klas 4yèm ak 5yèm ane nou yo konplete yon pwojè endepandan egzijan (« Capstone ») an prentan pou pwopoze divès solisyon pou pwoblèm sila yo ki prezante yon defi swa devan kominote a oswa devan mond lan.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se yon lekòl Ekselans pou Tout Moun (« Excellence for All »): genyen divès pwojè endepandan egzijan ak fòmasyon pou pwofesè.
- Nou genyen syans, edikasyon spòtif, òdinatè, teyat, kodaj, ak wobotik.
- Ekip Sipò Elèv pou bay tout moun k ap aprann sipò.
- Pwogram avan ak aprè jounen lekòl la : Klib Anndan lekòl Sumner ak Klib "Boys and Girls".
- Kominote divès.
- Divès evènman pou fanmi, sot nan rasanbleman rive nan atelye akademik.
- Yon nouvo lakou rekreyasyon 1\$ milyon.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas Edikasyon Espesyal, klas 1ye jiska 5yèm ane.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen lekòl la : divès aktivite alfabetizasyon ak matematik pou klas jadendanfan K1 jiska 5yèm ane ; frè a depann sou mwayen ekonomik patisipan an epitou genyen èd finansye disponib.
- Aprè jounen skolè a : ke klib « Boys and Girls Clubs of Boston » founi pou klas 1ye jiska 5yèm ane ; pwogram jadendanfan K1 ak K2 ki konsantrè sou sipò akademik, aktivite anrichisman, ak rekreyasyon.

## Taylor Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Jennifer Marks, Direktris  
1060 Morton St., Mattapan 02126  
617-635-8731

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo

**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	74.9%
Azyatik	0.6%
Ispanik	19.9%
Blan	1.8%
Lòt	2.7%

Lekòl Charles H. Taylor School founi aksè ak opòtinite bay tout elèv, pou yo kapab aprann nan yon anviwòman ki anbrase e respekte tout kilt. Ekip nou an travay di pou kreye yon kominote skolè ki ranpli ak kè kontan, kote elèv ak fanmi kapab santi yo akeyi. Nou kwè pou n mentni atant siperyè e founi divès sipò nivo siperyè pou asire ke tout elèv atenn tout potansyèl yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou met aksan sou alfabetizasyon, matematik, syans, teknoloji, ak edikasyon spòtif.
- Teyat, ansèyman lang franse, ak konsèy etidyan (nan klas siperyè yo).
- Pwogram aprantisaj sosyal e emosyonèl « Open Circle » (sèk ouvè).
- Ansèyman lang japonè pou elèv Klas Travay Avanse.
- Sipèvizyon pou devwa aprè jounen skolè a.
- Manm pèsònèl ki divès nan etnisite yo

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI- kreyòl ayisyen
- SLIFE- kreyòl ayisyen
- SLIFE-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Seksyon edikasyon espesyal pou elèv ki gen andikap entèlektyèl modere.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : 7:00 jiska 9:00 dimaten, pwogram pou lesan patikilyè ak anrichisman pou 40\$ pa semèn ; pwogram egzèsis BOKS, 5 jou pa semèn.
- Aprè jounen skolè la : 3:30-5:45 nan laprèmidi, pwogram anrichisman, devwa, ak lesan patikilyè, 65\$ pa semèn.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Tobin K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Natasha Halfkenny, Direktris  
40 Smith St., Mission Hill, Roxbury 02120  
617-635-8393

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	28.9%
Azyatik	1.7%
Ispanik	62.3%
Blan	4.9%
Lòt	2.2%

Misyon nou se mete sou pye yon pwogram akademik ki genyen opòtinite pou ekspresyon atistik ak tant ki klè nan yon anvwonman ki an sekirite, ki pran swen elèv yo, ki respektive, e ki enspire elèv yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Yon laboratwa òdinatè dènye kri ak uit charyo òdinatè Chromebook pou klas 3yèm jiska 8yèm ane.
- Genyen yon anfas sou atizay.
- Divès opòtinite mizik ak dans.
- Travay ete nan lekòl Brigham and Women's Hospital pou elèv klas 8yèm ane k ap diplome.
- Makèt pwovizyon gratis disponib pou tout fanmi lekòl Tobin yo.
- Konsèy Paran ak Konsèy Skolè Lokal aktif.
- «Tutors for All» («Leson Patikilye pou Tout Moun»), yon pwogram leson patikilye 1 a 1 pou elèv klas 7yèm ak 8yèm ane.
- Genyen manm pèsònèl ki te ganyè prim «Meyè Edikasyon Boston pou Ane a» («Boston Educator of the Year »).
- Elèv ki nan klas 5yèm jiska 8yèm ane yo patisipe nan laboratwa syans atravè yon patenarya ke lekòl la genyen avèk lopital «Brigham and Women's Hospital».

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan ak aprè jounen lekòl la : Boston's Bridge to Excellence («Pon Boston ki Mennen nan Chemen Ekselans») pou klas jadendanfan K2 jiska klas 2yèm ane, 8:00 jiska 9:30 dimaten ak 4:10 jiska 5:30 nan laprèmidi.
- Aprè jounen skolè a : manm pèsònèl yo mache avèk elèv klas 1ye jiska 5yèm ane yo toupre a pou yo al nan sant kominotè «Tobin Community Center» a, 4:10 jiska 5:30 nan laprèmidi (frè a depann de mwayen ekonomik patisipan an).

## Trotter K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Sarita Thomas, Direktris  
135 Humboldt Ave., Dorchester 02121  
617-635-8225

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	54.5%
Azyatik	1.3%
Ispanik	38.4%
Blan	1.1%
Lòt	4.8%

Lekòl Trotter School prepare elèv yo pou yo reyisi nan afè lekòl yo avèk ed bonjan kalite ansèyman nan sal de klas yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Inivèsite Boston University founi leson patikilye ak konsèy.
- Genyen yon bèl bibliyotèk tou nèf, byen ekipe, ke Target founi.
- Genyen sal de klas eksteryè (deyò) pou syans, matematik, ak aktivite ekri.
- Pwogram «Tech Goes Home» («Teknoloji Vin Lakay Ou») nan nouvo laboratwa òdinatè nou an : paran yo ak elèv yo pran kou òdinatè ansanm e yo kapab achte yon òdinatè bon mache.
- Pwogram avan ak aprè jounen skolè a- leson patikilye pou afè lekòl, spò ak anrichisman atravè divès klüb, divès pwogram konsèy.
- Pwogram «10 Girls Initiative», «PlayWorks», «America Scores Boston» (foubòl), «Cub Scouts» (eskout).
- «Boston Bike Program» («Pwogram Bekàn Boston»), «Dance with Books» («Danse ak Liv»), Big Sisters collaboration with BLA («Kolaborasyon Gran Sè avèk BLS»), Strong Women (Fanm Vayan), Strong «Girls Collaboration with Simmons College» (Kolaborasyon Ti Fi Vayan avèk inivèsite Simmons College).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram aprè jounen skolè a :

- Ke «Imajine» dirije, apati 2:00 jiska 6:00 diswa : Ed pou dewwa, leson patikilye, spò ak anrichisman atravè divès klüb, tankou : dans, chapant bwa, ak baskètbòl (gen yon frè pou peye).
- Plizyè pwogram gratis, tankou : «City Year», leson patikilye, «Big Sisters» («Gran Sè»). Sa yo pa pwopis pou fanmi ki bezwen swen/gadri konstan pou pitit yo aprè jounen skolè a.

## Tynan Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane  
Leslie Gant, Direktris  
650 East 4th St., South Boston 02127  
617-635-8641

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou atenn objektif yo  
**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	40.6%
Azyatik	6.4%
Ispanik	26.9%
Blan	20.5%
Lòt	5.6%

N ap prepare elèv nou yo pou yo reyisi nan aspè akademik e sosyal. Nou travay avèk dilijans pou n ede elèv yo devni sitwayen global ki kapab li e ekri, avèk itilizasyon enfòmasyon ki baze sou domèn kontni. Nou detèmine pou n selebre don chak timoun pote nan kominote nou an. Kapasite pou tout elèv nou yo ekri se yon aspè kle pou reyisit yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen peryòd entèvansyon chak jou ki genyen ladan l : yoga, divès sant pou lang, ansanm ak sipò pou matematik ak ELA (gramè/literati angle).
- «Mass. Water Resources Authority» («Otorite Resous Dlo Massachusetts», MWRA).
- Yon pwogram òkès enstriman akòd pou elèv klas 3yèm jiska 5yèm ane.
- Kou òdinatè «Technology Goes Home» («Teknoloji a Vin Lakay Ou») pou fanmi.
- Konseye elèv ki nan klas jadendanfan K jiska klas 3yèm ane.
- Pwofesè Spesyalis nan Syans ak Pwofesè Syans, Teknoloji, Enjenyeri ak Matematik (STEM).
- Yon popilasyon lekòl ki kiltirèlman divès.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.
- Pwogram Edikasyon Espesyal :
- Seksyon ki baze sou ABA (Analis Konpòtman Aplike), klas K0 jiska 5yèm ane.
- Nou ankrouaje divès opòtinite enklisif pandan klas kontni ak klas spesyalite yo, ansanm ak manje midi ak rekreyasyon pou tout elèv.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : Pwogram egzèsis BOKS ke konpayi Reebok apiye.
- Aprè jounen skolè la : Sant kominotè «Tynan Community Center» ; bis pou elèv yo al nan Neighborhood House ak klüb «South Boston Boys & Girls Club la».

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Mario Umana Academy

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Christina Michel, Direktris  
312 Border St., East Boston 02128  
617-635-8481

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 2

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	1.7%
Azyatik	2%
Ispanik	88.8%
Blan	6.6%
Lòt	0.9%

Vizyon lekòl Mario Umana Academy se pou pran swen e ekipe tout elèv pou yo kapab rezòne nan yon fason kritik, atenn ekselans nan afè lekòl, kontribye antanke sitwayen mondyal, epi reyisi nan yon mond ki divès parapò a kilti ak lang. Tan Aprantisaj Pwolonje founi tan anplis pou sipò ak anrichisman akademik.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Selebrasyon siksè akademik, sosyal, e konpòtmantal nan fen chak trimès (fen chak peryòd nòt).
- Entwodui Pwogram pilòt « EcoRise » la ki pèmèt elèv yo jwe yon wòl aktif nan divès pwoblèm entèaktif nan kominote yo.
- Anseyman mizik enstrimantal ak mizik okès enteresan, an patenarya avèk « ZUMIX ».
- Nou genyen lakou lekòl ak sal de klas eksteryè (deyò).
- Nou se yon Lekòl Doub Lang (angle/espayòl).
- Ou kapab aprann plis sou sa, sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/umana](http://www.bostonpublicschools.org/umana)

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- Pwogram Doub Lang espayòl.
- SEI-espayòl.
- SLIFE-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram pou elèv ki genyen andikap entèlektyèl, klas jadendanfan K2 jiska klas 8yèm ane.

### Pwogram aprè jounen skolè a :

- Foutbòl ak Powezi pandan sezon otòn ak sezon prentan an (America SCORES) ; baskètbòl ak oki « hockey » coed (toude sèks yo jwe ansanm) pandan sezon ivè a ; klib syans/enjenyeri ak spò ; klib anviwònmanal.

## UP Academy Charter School of Boston

Klas 6yèm jiska 8yèm ane  
James Frier, Direktris  
215 Dorchester St., South Boston 02127  
617-635-8819

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	44.7%
Azyatik	3.2%
Ispanik	47.9%
Blan	2.9%
Lòt	1.5%

Lekòl nou an met aksan sou kreyasyon divès anviwònman striktire, ki gen rigè ak sipò, kote tout elèv kapab evolye.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen yon pwogram etid ak anseyman ki gen rigè, ki baze sou standa, ki met aksan sou matematik ak lekti.
- Divès atant akademik e konpòtmantal siperyè san relach, konstan, pou tout pati enterese, pami yo : elèv, fanmi, ak manm pèsònèl.
- Divès liy kominikasyon ouvè ant lekòl la ak fanmi yo ; chak semèn nou voye divès rapò sou pwogrè ak rannman elèv yo lakay yo.
- Pwogram anrichisman lè vandredi pou tout elèv.
- Preparasyon pou egzamen SAT pou elèv ki nan klas 8yèm ane.
- Jesyonè Chwa Lekòl Segondè Aplantan.
- Klas atizay, mizik, egzèsis

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Genyen yon rezo sipò akademik ak divès lòt sipò an plas pou tout elèv, ki enkli : Elèv k ap Aprann Angle yo ak elèv ki gen andikap yo.

### Pwogram aprè jounen skolè a :

- Jounen skolè pwolonje, lendi jiska jedi ; pwogram aprè jounen skolè a fonksyone lendi jiska jedi jiska 3:30 ak vandredi jiska 1:00.

### Admisyon espesyal :

- Enskripsyon an baze sou lotri, konsilte sit entènèt nou an : [www.upacademyboston.org](http://www.upacademyboston.org).

## UP Academy Charter School of Dorchester

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Ariella Silverstein-Tapp, Direktris  
35 Westville St., Dorchester 02124  
617-752-2788

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò  
Konsantre/Sible  
**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	55.2%
Azyatik	0.3%
Ispanik	40.9%
Blan	1.2%
Lòt	2.5%

Lekòl UP Academy Dorchester vize pou l asire ke tout elèv genyen konesans, abilite, ak karaktè solid nesese pou yo reyisi sou wout yo pou inivèsite (kolèj) epi pou yo atenn tout potansyèl yo.

Pwogram lekòl nou an baze sou modèl lekòl piblik lavil sila yo ki bay pi bon rannman oz Eta Zini.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Pwogram etid ak anseyman ki gen rigè, ki baze sou standa, ki met aksan sou alfabetizasyon ak matematik.
- Yon kilti divès atant akademik e konpòtmantal siperyè pou elèv, fanmi, ak manm pèsònèl.
- Sipò an patikilye ak sipò an ti gwoup pandan jounen skolè a.
- Divès liy kominikasyon ouvè ant lekòl la ak fanmi yo : chak semèn genyen divès rapò sou pwogrè ak rannman elèv yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Divès sipò okonplè pou tout elèv, pami yo : elèv Edikasyon Espesyal ak Elèv k ap Aprann Angle.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : Nou sèvi manje maten chak jou apati 7:15 jiska 7:45 dimaten.
- Aprè jounen skolè la : Pwogram pou klas jadendanfan K1 jiska klas 4yèm ane (« Imagine That ») chak jou, jiska 6:00 diswa.
- Admisyon espesyal :
- Enskripsyon an baze sou lotri, konsilte sit entènèt nou an : [www.upacademydorchester.org](http://www.upacademydorchester.org).

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## UP Academy Holland

Jadendanfan K jiska klas 5yèm ane  
Victoria Thompson, Direktris  
85 Olney St., Dorchester 02121  
617-635-8832

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè**  
**SQF Tier: 3**

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	47.3%
Azyatik	3.3%
Ispanik	44.7%
Blan	1.3%
Lòt	3.4%

Lekòl UP Academy Holland la vize pou l asire tout elèv genyen konesans, abilte, ak karaktè solid nesese pou yo reyisi sou wout yo pou inivèsite (kolèj) epi pou yo atenn tout potansyèl yo. Slogan nou se « Pasyon ak Objektif » ("Passion + Purpose").

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Sèman kotidyen : travay di pou vin pi entèlijan.
- Kowòdinatè kominotè fanmi.
- Pami enstalasyon yo, genyen yon pisin menm gwosè ak pisin olenmpik yo, yon jimnazyòm konplè, plizyè lakou rekreyasyon.
- Pwogram bèl atizay : atizay ak « Boston Ballet ».
- De (2) laboratwa teknoloji.
- Pwogram konseye « Diamond Educators » (Edikasyon Dyaman) lè samdi.
- Yon pwogram terapi nan lekòl la ak yon travayè sosyal apentan.
- Kou « Tech Goes Home » (« Teknoloji Vin Lakay Ou »).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Yon gran seri klas edikasyon espesyal ak pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle.
- Pwogram aprè jounen skolè a :
- City Year, lendi jiska jedi ; sant kominotè Holland Community Center, lendi jiska vandredi.

### Pakou K-8 (jadendanfan K jiska klas 8yèm ane) :

Elèv yo gen deziyasyon garanti pou y al nan klas 8yèm ane nan lekòl Frederick Middle School.

## Warren/Prescott K-8 School

Jadendanfan K jiska klas 8yèm ane  
Michele Davis, Direktris  
50 School St., Charlestown 02129  
617-635-8346

Nan lekòl Warren Prescott, nou pran swen

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Atenn oswa depase objektif yo**  
**SQF Tier: 1**

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	12.4%
Azyatik	3.6%
Ispanik	21.5%
Blan	57.3%
Lòt	5.1%

bezwen tout elèv yo nan fason nou founi sipò nan ansèyman pou elèv ki bezwen sa ak kèk travay anplis pou elèv avanse yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou se yon Lekòl Aprantisaj Pwolonje pou klas jadendanfan K1 jiska 8yèm ane.
- Nou genyen pwofesè spesyal pou atizay, mizik, edikasyon spòtif, syans, ak espayòl.
- Divès ajans kominotè lokal bay leson patikilye.
- Pwogram « Big Brother » (Gran Frè) ak pwogram « Big Sister » (Gran Sè).
- Yon pwogram rekreyasyon ki ankouraje aktivite sekirite, pozitif, e amizan pou tout elèv.
- « Power Lunch ».
- Pwodiksyon koral, mizikal, ak pwodiksyon teyat.
- Pwogram « Another Mathematics Path » (Yon Lòt Pakou Matematik) ak pwogram « Math Rules » (Matematik Domine).
- Ansèyman « Differentiated Math Path » (Pakou Matematik Diferansye) pou soutni tout elèv.
- Pwogram egzèsis yo enkli BOKS, siklis (woule bisiklèt), yoga, ak foutbòl.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Sal de klas edikasyon espesyal ki gen seksyon ABA (Analiz Konpòtmantal Aplike).

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : "BOKS Fitness" ki met anfas sou bon abitud sante, nitrisyon, ak egzèsis
- Pwogram aprè jounen skolè a :
- Divès pwogram gratis, ak pwogram ki mande peman frè, pou tout nivo klas.

## West Zone Early Learning Center

Jadendanfan K0 jiska klas 1ye ane  
Stacia LeMond, Direktris  
200 Heath St., Jamaica Plain 02130  
617-635-8275

Objektif nou se kreye divès opòtinite aprantisaj ki

**Evalyasyon Kontrandi Eta a: Done Yo Pa Sifi**  
**SQF Tier: Done Yo Pa Sifi**

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	28.6%
Azyatik	8.2%
Ispanik	42.9%
Blan	14.3%
Lòt	6.1%

va ogmante langaj ekri e oral elèv yo, ki va rann yo kapab prepare pou inivèsite (college) ak karyè yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen pwofesè Syans Anviwònman ak yon pwogram etid ki aliyen avèk STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik) avèk divès pwogram pou fanmi yo angaje yo nan aprantisaj piti yo.
- Spesyalis Entèvansyon/ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) ki founi ansèyman an ti gwoup selon chak bezwen patikilye.
- Ansèyman Mizik pwofesyonèl apentan, ki enkli itilizasyon enstriman.
- Anpil pwomnad deyò.
- Syans, mizik ak dans, edikasyon spòtif, ak atizay teyat dram kreyatif.
- « Surround care » (gadri/swen avan ak aprè lekòl) ki enkli natasyon (naje), koral, ak tenis, ak vizit nan bibliyotèk Connolly Branch Library a.
- Pwofesè ki resevwa fòmasyon nan « Reading Recovery » (Ratrapaj Lekti), « Leveled Literacy » (Alfabetizasyon Nivle), « Open Circle » (Sèk Ouvè), « Project Read » (Pwojè Lekti), CPI, « First Aid/CPR Lead » (Premye Swen/Masaj Kadyak ak Bouch-a-Bouch Prensipal).
- Tout pwofesè genyen plizyè sètifika (sètifikasyon).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Sal de klas Edikasyon Timoun Piti entegre
- Elèv ki nan edikasyon jeneral ak edikasyon espesyal aprann ansanm

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl : 7:30 manje maten (dejene), epi apresya aktivite nan sant aktivite yo ak tan an ti gwoup.
- Aprè jounen skolè la : Aktivite siplemantè gratis jiska 4:35 nan aprè midi, ki genyen ladan l aktivite anrichman, tankou natasyon (naje), yoga, tenis, syans, ak pwomnad nan bibliyotèk lokal la ak kèk resous kominotè.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# K-8 BPS: Pwofil Lekòl Yo

## Winship Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane)

Brian Radley, Direktè

54 Dighton St., Brighton 02135

617-635-8399

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Lekòl Renome :

Kwasans Elve

**SQF Tier:** 1

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	14.1%
Azyatik	15.4%
Ispanik	37.4%
Blan	25.6%
Lòt	7.4%

Misyon nou se founi elèv yo ak eksperyans edikasyonèl ak anrichisman djanm atravè STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Atizay ak Matematik). Nou detèmine pou n selebre divèsite kominote nou an dekwa pou n kapab nourri devlopman elèv yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen yon pwogram lekli ak matematik solid pou reponn a bezwen patikilye chak elèv.
- Divès sèvis konsèy sou plas ke lopital « Franciscan Hospital for Children » founi.
- Apui solid pou elèv k ap aprann yon dezyèm lang ak pou fanmi yo (« Project Alerta », klas ESL [Angle kòm yon Dezyèm Lang] pou paran yo).
- Moun k ap bay leson patikilye ki ede pwofesè yo ak elèv yo, an patikilye e an ti gwoup.
- Nouvo bibliyotèk/nouvo sant medya
- Sipò entèvasyon pou elèv ki gen difikilte.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Klas Edikasyon Timoun Piti Jadendanfan KO/K1.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan jounen skolè a: apati 7:30 dimaten. Se YMCA a ki founi pwogram nan pou timoun laj 4 an e pi gran (genyen kèk bous ki disponib); pwogram sante fizik/egzèsis BOKS ("Build Our Kids' Success"; ki vle di: Bati sou Sikse Timoun Nou yo)
- Après jounen skolè a : Aprè lekòl: pwogram YMCA a dirije jiska 6:00 diswa; "Playworks"; pwogram "Project ALERTA" pou Elèv k ap Aprann Anglè; "BU Making Music" ("Fè Mizik inivèsite Boston University"); Girl Scouts ("Eskout Ti Fi"); Strong Women ("Fanm Vanyan"), Strong Girls ("Ti Fi Vanyan").

## Winthrop Elementary School

Jadendanfan K jiska klas 6yèm ane

Leah Blake McKetty, Direktris

35 Brookford St., Dorchester 02125

617-635-8379

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ase pwogrè pou

atenn objektif yo

**SQF Tier:** 3

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	54.5%
Azyatik	0.9%
Ispanik	39%
Blan	2.2%
Lòt	3.4%

Lekòl Winthrop Elementary School se yon ti lekòl elemantè. Nou fè efò pou n genyen rapò pozitif ant lakay ak lekòl avèk chak grenn fanmi lekòl Winthrop e pou nou gen manm pèsònèl ki detèmine pou yo wè reyisite elèv nou yo. Fanmi nou yo se patnè nou, e ansanm nou kapab asire ke chak elèv byen prepare pou lavni a aprè tan yo fin fè nan lekòl Winthrop School.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen pwogram etid Konpetans Sosyal : « Open Circle ».
- Patenarya solid avèk inivèsite Boston College epi nou fè pati pwogram STEP UP 5-inivèsite a (5-kolèj la).
- Divès patenarya enkwayab.
- Genyen plizyè aktivite pou angaje paran yo, pami yo : Sware Pwogram Etid, weekend pwomnad an fanmi, bilten nouèl pou chak sal de klas ak pou tout lekòl la, jwèt matematik elèv yo kapab pote lakay yo, ak leson sou videyo elèv yo kapab pote lakay yo.
- Yon konseye a tan pasyèl ki travay avèk divès moun ak divès ti gwoup elèv.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :

- Avan lekòl apati 7:15 jiska 8:10 dimaten chakjou : pwogram avèk YMCA ki koute yon ti frè.
- Après lekòl la jiska 6:00 diswa : chak jou : pwogram ke YMCA dirije, ki ofri èd pou devwa ak divès aktivite anrichisman (frè yo depann de mwayen ekonomik yon patisipan an, nou asepte « voucher »); pwogram « City Year » aprè lekòl ; « Starfish » ; divès klib anrichisman, pami yo : atizay masyal, dans, atizay, ak syans.

## Young Achievers Science & Mathematics K-8 School

Jadendanfan K0 jiska klas 8yèm ane

T'Sheba Martin, Direktris

20 Outlook Rd., Mattapan 02126

617-635-6804

**Evalyasyon Kontrandi Eta a:** Ki bezwen Sipò

Konsantre/Sible

**SQF Tier:** 4

Enskripsyon 2020-21 Pa Ras/Etnisite	
Ameriken Nwa	47.3%
Azyatik	0.4%
Ispanik	48.9%
Blan	0.7%
Lòt	2.7%

Konsantrasyon espesyal lekòl nou an met aksan sou syans ak matematik. Nou fè efò pou n realize divès opòtinite aprantisaj, nan fason nou byen itilize resous ak patnè kominote nou yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal :

- Nou genyen 7½ èdtan jounen pwolonje pou tout elèv.
- Ti klas piti ki genyen 20 jiska 22 elèv, ki genyen 1 a 2 adilt.
- Yon kowòdinatè sansabilizasyon fanmi e kominote ki fasilite patisipasyon fanmi yo.
- Inisyativ byenèt aktif.
- Vizit lakay chak fanmi elèv jadendanfan ak elèv klas 1ye ane.
- Èd pou devwa ak sipò leson patikilye.
- « Acceleration Academy » (Akademi Akselerasyon) pandan vakans fevriye (ELA: gramè/literati angle) ak vakans avril (Matematik).
- Mizik, atizay, edikasyon spòtif, jwèt echèk, atizay masyal, ak dans.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle :

- SEI-espayòl.
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Antanke yon pwogram akademik enklisyon konplè, nou founi divès sèvis nesèsè pou reponn a bezwen IEP elèv yo.
- Pwogram avan ak aprè jounen skolè a :
- Avan lekòl apati 7:00 jiska 8:00 dimaten : pwogram anrichisman ke manm pèsònèl Aprantisaj Pwolonje ak Pwogram Anrichisman nou an dirije.
- Après lekòl 4:30 jiska 6:00 nan laprèmidi, avèk pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, ak Matematik), leson patikilye, ak èd avèk devwa. Frè yo ap depann de mwayen ekonomik patisipan yo epi nou asepte « voucher » (bon gadri/swen pou timoun).

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè yo nan yon Koudèy

## Tab Konprann Lekòl yo nan yon Koudèy la

**Paj** Tounen nan paj sa a pou plis enfòmasyon sou lekòl la

### Aplikasyon Espesyal:

**Wi** Verifye ak lekòl la sou aplikasyon espesyal w ap bezwen pou w soumèt pou admisyon.

**Nonn** Lekòl la pa genyen yon aplikasyon espesyal pou admisyon

### Pwogram Elèv k ap Aprann Anglè Yo

Elèv k ap Aprann Anglè yo ki enskri nan tout Lekòl Piblik Boston yo genyen dwa pou yo resevwa sèvis ESL yo (ESL se: Anglè Kòm Dezyèm Lang) ak ansèyman "eleman pwoteje" yo.

**SEI:** Enstriksyon Pwoteje ann Anglè

**SLIFE:** Fòmasyon Lengwistik avèk Anpil Entansite

**DL:** Lang Doub

**C:** Chinwa

**K:** Kap Vèdeyen

**M:** Plizyè Lang

**H:** Kreyòl Ayisyen

**S:** Espayòl (Panyòl)

**V:** Vyetnamyen

### Pwogram Edikasyon Espesyal

**ABA**

Analiz Konpatman Aplike

**EI**

Defisyans Emosyonèl

**EI-INT**

Defisyans Emosyonèl-Asimile

**INC**

Enklizyon pou Nivo Bezwen ki Wo

**LD**

Andikap Aprantisaj

**MD**

Plizyè Andikap

**Mild-II**

Defisyans Entèlekyèl Lejè

**Mod-II**

Defisyans Entèlekyèl Modere

**Sev-II**

Defisyans Entèlekyèl Sevè

**PI**

Defisyans Fizik


Li sèvi tout elèv ki te jwenn admisyon pa mwayen lotri a osinon pa mwayen pwosisè admisyon espesyal

## PWOFIL LEKÒL SEGONDÈ YO

Pou chak pwofil lekòl segondè, nan paj 47 a 76, nou gen ladan graf ki montre detay sou, Enskripsyon ak Prezans; MCAS 2019 rezilta nan literati gramma ak anglè, matematik, ak syans; Lekòl Segondè gradyasyon rezilta yo; Siksè Inivèsite; ak Nivo Depistaj Leta yo. **Li plis sou Revizyon Kontablite nan paj 13.**

➔ Tanpri note ke akòz viris COVID-19 la, distri a, oswa eta a, pa t mete plizyè nan pwen done nou rapòte yo ajou.

➔ Pou enfòmasyon ki pi ajou sou chwa lekòl ou yo, tanpri konsilte [www.DiscoverBPS.org](http://www.DiscoverBPS.org) oswa rele nenpòt Sant Dakèy, nan lis sou paj 3 a.



# Lekòl Segondè yo nan yon Koudèy

LEKÒL	PAJ	KLAS POU 2022-2023	APLIKASYON ESPESYAL	ENSKRIPSYON 2020-2021	DESKRIPSYON	PWOGRAM SEI	PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL
Another Course to College (ACC)	47	9-12	Non	237	Ti lekòl pilòt		INC, EI
Boston Adult Technical Academy	48	19 a 22 an	Wi	120	Pwogram diplòm lekòl segondè altènatif	SEI-M	ALT ED
Boston Arts Academy	66	9-12	Wi	490	Lekòl pilòt; anfas sou atizay vizyèl ak atizay spektak		+
Boston Community Leadership Academy/McCormack	49	7-12	Non	681	Lekòl pilòt ki mete anfas sou lidèchip kominotè	SEI-M	INC (EI-INT), ABA
Boston Day and Evening Academy	67	9-12	Wi	390	Lekòl charter "Horace Mann" pou elèv ki depase laj lekòl		+
Boston Green Academy	68	6-12	Wi	490	Lekòl charter "Horace Mann" ki met yon anfas sou anviwònman an ("vèt")		+
Boston International Newcomers Academy	50	9-12	Non→	441	Pou elèv Anglè yo limite epi yo genyen twazan edikasyon oz Etazani oswa mwens pase sa	SEI-M	
Boston Latin Academy	69	7-12	Wi	1,685	Lekòl konkou antre		INC (EI-INT)
Boston Latin School	70	7-12	Wi	2,414	Lekòl konkou antre		INC (EI-INT)
Brighton High School	51	9-12	Non	373	Lekòl segondè ki prepare elèv yo pou Gwo Kolèj (inivèsite) ak pou karyè yo	SEI-S, SEI-M	MILD-II, MOD-II, EI, LD
Burke High School	52	9-12	Non	351	Lekòl segondè okonplè ki prepare elèv yo pou Kolèj (inivèsite)	SEI-K	INC, ABA
Charlestown High School	53	7-12	Non	842	Lekòl segondè ki prepare elèv yo pou kolèj (inivèsite) ak pou karyè yo	SEI-C, SEI-S, SLIFE-S	MILD-II, MOD-II, LD, MD, ABA
Community Academy	54	9-12	Wi	36	Lekòl segondè altènatif		EI
Community Academy of Science and Health	55	9-12	Non	344	Ti lekòl piti ki prepare elèv pou kolèj (inivèsite) ak karyè yo nan domèn syans ak sante	SEI-H	MILD-II, MOD-II, LD, ABA
Dearborn STEM Academy	56	6-12	Non	589	Lekòl mwayèn ak segondè STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik)	SEI-K, SLIFE-K	INC
East Boston High School	57	7-12	Non	1,133	Gwo lekòl segondè ki prepare elèv yo pou kolèj (inivèsite) ak karyè yo	SEI-S, SLIFE-S	MILD-II, MOD-II, LD, EI-INT
The English High School	58	7-12	Non	537	Lekòl segondè okonplè ki prepare elèv yo pou kolèj (inivèsite)	SEI-S	MD, PI, EI-INT, INC (EI-INT)
Excel High School	59	9-12	Non	446	Lekòl ki prepare elèv yo pou kolèj (inivèsite) avèk yon anfas sou syans, teknoloji, enjenyè/jeni, matematik, atizay	SEI-V	MILD-II, EI, LD
Fenway High School	71	9-12	Wi	389	Lekòl pilòt	SEI-S	LD, ABA
Greater Egleston High School	72	17 a 22 an	Wi	85	Lekòl pilòt pou elèv ki depase laj		ALT ED
Henderson K-12 Inclusion School	60	K-12	Non	936	Elèv lekòl Henderson Lower School genyen admisyon garanti		INC
Kennedy Academy for Health Careers	73	9-12	Wi	395	Lekòl charter "Horace Mann" mete anfas sou pwofesyon ki anrapò ak sante		+
Lyon Pilot High School	61	9-12	Non	133	Lekòl pilòt enklizyon konplè; *Elèv Lyons K-8 yo genyen admisyon garanti		INC (EI)
Madison Park Technical Vocational High School	74	9-12	Non→	1,165	Klasifikasyon sou fòm chwa yo pou Klas 9yèm ak 10yèm Ane yo; →Elèv klas 11yèm ak 12yèm ane yo gen egzijans pou fè yon entèvyou nan lekòl la	SEI-M, SLIFE-M	+
Margarita Muñiz Academy	62	9-12	Non	324	Lekòl Inovasyon; doub-lang	DL-S	
New Mission High School	75	7-12	Wi	551	Lekòl pilòt	SEI-M	LD
O'Bryant School of Math and Science	76	7-12	Wi	1,549	Lekòl konkou antre; anfas sou matematik ak syans		INC (EI-INT)
Quincy Upper School	63	6-12	Non	559	Lekòl Quincy Elementary School, admisyon garanti	SEI-M	LD, MOD-II, INC (EI-INT)
Snowden International School at Copley	64	9-12	Non	489	Etid lang entènasyonal e mondyal		LD, EI-INT
TechBoston Academy	65	6-12	Non	896	Lekòl pilòt ki prepare elèv yo pou kolèj (inivèsite) epi ki genyen teknoloji	SEI-H, SLIFE-H	INC

Kòm pati plan Build BPS la, konfigirasyon klas yo (aranjman nivo klas yo) pou ane skolè 2022-2023 a sijè a chanje. Pou plis enfòmasyon ajou, tanpri konsilte sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/buildbps](http://www.bostonpublicschools.org/buildbps).

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Another Course to College

612 Metropolitan Ave., Hyde Park 02136  
Michele Pellam, Direktris  
617-635-8865 • accbps.org

Lekòl ACC a se yon lekòl segondè ki prepare elèv pou kolèj (inivèsite) pou elèv sila yo ki motive ki vle ale nan yon kolèj katran oswa nan yon inivèsite. Nou se yon ti lekòl pilòt ki genyen standa akademik ki gen rigè, ansanm ak manm pèsònèl enèjetik ki bay elèv yo sipò total ak atansyon patikilye ke yo merite. Tout elèv nou yo patisipe nan divès aktivite preparasyon pou inivèsite (kolèj), e yo genyen yon sesyon konsèy chak semèn avèk konseye pedagòjik yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou se yon lekòl pilòt e yon ti lekòl 250 elèv, ki genyen sipò akademik pèsonalize.
- Nou genyen yon rekò admisyon ekselan pou elèv ki antre nan inivèsite (kolèj) : Aseptasyon nan inivèsite (kolèj) se yon egzijans pou elèv yo resevwa diplòm.
- Manm pèsònèl ki sousye (enkli senk prim « Meyè Pwofesè Boston pou Ane a » [« Boston Teachers of the Year »]).
- Nou met yon aksan majè sou lekti analitik ak konpetans ekri.
- Nou genyen kontak pèsònèl sere sere avèk paran yo.
- Opòtinite pou elèv klas tèminyal yo pran klas inivèsit (college) pou kredi kou.
- Divès patnè lekòl la : Inivèsite Harvard University, pwogram espri antrepriz BUILD, UMASS Writing Center (Sant Ekri UMASS).
- Sosyete Onè Nasyonal, Jistis Reparatri, Aprantisaj atravè Sèvis, ak Pwogram Deba.
- Sesyon konsèy SEL chak semèn ak klas Plasman Avanse (AP).
- Klas opsyonèl nan atizay vizyèl pou klas 9yèm jiska 12yèm ane.
- Wobotik ak enjenyeri : kou opesyonèl ak ekip.
- Yon pwogram etid solid ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj).
- Elèv yo jwenn yon nivo sipò elve nan men manm pèsònèl yo.
- Objektif prensipal : lekti ak ekri analitik.
- Genyen plis devwa lekti pase pifò lòt lekòl segondè.
- Genyen plis devwa ekri pase pifò lòt lekòl segondè.
- Genyen èd pou devwa disponib aprè lekòl fini, jiska 5:00 nan laprèmidi.
- Gen eksplorasyon inivèsite (college) nan chak nivo klas.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Pwogrè modere pou atenn objektif yo SQF Tier\*: 2

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Boston Adult Technical Academy

20 Church St., Boston 02116  
Benjamin Helfat, Direktè  
617-635-1542 • bostonpublicschools.org/BATA

Lekòl Boston Adult Technical Academy se yon lekòl segondè altènatif pou jèn adilt ant laj 19 e 22 an, ki genyen matirite epi ki motive. Nou se yon kominote ki valorize divèsite, kapasite otonòm, kontrandi, ak fleksibilite, ki bay elèv yo divès opòtinite siyifikatif aprè etid segondè yo. Lòske elèv nou yo kite isit la, nou atann aske yo aprann konfidans, konpetans lengwistik, ak divès kapasite ki pou sèvi yo aprè etid segondè, dekwa pou yo kapab devni lidè konfidan nan kominote yo epi reyalize objektif yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou se yon Lekòl Segondè altènatif pou elèv ki gen laj avanse, laj 19 a 22 an.
- Nou akòde yon diplòm Lekòl Segondè Piblik Boston.
- Nou genyen pwogram akademik nan gramè/literati angle (ELA), matematik, ak syans.
- Sal de klas òdinatè.
- Pwogram retrapaj kredi kou.
- Opsyon doub enskripsyon nan Inivèsite Kominotè (Community College).
- Pwogram Eksplorasyon Karyè.
- Konseye pou Afè Obtansyon Diplòm.
- Èd pou ranpli fòmilè demann pou inivèsite (kolèj) ak lòt pakou aprè etid segondè.
- Elèv multileng (ki pale plizyè lang), ki divès parapò a etnisite yo.
- Preparasyon pou inivèsite (kolèj) ak pou karyè pwofesyonèl aprè etid segondè.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-multileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Elèv ki genyen laj 19 an dwe kontakte lekòl la pou yo pase yon entèvyou.
- Nap bay elèv ki genyen laj 20 a 21 an edmi yo (1/2) yon plas otomatikman lòske yo enskri nan Lekòl Piblik Boston.


### Evalyasyon Kontrandi Eta a\*

**Done Yo Pa Sifi**

**SQF Tier\*: Done Yo Pa Sifi**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 57%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 10%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 64%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Boston Community Leadership Academy/McCormack (7-12)

Klas 7yèm jiska 9yèm ane : 315 Mt. Vernon Street, Dorchester 02125

Klas 10yèm jiska 12yèm ane : 655 Metropolitan Avenue, Hyde Park 02136 | 617-635-8937

Klas 7yèm jiska 9yèm ane : 617-635-8657 • 10yèm jiska 12yèm ane : 617-635-8937 • bclaboston.net

Ondrea Johnston, Direktris

Lekòl BCLA-McCormack, 7-12 Pilot, ofri yon pwogram etid pou prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) ki kreye pou ankouraje kapasite lidèchip lakay yo pou yo kapab sèvi kòm ajan k ap pote chanjman nan kominote yo. Angajman lekòl BCLA-McCormack nan defans kominotè rann elèv li yo kapab devlope divès konpetans kritik nan domèn akademik, lidèchip, ak sèvis kominotè.

Objektif lekòl nou an se kreye yon anivwònman antirasis (kont pratik rasis) ki reponn a bezwen kominote nou an, ki nourri divès eksperyans edikasyonèl pèsonalize e tantik, e devlope divès konpetans ak bi sosyal-emosyonèl anè lavni tout elèv.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou se yon lekòl pilòt klas 7yèm jiska 12yèm ane ki genyen yon pwogram etid pou prepare elèv yo pou inivèsite, konsantrasyon lidèchip, ak aksyon kominotè, ak misyon sèvis.
- BCLA-McCormack founi divès opòtinite akademik pou elèv nan pwogram suivan nou yo : AP, MDC, PATH, SAR, SEI, SLIFE, ak TLC.
- Egzijans akademik pou elèv yo enkli : divès egzibisyon, divès prezantasyon pòtfolyo, aprantisaj atravè sèmis kominotè, ak yon Pwojè Final Elèv Klas Tèminal.
- MCLA-McCormack founi divès kou AP nan lang ak konpozisyon angle, literati, espayòl, kalkil, ak statistik.
- Nou genyen divès opòtinite doub enskripsyon nan linivèsite (kolèj) UMass Boston, Benjamin Franklin Institute of Boston, Roxbury Community College, ak Bunker Hill Community College
- Pwogram Leson Patikilye pou egzamen MCAS ke nou founi an patenarya avèk « Boston Partners in Education ».
- Nou founi elèv k ap resewva sèvis edikasyon espesyal yo avèk divès eksperyans aprantisaj nan yon anviwònman enklizyon.
- Nou etabli yon patenarya avèk « AIM High », « Mass Insight », Tenacity, PIC, A-List, ACE, « Facing History and Ourselves », ak « 3 Point Foundation » pou founi divès eksperyans pou elèv yo, an konsè avèk pwogram etid la.
- Elèv BCLA-McCormack yo patisipe nan pwogram spòtif ekip inivèsite ak pwogram ekip segondè, an patenarya avèk lekòl New Mission High School, Another Course to College, ak Excel High School.
- Magazin « U.S. News and World Report » rekonèt lekòl BCLA nan li ki lonmen Meyè Lekòl Segondè oz Etazini.
- An 2018, lekòl Boston Community Leadership Academy te premye finalis gayan prim « Pozen » pou lekòl inovatris.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè

- SEI-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


### Evalyasyon Kontrandi Eta a\*

**Done Yo Pa Sifi**


**SQF Tier\*: Done Yo Pa Sifi**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Boston International Newcomers Academy

100 Maxwell St., Dorchester 02124  
 Tony King, Direktè  
 617-635-9373 • bihs@bostonpublicschools.org

Boston International Newcomers Academy (BINcA) se yon lekòl ki kreye e ekipe avèk manm pèsònèl espesyalman pou sèvi yon kominotè elèv imigran divès pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl.

Deklarasyon vizyon : « Nou prepare elèv nou yo pou yo kapab sitwayen ekipe, k ap kontribye nan sosyete mondyal la atravè chemen dekouvèt ak mèvyè. Koninote skolè nou an reflekte prensip fondamantal nou yo, ki se : defans, kominote, divèsite ak atant siperyè. Nou se yon sant ekselans nan edikasyon Elèv k ap Aprann Angle ak yon resous pou lòt moun ki devwe pou travay sa a. »

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou se yon lekòl 100 pousan Elèv k ap Aprann Anglè (EL) ki pèfòme sou yon wo nivo ak yon popilasyon elèv ki 100 pousan imigran.
- Plizyè nan pwofesè nou yo ak manm pèsònèl nou yo se imigran yo ye pou tèt pa yo epi yo sèvi kòm modèl pou elèv nou yo.
- Elèv BINcA yo resevwa èd nan chèche travay a tan pasyèl ansanm ak yon Spesyalis Karyè PIC ki ede elèv yo jwenn travay ete ak anplwa pandan tout ane skolè a.
- BINcA genyen yon laboratwa òdinatè modèn, charyo òdinatè, ak teknoloji ke nou itilize kòm pati ansèyman yo chak jou.
- Genyen sipò pou ranpli fòmilè demann pou inivèsite (kolèj).
- Pwogram spòtif okonplè.
- Preparasyon pou egzamen SAT pou elèv klas 11yèm ane yo.
- Pwogram ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang)/ELA (Gramè ak Literati Anglè) entansif pou tout elèv.
- Elèv yo reprezante plis pase 25 peyi.
- Nou genyen klas akademik aprè jounen skolè a.
- Konsèy pou afè karyè pwofesyonèl ak inivèsite.
- Pwogram anrichisman pandan ete a.
- Pwogram sipò pou elèv ak fanmi.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Elèv yo deziyen selon ranman yo bay nan egzamen plasman lang angle a. Tanpri rele Sant Evalyasyon ak Konsèy Nouvo Fanmi yo (NACC) nan nimewo 617-635-9010 pou w konnen ki jan w kapab pwograme yon randevou pou w pran yon egzamen.


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible SQF Tier\*: **Done Yo Pa Sifi**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Brighton High School

25 Warren St., Brighton 02135  
 Andrew Bott, Direktè  
 617-635-9873 • brightonhigh.org

Angajman ak devouman pwofesè yo ak manm pèsònèl yo bay elèv lekòl Brighton High yo konsantrasyon pèsònalize ke yo ta jwenn nan yon ti lekòl piti, pandan l ba yo an menm tan divès avantaj yon moun ta jwenn nan yon gwo lekòl, pami yo : divès kou Plasman Avanse, divès Pakou Karyè ak staj nan syans biyomedikal ak espri antrepriz, atizay vizyèl ak atizay spektak, divès pwogram spòtif solid, ak 24 diferan klüb/pwogram anrichisman akademik estraskolè.

Objektif prensipal lekòl nou an se yon seri bonjan kalite klas siperyè pou tout elèv. Nou devlope divès orè pèsònalize selon enterè elèv yo pandan katran y ap pase nan Brighton High.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou genyen de (2) Pakou Karyè Pwofesyonèl : Medya, Atizay, Konsèp ak Espri Antrepriz ak Syans Biyomedikal. Toude pakou yo enkli divès opòtinite staj pou elèv.
- Genyen kou Plasman Avanse nan : Lang ak Konpozisyon ; Literati ak Konpozisyon ; Syans Anviwònman ; Kalkil ; Jeyografi Imen ; Sikoloji ; Biyoloji, Enfòmasyon (Syans Òdinatè), ak Fizik. Epitou lekòl Brighton genyen yon Pwogram Lang Arab
- Preparasyon pou egzamen SAT pandan lajounen ak aprè jounen skolè a atravè Pwogram « Let's Get Ready » (An n Prepare Nou) ke inivèsite Boston College ofri a.
- Pwogram Edikasyon pou Savan ki Baze sou Konpetans (ACES) pou elèv ki bezwen yon anviwònman aprantisaj pèsònalize.
- Plizyè bous disponib pou elèv lekòl yo BHS ; Pwogram Diplòm Akselere atravè vil la pou elèv sila yo ki te ka rekile nan kredi pou kou yo.
- Yon Konsèy Paran Skolè ak yon Konsèy Skolè Lokal ki solid
- Divès opòtinite Doub Enskripsyon ki disponib avèk plizyè kolèj ak inivèsite nan zòn Boston an ; orè fleksib pou soutni elèv sila yo ki patisipe nan doub enskripsyon.
- Ekip spòtif ki nan nivo chanpyona nan 12 spò.
- Pakou akselere pou Elèv k ap Aprann Angle yo diplome
- Pwogram Boston College, Boston University, ak Summer Search College Access
- Divès sant egzèsis nan lekòl la pou elèv yo itilize avan ak aprè jounen skolè a ; Plizyè opòtinite kominotè pou elèv yo resewva kredi pou kou yo, patisipe nan staj, e devlope kèk nouvo konpetans.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-espayòl
- SEI-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


### Pwosesis Edikasyon Espesyal

- Nou bay sipò a tout kalite elèv, pami yo: elèv ki genyen plizyè kalite bezwen IEP.


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè SQF Tier\*: 4

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Jeremiah E. Burke High School

60 Washington Street, Dorchester 02124

Amilcar Silva, Direktè

617-635-9837 • jebhs.org

Divès pratik inovatris etabli nan ansèyman nan chak sal de klas, pami yo : modèl atelye a. Nou leve aprantisaj elèv yo pi wo ke posib avèk divès klas piti ki gen plis pase yon adilt ladan l ki itilize apwòch SEL yo nan pifò ka. Objèktif nou se tout aspè lavi timoun yo e responsablite nou se kreye divès opòtinite siyifikatif kote tout elèv kapab aprann. Nou ranfòse aprantisaj elèv yo nan pi wo mezi posib avèk ti klas piti ki genyen plis pase yon adilt ladan yo nan pifò ka. Lekòl la ofri divès opòtinite transfòmasyonèl pou elèv yo, pami yo : vwayaj nan lòt eta, lòt peyi, vizit nan inivèsite (kolèj), retrèt, ak vwayaj nan kan rezidansyèl.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Pwogram akademik djanm: ansèyman ki sèvi avèk divès strateji AVID pou mete aksan sou alfabetizasyon nan tout pwogram etid la.
- Divès enstalasyon dènnye kri, ki enkli : bibliyotèk ak teknoloji ; konplètman renove (refè) an 2008.
- Divès kou Plansman Avanse nan Statistik, Literati ak Konpozisyon an Angle, ak Istwa Eta Zini.
- Pami lekòl segondè yo, li gen yon to prezans ki pi wo pase mwayèn nan.
- PULSE, Ekip Deba, BARK Room («Chanm BARK»), Credit Recovery ("Ratrapaj Kredi") aprè jounen lekòl la, pami yo : preparasyon pou egzamen SAT ak MCAS.
- Sant pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl ki genyen yon spesyalis Konsèy Endistri Prive Boston an (« Boston Private Industry Concil ») aplentan.
- Yon anvivònman ki favorab pou fanmi, ki genyen yon Sant Fanmi ki genyen manm pèsònèl Kowòdinatè ladan l pou soutni divès patenarya ant lekòl la ak paran yo, pou soutni enfòmasyon pou paran yo, ansanm ak efò sansibilizasyon.
- Divès sèvis sipò, pami yo : gidans, sant sante, konsèy, èd pou paran adolesan, ak asistans pou èd finansye.
- Pakou Teknoloji ke konpayi GE ak sibvansyon Perking Grants soutni.
- Patenarya avèk inivèsite (kolèj) BFIT, RCC ak Bunker Hill, ki founi doub enskripsyon pou 5 jiska 10% klas 11yèm ak 12yèm ane yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-kreyòl kap vèdyen
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Edikasyon Espesyal

- Elèv ki genyen andikap genyen aksè pou yo genyen yon seri sèvis pou satisfè standan sila yo ki etabli pou Regleman BPS yo pou Pwomote elèv yo (ki vle di pou fè yo pase al nan klas siperyè oswa diplome).

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ase pwogrè pou atenn objektif yo


SQF Tier\*: 2

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Charlestown High School

240 Medford St., Charlestown 02129  
Joel Stenbridge, Direktè  
617-635-9914 • charlestownhs.org

Nou se yon lekòl ki enspire e ki divès, ki akeyi tout elèv. Pwogram Inivèsite (kolèj) Bonè nou yo ak pwogram doub enskripsyon nou yo pèmèt elèv yo resevwa kredi gratis pou inivèsite (kolèj). Divès Kominote Aprantisaj Piti asire ke tout elèv jwenn sipò, epi divès opòtinite estraskolè founi kichòy pou tout moun. Nou kwè nan atant siperyè ak sipò siperyè.

Nou konsantre sou dizon elèv yo avèk divès antant siperyè ak sipò siperyè. Nou genyen divès Pakou Inivèsite (kolèj) Bonè - nan Biznis (Komès), Teknoloji, ak Sante. Elèv yo kapab kòmanse genyen kredi inivèsite nan klas 10yèm ane. Pakou yo genyen ladan yo kèk pwogram solid, pratik, ki genyen yon seri kou akademik, eksplorasyon karyè, divès staj, ak gidans.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou gen SEI, nou se Lekòl Mwayèn, Edikasyon Espesyal, pwogram divès Pakou, doub enskripsyon, mizik, teyat, atizay, ak spò
- Nou genyen pwogram Inivèsite Bonè ak divès Pakou Karyè Pwofesyonèl nan Teknoloji Enfòmatis, Biznis (Komès), ak Sante, an kolaborasyon avèk kolèj Bunker Hill Community College.
- Divès kou doub enskripsyon nan inivèsite Cambridge College pou Elèv k ap Aprann Angle.
- Divès Ti Kominote Aprantisaj Piti kreye yon « anbyans ti lekòl piti » anndan yon gwo lekòl, epi l founi sipò pèsonalize bay elèv yo ak fanmi yo.
- Divès kou opsyonèl nan atizay vizyèl ak atizay spektak, pami yo : bann, koral, dans, teyat, ak atizay vizyèl.
- Divès patenarya inivèsite (kolèj) solid ; yon anfas sou preparasyon pou etid siperyè ak yon rekò admisyon/aseptasyon solid nan kolèj katran ak nan inivèsite.
- 13 ekip spòtif ki jwe avèk ekip lòt lekòl disponib pou tout elèv ki enterese, opòtinite pou itilize sant egzèsis la pou fè egzèsis.
- Divès Kou Plasman Avanse ak kou enteresan tankou lang arab ak enjenyeri.
- Pwogram « The Road to Success » pou elèv ki depase laj lekòl ak elèv ki manke kredi pou kou yo, dekwa pou yo kapab diplome alè e reyisi apre etid segondè yo.
- Divès patenarya avèk konsèy Endistri Prive Boston an (« Boston Private Industry Council ») epi avèk anplwayè lokal yo pou founi opòtinite pou eksplorasyon karyè, obsèvasyon moun nan travay yo, ak staj.
- Plizyè pwogram apre jounen skolè a, plizyè klib ak aktivite espesyal--tout bagay depi nan « Honor Roll Boys & Girls Group » rive nan gwoup deba, rive nan Klib LGBTQ+ (lezbyèn, ge, biseksyèl, transeksyèl, « queer » ak lòt idantite seksyèl ankò).
- Anpil sipò pou Elèv k ap Aprann Angle (SEI) ni nan klas ni andeyò orè anpratisaj komen an, ki genyen ladan l patnè tankou "Sociedad Latina" (Sosyete Latino) ak "Asian American Student Success Program" (Pwogram Reyisit Elèv Ameriken Azyatik) nan inivèsite Umass Boston.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-chinwa, SEI-espayòl, SLIFE-espayòl, ESL (Anglè kòm Dezèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Depatman Edkasyon Espesyal ki Divès.


\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible

SQF Tier\*: **3**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 68%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 27%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 41%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Community Academy

25 Glen Road, Jamaica Plain 02130  
 Sonie Felix, Direktris

617-635- 7734 • [bostonpublicschools.org/school/community-academy](http://bostonpublicschools.org/school/community-academy)

Se yon ti lekòl segondè altènatif nan Jamaica Plain. Nou sèvi elèv ki pa evolye nan anviwònman tradisyonèl yo. Pwopòsyon nou an ki se 15 elèv pou chak grenn pwofesè pèmèt tout elèv yo jwenn sipò pèsone ak akademik e sosyal. Ti gwosè a kreye yon sansasyon kominotè solid epi l pèmèt paran yo kapab aktif nan edikasyon pitit yo. Li mete anfas sou ekselans akademik, jan sa reflekte sou rezilta egzamen MCAS yo, ak sou tan ki devwe pou leson patikilye, ak plizyè kalite kou preparasyon pou inivèsite (kolèj) li ofri. Nou soutni elèv ki pa elèv tradisyonèl nan fason nou ofri pwogram sou entènèt pou yo ratrape kredi yo.

Nou met aksan sou preparasyon elèv yo pou siksè nan lekòl, nan lavi a, ak nan karyè pwofesyonèl yo. Nou genyen yon popilasyon elèv pasajè, donk nou met aksan sou ekselans akademik pandan n ap itilize divès materyèl siplemantè dekwa pou tout elèv kapab jwenn aksè nan divès materyèl ki sou nivo klas yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Yon ti lekòl segondè altènatif ki sèvi elèv ki pa evolye nan anviwònman sal klas tradisyonèl yo.
- Yon pwosesis admisyon espesyal : elèv yo dwe swa deziyen atravè Depatman Opsyon Edikasyonèl la oswa jwenn yon apwobasyon espesyal nan men direktè a pou yo fè yon demann
- Ti klas trè piti – dabitid nou genyen 15 elèv osinon mwens.
- Sipò/leson patikilye avan ak aprè jounen skolè a.
- Konseye pèsone pou chak elèv.
- Konsèy pou inivèsite (kolèj).
- Divès klas preparasyon pou inivèsite (kolèj) ak egzamen MCAS.
- Genyen yon anfas sou aprantisaj pratik.
- Divès pwomnad, pami yo : al nan inivèsite (kolèj) lokal yo ak evènman fwa inivèsite yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\*

**Done Yo Pa Sifi**

**SQF Tier\*: Done Yo Pa Sifi**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 77%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 45%  
 Elèv k ap Aprann Angle ..... 15%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Community Academy of Science & Health (CASH)

11 Charles St., Dorchester 02122  
 Robin Lee, Direktris  
 617-635-8950 • [bostonpublicschools.org/cash](http://bostonpublicschools.org/cash)

CASH se yon ti lekòl segondè ki prepare elèv pou inivèsite (kolèj). Misyon nou se prepare elèv tout kalite orijin pou yo kapab pousuiv divès etid ak karyè pwofesyonèl avanse nan divès domèn syans ak sante. Vwa elèv yo kritik nan devlopman, emplantasyon, ak verifikasyon pratik nou yo. Patnè kominotè nou yo ofri divès staj ak opòtinite karyè pwofesyonèl. Popilasyon divès CASH la founi yon melanj jèn adilt ki byen prepare, ki militeng (ki pale plizyè lang) ki kapab rantrè nan domèn syans ak sante. Kou ke lekòl CASH ak patnè inivèsite l yo ofri soutni akademik solid, ki kreye pou prepare elèv yo pou yo depase estanda etabli yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Manm pèsònèl ki kalifye ki detèmine pou elèv yo aprann nan nivo siperyè.
  - Pwogram doub enskripsyon/aksè bonè nan inivèsite « Pathways to Prosperity », divès staj ak divès opòtinite chemen lekòl ki mennen dirèk nan karyè pwofesyonèl.
  - Ekspozisyon inivèsite (kolèj) ak vizit lekòl nou fè nan inivèsite (kolèj) lokal yo ki met aksan sou chemen ki mennen nan karyè pwofesyonèl nan syans ak sante.
  - Modèl Nasyon Zini, buildOn, BUILD, Pwogram Syans Medsin avèk inivèsite Harvard University.
  - « Tech Goes Home » (Teknoloji Vin Lakay Ou) : elèv ak paran pran kou òdinatè ansanm epi yo resevwa yon lajan prete san yo pa bezwen peye enterè sou li pou yo kapab achte yon òdinatè.
  - Yon peryòd 55 minit pou ansèyman nan tout matyè.
  - 6 kou Plasman Avanse.
  - Plizyè bagay "ekstra" (« anplis »), pami yo: seminè sante ak byenèt, pwogram spòtif, aktivite avan ak aprè jounen lekòl la, ak jounen pwolonje pou anrichisman akademik.
  - Elèv yo resevwa sipò nan men kowòdinatè lekòl yo ak kowòdinatè sipò kominotè yo.
  - Pwogram "Upward Bound" inivèsite Boston University a.
  - Atant : Ekselans Akademik.
  - Pwogram "AVID" la.
  - Pwogram Sankofa pou jèn gason ki an risk (an danje).
- Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle**
- SEI- kreyòl ayisyen
  - ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible


SQF Tier\*: **4**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Dearborn STEM 6-12 Early College Academy

36 Winthrop Street, Roxbury 02119  
 Darlene Marcano, Direktris  
 617-635-8412 • bpe.org/dearborn-stem-academy

Lekòl Dearborn nan sèvi 600 elèv nan yon bilding STEM dènye kri (STEM se: Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik). Lekòl la kreye sou baz yon konsepsyon aprantisaj 21yèm syèk pou elèv yo. L ap genyen ladan l espas fleksib pou kolaborasyon ant elèv ak adilt epi - antanke yon bilding STEM dènye kri - yon gwo kapasite pou itilizasyon teknoloji.

### Kèk Karakteristik Espesyal

- Nou genyen yon apwòch STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyè/Jeni, ak Matematik): Tout elèv ap devlope yon konpreyansyon debaz sou lang, konsèp, ak ide ki komen nan tout domèn STEM yo ; y ap diplome avèk yon konesans solid nan tout domèn, travay, ak pakou karyè STEM yo ; epi tou y ap idantifye enterè ak idantite STEM yo.
- Enfòmasyon (Syans Òdinatè) nan chak nivo klas ; tout elèv lekòl Dearborn yo aprann fè kodaj.
- Yon pwogram etid ki pratik, ki oryante sou travay an ekip, ki anrasine nan rezolasyon pwoblèm, e ki genyen modèl ki fèt dapre divès pwojè ak divès travay pwofesyonèl.
- Divès plan aprantisaj pèsonalize pou chak elèv.
- Elèv yo diplome avèk yon plan karyè pwofesyonèl ki mennen yo nan yon vrè opsyon edikasyon/opsyon fòmasyon apre etid segondè yo, e ki mennen yo nan vrè chwa pwofesyon yo.
- Eksplorasyon ak preparasyon pou inivèsite, avèk divès konseye pedagogik ki devwe, vizit inivèsite, divès fwa inivèsite (kolèj), panel avèk elèv inivèsite, ak anpil lòt bagay ankò.
- Divès staj, aprantisaj nan lokal travay ak divès opòtinite pou elèv lekòl segondè.
- 60 minit tan aprantisaj pwolonje chak jou, yon peryòd dezèd tan apre jounen lekòl la ki konsakre pou sipò ak anrichisman akademik pou elèv sila yo ki swa bezwen sa oswa vle sa.
- Foutbòl ti fi (maskilen) ak foutbòl ti gason (feminen) nan teren atletis lekòl Jeremiah Burke la.
- «BUILD Boston», klib wobotik, «Peer Health Exchange» («Echanj Sante Karamad»), «Discovering Justice» («Dekouvri Jistis»), ak klib Bòks.
- Yon pwofesè atizay aplentan ak yon pwofesè mizik aplentan.
- Yon bibliyotèk ki genyen yon bibliyotekè ki travay aplentan ladan l.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-kreyòl kap vèdyen
- SLIFE-kreyòl kap vèdyen
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè SQF Tier\*: 4


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 75%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 19%  
 Elèv k ap Aprann Anglè ..... 33%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## East Boston High School (7-12)

86 White St., East Boston 02128  
Phillip R. Brangiforte, Direktè  
617-635-9896 • ebhsjets.net

Nou se yon sit ke PULSE bay sipò, avèk founisman leson patikilye aprè jounen skolè a pou elèv klas 9yèm ane yo. Nou se yon lekòl AVID (Avansman Pa Mwayen Detèminasyon Endividyalize), k ap founi sipò bay elèv ki ka bay rannman anba estanda onè a men ki vize pou yo ale nan kolèj (inivèsite). Elèv nou yo patisipe nan «Wheelock College Upward Bound», akademi ete «Harvard Crimson Summer Academy» a, ak pwogram «the Dartmouth SEAD» («Anrichisman Ete nan inivèsite Dartmouth»). Epitou nou ofri pwogram Preparasyon pou egzamen SAT avèk yon eleman preparasyon pou inivèsite (kolèj) ladan l, Pwogram «Teen's Connect» («Koneksyon Adolèsan») avèk yon eleman preparasyon pou karyè pwofesyonèl ladan l, ak Pwogram Atlèt Savan Boston («Boston Scholar Athlete Program» - BSA) ladan l, yon sant sipò ak konsèy konsiltatif elèv-atlèt.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- 40 laboratwa òdinatè pòtab/mobil.
- Sant Bibliyotèk/Medya ki genyen 25 òdinatè tounèf ladan l.
- Kou Plasman Avanse ak kou nivo onè.
- Kou opsyonèl nan «Academy of Management», «Academy of Health/Human Services», Medya, Atizay Vizyèl, Koral, ak JROTC (Kò Antrènman Ofisye Rezèv Jinyò).
- Nou met yon anfas sou alfabetizasyon pou tout lekòl la.
- Yon pwogram ratrapaj kredi pou elèv klas 11yèm ak 12yèm ane ki bezwen kèk klas pou satisfè egzijans lokal etabli yo pou yo diplome alè.
- Asosyasyon Lekòl ak Kolèj Nouvo Angletè A (NEASC) akredite li.
- Akademik Klas 9yèm ane nou an founi divès sipò ak leson patikilye anplis atravè divès resous sou plas ak divès ajans ekstèn (ajans deyò).
- Seremoni Prim Akademik (pou chak semès) ak yon Banke Bous ak Prim Chak Ane.
- Yon Sant Patisipasyon Paran sou plas pou ede paran yo konprann pwogram etid, regleman, ak evalyasyon lekòl la.
- Leson patikilye nan egzamen MCAS, PSAT, ak SAT, avèk plis sipò pou elèv ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane yo ki pa ko reyisi nan egzamen MCAS la, pami yo: leson patikilye avan ak aprè jounen lekòl la ansanm ak pèsònèl titè (mantora).

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-espayòl
- SLIFE-espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ase pwogrè pou atenn objektif yo


SQF Tier\*: **3**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## The English High School

144 McBride St., Jamaica Plain 02130

Caitlin Murphy, Direktris

617-635-8979 • englishhs.org

Antanke Premye Lekòl Segondè Piblik Eta Zini, The English High School genyen yon long tradisyon ekselans nan zafè akademik, zafè spò, ak preparasyon pou karyè pwofesyonèl. Pwogram 5 pakou nou yo bay elèv yo fòmasyon pratik nan domèn sila yo ki bezwen anpil moun : Enfimyè, Enfòmasyon (Pwogramè Òdinatè), Maketing Biznis, Konsepsyon Grafik (Desen Grafik), ak Sèvis Polisye (Mentni Lòd). Elèv yo kapab fè pati Fanfa nou an, oswa Drumline nou an (Òkès Tanbou/Kès/Batri nou an), aprann kòman pou yo pwodui pwòp mizik pa yo, fè pati ekip Deba nou an ki resevwa prim, jwe pou youn nan plizyè ekip spò nou yo ki konn abitye genyen divès prim, fè pati Majorèt nou yo, osinon vwayaje toupatou nan mond lan. Lekòl English High School se bonjan plas kote w kapab dekouvri pasyon w e prepare w pou inivèsite ak sikse nan karyè pwofesyonèl ou.

N ap prepare elèv nou yo pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl atravè divès staj ak pwogram fòmasyon, ak yon pwogram etid fondamantal nan atizay liberal (etid lèt) pou anseye yo kapasite y ap bezwen pou 21yèm syèk la.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Pakou karyè pwofesyonèl, atizay, aktivite spòtif, ak yon sèvis sipò pou elèv ki solid.
- Senk Pwogram Karyè Pwofesyonèl ak Fòmasyon Pwofesyonèl Teknik ki konsantre sou : Swen Enfimyè, Sèvis Pwoteksyon, Enfòmasyon (Pwogramè Òdinatè), Maketing/Piblisite Biznis, Desen Grafik
- Divès staj ak opòtinite travay atravè Konsèy Endistri Prive a (« Private Industry Council »)
- Pwogram Atizay : Fanfa, Drumline (Òkès Tanbou/Kès/Batri), Pwogram Pwodiksyon Mizik Hip Hop (Rap), òkès enstriman Van ak enstriman Pèkisyon (tanbou/batri), Koral, Atizay Stidyo, Dans, Chapant Bwa.
- Pwogram Konsèy ak Peryòd Fleksib pou Sipò ak Anrichisman Akademik.
- Divès Ekip Lig Deba Boston an angle ak an espayòl.
- Pwogram Vwayaj Entènasyonal – divès vwayaj edikatif/vwayaj sèvis ke elèv yo pran an chaj pou ale nan peyi Kap Vè, Repiblik Tchèk, Frans, Almay, Grès, Itali.
- Aksè nan divès Konsèy ak sèvis Sipò sou plas
- Pwogram Konsèy/Gidans : « Becoming a Man » (BAM - Devni yon Òm), « Working on Womanhood » (WOW - Travay pou Devni Fanm), « Peer Group Connection » (Koneksyon Gwoup Kamarad)
- Konsèy nan zafè kolèj atravè pwogram «College Advising Corps», «uAspire», pwogram «Passport to College», ak «Talent Search» («Dekouvri Talan»).
- 200yèm anivès-Lekòl Segondè pi Ansyen oz Eta Zini


### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-espayòl
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè SQF Tier\*: 4

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Excel High School

South Boston Education Complex 95 G St., South Boston 02127  
 Jerleen John, Direktris Pwovizwa  
 617-635-9870 • excelhigh.org

Lekòl Excel High School la se yon lekòl segondè gwo mwayèn ki bay preparasyon pou inivèsite (kolèj) ki ankouraje akonplisman akademik siperyè ak ekspresyon kreyatif nan yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite e ki bay elèv yo sipò. Nou kwè divèsite se pwen fò nou epi tout bagay nou fè fèt ak gidans prensip fondamantal nou yo, ki se : Respè, Responsabilite, Sitwayènte, ak Fèmte. Pwofesè ak manm pèsònèl nou yo angaje yo nan zafè siksè ak byenèt elèv nou yo. Yo montre detèminasyon ak konfyans nan elèv nou yo nan fason ke yo rankontre avèk yo sou nivo pa yo, epi ede yo atenn tout potansyèl yo antanke savan ak dirijan.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Klas onè, plasman avanse, ak klas doub enskripsyon nan gramè ak literati angle, matematik, syans, sikoloji, ak istwa.
- Genyen de (2) opsyon lang mondyal : franse oswa espayòl.
- Divès kou tankou : atizay vizyèl, ekri kreyatif, jounalis, enfòmatis (syans òdinatè), desen enjenyeri.
- Divès kou ak staj nan domèn ki anrapò ak maytè STEM yo (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik).
- Divès kou teknoloji, pami yo : «Microsoft Office», konsepsyon sit entènèt, «webmaster», ak enfòmatis (syans òdinatè).
- Plizyè laboratwa òdinatè, laboratwa pòtatif (mobil) ki vwayaje de klas an klas, ak òdinatè iPad.
- Staj nan plizyè biznis ak òganizasyon Boston, pami yo: «the Federal Reserve Bank» («Bank Rezèv Federal La») ak «Vertex Pharmaceuticals».
- Nou genyen plizyè pwogram estraskolè (andeyò orè lekòl la), pami yo : spò, deba, ak Sosyete Onè Nasyonal (« National Honor Society »).
- Yon kowòdinatè angajman fanmi ak elèv aplentan ki kowòdone konsèy lidèchip elèv ak lidèchip paran yo.
- Pwogram Ratrapaj Kou Entèn, yon opòtinite pou elèv klas 11yèm ak 12yèm ane yo ratrape kou yo te echwe ladan yo aprè lekòl, dekwa pou yo kapab diplome.
- Pwogram Konsèy Fwa Syans avèk syantifik konpayi « Vertex Pharmaceuticals ».
- Sistèm Preparasyon pou Inivèsite (kolèj) - AVID.
- Pwogram JROTC okonplè (JROTC vle di : Kò Antrènman Ofisyè Rezèv Jinyò).
- «Homework Helpers» («Moun k ap ede ak devwa») pou klas 9yèm ak 10yèm ane.


### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-vyetnamyen
- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè SQF Tier\*: 2


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 70%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 25%  
 Elèv k ap Aprann Angle ..... 24%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Henderson K-12 Inclusion School

Lekòl Anba, Jadendanfan K0 jiska Klas 1ye Ane : 1669 Dorchester Avenue, Dorchester 02122  
 Lekòl Anwo, klas 2yèm jiska 12yèm ane: 18 Croftland St., Dorchester 02124  
 Patricia Lampron, Direktris  
 617-635-6365 • [bostonpublicschools.org/henderson](http://bostonpublicschools.org/henderson)

Misyon nou se sèvi tout elèv, kèlkelonswa kapasite yo, nan yon kad enklisif ki ofri aksè siyifikatif nan yon kourikoulòm djanm e konplè. Nou kolabore e rezoud pwoblèm pou asire ke tout elèv aprann e reyisi nan yon nivo siperyè. Nou entegre bèl atizay ak atizay spektak nan aprantisaj elèv yo, dekwa pou tout elèv kapab aprann avèk tout potansyèl yo. Tout elèv resevwa bonjan kalite ansèyman djanm nan gramè ak literati anglè, matematik, ak syans. Nou angaje elèv nou yo pou n kreye nan yo yon amou pou aprantisaj ki va dire pou tout rès vi yo.

### Kèk Karakteristik Espesyal

- Se Sèl lekòl Jadendanfan jiska klas 12yèm ane nan Boston ki konplètman enklisif.
- Entegrasyon atizay pou chak elèv, twa fwa pa semèn.
- Elèv yo genyen akonplisman ak kwasans siperyè nan matematik ak ELA (Gramè ak Literati Anglè).
- Enklisif : elèv tout kalite kapasite aprann ansanm.
- 2 pwofesè nan chak sal klas.
- Klas ekstèn (deyò).
- Chanm fonksyon sansoryèl motris (fonksyon 5 sans yo ak misk/bibit).
- Konplètman aksesib.
- Pwofesè aprentan nan zafè atizay vizyèl, mouvman, ak mizik.
- Pwogram enklisif avan ak aprè jounen lekòl la.
- Yon pwogram etid (kourikoulòm) djanm.
- Nou suiv pwogrè elèv yo chak 6 semèn epi kreye divès plan daksyon pou asire ke tout elèv reyisi.
- Ko-ansèyman (2 pwofesè, oswa plis, anseye) nan tout klas matyè prensipal yo.
- Nou founi terapi nan anviwònman natirèl klas yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle


- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral
- Regleman sou Inifòm
- Li obligatwa pou elèv jadendanfan jiska klas 10yèm ane yo mete : Mayo, mayo long, pantalon, oswa chòt ble, blan oswa kaki. Jou vandredi elèv yo ka abiye mwens fòmèl.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ase pwogrè pou atenn objektif yo

SQF Tier\*: **2**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 50%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 32%  
 Elèv k ap Aprann Anglè ..... 14%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Lyon Pilot High School

95 Beechcroft Street, Brighton 02135  
Dr. Hervé Anoh, Direkté  
617-635-8351 • [bostonpublicschools.org/lyonhs](http://bostonpublicschools.org/lyonhs)

Lekòl Mary Lyon Pilot High School la founi yon anviwònman aprantisaj ki konplètman enklisif, kote kondisyon yo chanje oswa kreye pou rann elèv edikasyon jeneral yo ak elèv ki gen twoub emosyonèl e konpòtmantal yo kapab ogmante potansyèl yo. Nou sipòte tout elèv pou yo kapab satisfè oubyen menm depase estanda akademik yo epi devlope divès abiltè pou yo konpetan nan lavi yo chak jou.

Pratik ansèyman nan lekòl Mary Lyon Upper School (7yèm jiska 12yèm ane) se edike chak grenn elèv antanke yon moun espesyal ki prè pou l reponn a divès defi nan yon kominote k ap vin pi divès e mondyal de jou an jou. Pèsone, elèv, ak fanmi yo travay an kolaborasyon pou yo bay sipò nesèsè pou kwasans akademik, sosyal, ak emosyonèl. Elèv nou yo aprann estrateji pou yo ka rezoud pwoblèm kòm endividyèl epitou rezoud yo kòm divès manm yon ekip. Nou ankouraje sitwayènte aktif atravè zèv volontè, pwogram staj, ak evènman kominotè.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Edikasyon enklisif okonplè.
- Ti klas piti
- Yon sesyon konsèy konsiltatif
- Yon pwogram etid ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj).
- Itilizasyon tablo ENTÈRAKTIF («SMART board») kòm yon zouti regilye nan ansèyman yo.
- Edikasyon ak nòt ki chita sou baz konpetans. Itilizasyon lojisyèl « Jump Rope » pou note pwogrè anè metriz.
- Pwofesè ki reyèlman kalifye : Tout pwofesè yo genyen yon diplòm metriz («Master's degree») epi yo genyen doub lisans nan kontni matyè yo ak nan edikasyon espesyal.
- Yon pòchèt « Yondr » pou rann elèv yo kapab siveye itilizasyon telefòn selilè yo pou kont yo

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle


- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible


SQF Tier\*: **4**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Margarita Muñiz Academy

20 Child St., Jamaica Plain 02130  
Dania Vázquez, Direktris  
617-635-8198 • munizacademy.org

Lekòl Margarita Muñiz Academy se premye lekòl segondè "doub lang" Lekòl Piblik Boston. Nou mete sou pye yon pwogram etid bileng respwòk ki pran kilti elèv yo an konsiderasyon, pou prepare yo pou inivèsite, avèk divès abiltè 21yèm syèk nesèsè pou yo reyisi nan karyè edikasyon siperyè yo e menm ale pi lwen ke sa. Akademi Muñiz Academy a genyen twa platfòm ki esansyèl pou doub lang : Aprantisaj ki fèt avèk sipò pwomnad (« expeditionary learning »), divès atizay, ak teknoloji. Travay kolektif nou an antanke kominote fonde sou prensip pataje nou yo, ki se : divèsite, enklizyon, kominote, stiwayènte, gran savwa, ak kreyativite.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Se sèl lekòl segondè bileng respwòk nan Boston.
- Pwogram etid solid, ki pran kilti elèv yo an konsiderasyon, nan yon modèl aprantisaj eksperyantal.
- Anfaz sou preparasyon pou inivèsite ak pou karyè pwofesyonèl, pou tout elèv.
- Pakou inivèsite ak pakou karyè pwofesyonèl, avèk patenarya ak inivèsite andeyò lokal lekòl la (andeyò campus la).
- Lidè Lig Deba rekoni nan ni angle, ni espayòl.
- Yon pwogram mizik ki resevwa prim «Grammy».
- Pwogram atizay la genyen ladan l : mizik, atizay spektak, atizay medya, dans ak teyat.
- Oryantasyon pou elèv 9yèm ane yo ki genyen ladan l pwomnad kan («camping») kominotè.
- Vizit nan inivèsite pou chak nivo klas.
- Staj pou klas tèmininal (klas 12yèm ane) avèk patnè bizis ak patnè kominotè.
- Plasman elèv yo nan pwogram «Upward Bound» inivèsite Boston University, «Summer Search», «Minds Matter», «Bridges to Calculus», ak «Umass TAG».


### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- Doub lang-espayòl.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Pwogrè modere pou atenn objektif yo SQF Tier\*: 3

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




### Ras/Etnisite %




### Moun ki Dezavantaj

ekonomik yo ..... 77%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 14%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 49%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Quincy Upper School (6-12)

Klas 6yèm a 7yèm Ane : 900 Washington St., Boston 02111 • Klas 8yèm jiska 12yèm Ane : 152 Arlington St., Boston 02116  
Richard Chang ak Stephen Cirusuolo, Ko-Direktè  
617-635-8940 • jqus.org

Lekòl Josiah Quincy Upper School la ofri Pwogram Bakaloreya Entènasyonan la pou TOUT elèv ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane, li genyen ladan l tou Atizay ak Lang Mondyàl kòm matyè prensipal, li genyen tou opòtinite pou fè wwayaj entènasyonan, ak aktivite aprè lekòl ansanm ak spò. Elèv ki diplome yo ale nan inivèsite (kolèj) bon chwa, pami yo lekòl "Ivy League" yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- 85% elèv enskri pou inivèsite (kolèj) 4-an, 10% enskri nan inivèsite (kolèj) 2-an
- 0% nan elèv yo abandone etid yo
- Nou genyen yon nouvo bilding lekòl an septanm 2023.
- Atizay teyat ak mizik.
- Edikasyon spòtif ak ekip spò.
- Pwogram Mandarin (yon lang Chinwa) ak Espayòl.
- Pwogram anrichisman aprè jounen lekòl la.
- Pwofesè kòm lidè.
- Patenarya antrepriz.
- Patenarya ki baze sou kominote.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle


- SEI-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ase pwogrè pou atenn objektif yo

SQF Tier\*: **2**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 59%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 19%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 12%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## Snowden International School at Copley

150 Newbury St., Boston 02116  
 Raquel Martinez, Direktris  
 617-635-9989 • snowdeninternational.net

Lekòl Muriel S. Snowden International School la se yon Lekòl multikiltirèl (plizyè kilti), multileng (plizyè lang), Lekòl Mondyal Bakaloreya Entènasyon (International Baccalaureate World School) ki genyen yon pwogram etid preparasyon pou inivèsite (kolèj) ak yon konsantrasyon sou etid global. Snowden genyen kèk egzijans anplis pou elèv yo diplome, pami yo: katran ap aprann menm lang lan (japonè, chinwa mandarin, espayòl, oswa fransè), Sèvis Aksyon Kominotè, yon travay rechèch nan klas 12yèm ane an, ak etid nan Relasyon Entènasyon. Elèv yo dwe fè nòt C- pou pi piti pou yo pase chak kou.

### Kèk Karekteristik Espesyal


- Aprantisaj global atravè opòtinite pou elèv yo vwayaje e etidye entènasyonman (lòt bò dlo).
  - Elèv yo kapab enskri nan pwogram diplòm Bakaloreya Entènasyon egzijan nan klas 11yèm ak 12yèm ane. Elèv ki reyisi pase tout travay nan pwogram dezan egzijan sa a ap resevwa yon diplòm IB ("Bakaloreya Entènasyon") anplis diplòm Boston yo an. Lekòl "IB World School" yo egziste sou sis kontinan; Genyen 850 kolèj ak inivèsite ki rekonèt diplòm IB an.
  - Anfaz sou etid entènasyon pou tout elèv.
  - Li mande 4 an etid lang mondyal, istwa, syans ak matematik.
  - Li mande kèlke èdtan sèvis kominotè.
  - Li ankouraje responsabiltè atravè «open campus» («lekòl ouvè») - klas yo fèt nan twa bilding).
  - Li ankouraje ankèt, rezonman kritik, li ankouraje elèv yo pran risk, konpreyansyon ant diferan kilti ak respè.
  - Genyen plizyè opòtinite pou angaje fanmi yo, pami yo : de (2) konferans ant paran ak pwofesè chak ane.
  - Sipò aprè lekòl atravè sant "Calderwood Writing Center" a ak leson patikilye nan men kèk elèv inivèsite.
  - Patnè lekòl la : « Freedom House » (Kay Libète), « Boston PIC », « Boston Scholar Athletes » (Atlèt Savan Boston Yo), « The Art Science Prize » (Prim Syans Atizay), « Harvard Model UN » (Modèl Nasyon Zini Harvard), « Old South Church » (Legliz South Church), « The Huntington Theatre Company » (Twoup Teyat Huntington Theatre Company).
  - Premye Lekòl Piblik Boston ki diplome yon elèv ki t ap travay pou diplòm IB (Bakaloreya Entènasyon).
  - Yon Sant Sante sou plas nan Lekòl La.
- Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle**
- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible


SQF Tier\*: 4

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Segondè Enskripsyon Ouvè

## TechBoston Academy (6-12)

9 Peacevale Rd., Dorchester 02124  
 Nora Vernazza, Direktris  
 617-635-1615 • techbostonacademy.org

Lekòl TechBoston Academy (TBA) te fonde an 2002 avèk sipò fondasyon « Bill and Melinda Gates Foundation ». Lekòl TechBoston Academy ofri yon pwogram etid (kourikoulòm) ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) kote teknoloji sèvi kòm pon ki konekte elèv yo avèk eksperyans aprantisaj yo. Yo bay tout elèv yo aksè nan teknoloji nan klas yo. Elèv yo benefisye nan avantaj yo jwenn nan klas onè yo, klas Plasman Avanse yo, ak opòtinite doub enskripsyon nan inivèsite (kolèj) lokal yo. Nou ofri yon pwogram jounen pwolonje ki pèmèt tout elèv aksè nan divès sipò akademik ak aktivite ki dewoule avan e aprè jounen skolè a.

### Kèk Karakteristik Espesyal

- Yon lekòl pilòt klas 6yèm jiska 12yèm ane ki genyen 1.000 elèv, ki ofri yon pwogram etid (kourikoulòm) ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) avèk yon anfas sou teknoloji ak aprantisaj ki baze sou pwojè ki fèt an koneksyon ant diferan matyè yo.
- Jounen pwolonje ki bay plizyè kalite sipò akademik pou tout elèv
- Gayan plizyè prim ak rekonesans, pami yo: «Lekòl Segondè Egzanplè» ak Prim Lekòl Segondè Inovatè nan men fondasyon « Gates Foundation » nan.
- Yon pwogram spò okonplè ak divès aktivite aprè jounen skolè a pou tout nivo klas.
- Aprantisaj ak leson patikilye pèsonalize avèk pwofesè yo.
- Opòtinite anrichisman pandan ete a.
- Pwogram enklizyon pou elèv ki genyen andikap.
- Sant «College Center» (Sant zafè Inivèsite/Kolèj) sou plas.
- Nou sèvi avèk teknoloji kòm yon pon ki mennen nan aprantisaj nan tout sal de klas yo.
- Divès Kou Onè ak kou Plasman Avanse (AP) ak divès opòtinite doub enskripsyon
- Divès kou teknoloji avanse, pami yo : atizay nimerik (dijital), aplikasyon desen grafik lojisyèl « Adobe », enfòmatis (pwogramasyon òdinatè), ak wobotik
- Patnè lekòl la : CityYear, Harlem Lacrosse, BAM, Hayden Foundation, 3point Foundation, Timothy Smith Network, Crossroads Leadership, 826 Boston, CAST Universal Design for Learning Studio, Dorchester YMCA, Sociedad Latina, Edvestors, LearnLaunch

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè

- SEI- kreyòl ayisyen
- SLIFE- kreyòl ayisyen
- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwogram Edikasyon Espesyal :

- Pwogram enklizyon pou elèv ki genyen andikap.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible

SQF Tier\*: **3**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 71%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 22%  
 Elèv k ap Aprann Anglè ..... 24%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Arts Academy

11 Charles St., Dorchester 02122  
Anne Clark, Direktris  
617-635-6470 • bostonartsacademy.org

Lekòl Boston Arts Academy (BAA) se sèl lekòl segondè piblik Boston pou atizay vizyèl ak atizay spektak. Misyon nou se prepare yon kominote atis-savan-sitwayen divès pou yo reyisi nan inivèsite yo (kolèj yo) oswa nan karyè pwofesyonèl yo, epi pou yo devni manm ki angaje yo nan kominote yo.

BAA konsantre sou yon pwogram etid ki gen ladan l preparasyon pou inivèsite (kolèj), preparasyon pou travay, ak preparasyon pou etid atistik ak/oswa travay. Kòm pati pwogram etid yo, genyen plizyè pwogram ki konsantre sou fòmasyon pwofesyonèl, e genyen kèk pami yo ki sètifye kòm chapit 74.

### Kèk Karakteristik Espesyal

- \*Nan nouvo ane skolè 2022-2023\* a, BAA ap nan yon nouvo bilding senk etaj dènye kri, nan katye Fenway a, k ap mezire 153.500 pye kare e k ap pral ogmante kapasite lekòl la plis ke 15 pousan. Nouvo bilding nan ap founi meyè stidyo pou repetisyon, stidyo fachonn ak stidyo atizay wot teknoloji, yon jimnazyòm, divès stidyo dans, yon laboratwa STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Atizay, Matematik) dènye kri, yon sal repetisyon sou do bilding nan, ak divès sal teyat pwofesyonèl.
- Yon pwojè kolaborativ BPS ak asosyasyon « ProArts Consortium » nan : Berklee College of Music, Boston Conservatory at Berklee, Boston Architectural College, Emerson College, Massachusetts College of Art and Design, New England Conservatory, ak the School of the Museum of Fine Arts at Tufts University.
- Fòmasyon siperyè pou elèv nan dans, mizik, teyat, oswa atizay vizyèl ak desen nan kontèks pwogram etid (kourikoulòm) preparasyon pou inivèsite a.
- Pèsonèl nou yo ki genyen eksperyans e ki resevwa prim, bay chak elèv atansyon patikilye.
- Teyat wot teknoloji/staj VA (atizay vizyèl) nan divès konpayi lokal disponib.
- Siksè aprè diplòm : Chak ane, yo asepte yon mwayèn 98 pousan elèv ki diplome nou yo nan inivèsite (kolèj).
- BAA se premye Lekòl Piblik Boston ki lonmen kòm yon lekòl segondè enklizyon, ki ofri sèvis okonplè pou elèv ki genyen tout kalite andikap aprantisaj yo idantifye lakay yo.
- Doub enskripsyon disponib nan inivèsite (kolèj) « Pro Arts » yo (atizay profesyonèl yo) ak kolèj kominote yo.
- Genyen bous atizay disponib pou ete a.
- Patenarya avèk ProArts ak lòt enstitisyon ki founi resous ak opòtinite bay elèv nou yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Gade enfòmasyon detaye yo sou pwosesis admisyon nou an epi dènye delè pou fòmilè demann odisyon yo se 21 janvyè, 2022, sou sit entènèt : bostonartsacademy.org/admissions. Fòmilè demann nan disponib sou sit entènèt : bostonartsacademy.org/admissions/application.
- Pwosesis admisyon an kreye pou l bay tout elèv opòtinite pou yo montre abiltè yo, potansyèl yo, ak angajman yo. Nou ankouraje tout elèv ki enterese fè yon demann, kèlkeswa nivo yo. Lekòl BAA akeyi kandida tout kalite orijin e li pa diskrimine sou baz ras, koulè, sèks oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal e etnik, konpetans nan lang angle, laj oswa enfimite, nan okenn nan pwogram edikasyonèl li yo, pratik admisyon l yo, ni nan divès aktivite l yo.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Pwogrè modere pou atenn objektif yo SQF Tier\*: 3

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Day and Evening Academy

20 Kearsarge Ave., Roxbury 02119  
Alison Hramiec, Direktris  
617-635-6789 • bdea.org

Lekòl BDEA yon lekòl segondè piblik charter (sou kontra) ki santre sou elèv yo e ki baze sou konpetans. Li sèvi nenpòt elèv ki depase laj lekòl segondè, ki te genyen pwoblèm parapò ak afè prezans nan lekòl, ki te double klas uityèm ane yo, ki santi yo pa jwenn atansyon yo bezwen nan klas yo pou yo resyisi, oswa ki te abandone lekòl men ki vle tounen pou yo ka diplome. Nou ofri twa pwogram disten : BDEA Flagship (« BDEA prensipal »), BDEA 2,0, BDEA Blended Learning (« aprantisaj melanje »)

BDEA angaje jèn adilt yo pou yo kapab bati yon vizyon lavni yo atravè divès relasyon ki bay yo sipò ak divès eksperyans aprantisaj ki chita sou baz konpetans.

### Kèk Karakteristik Espesyal

- Yon lekòl charter (sou kontra) Horace Mann ki sèvi 440 elèv nan twa pwogram disten : BDEA Flagship (BDEA Prensipal), BDEA 2.0 (ki baze sou pwojè avèk divès staj peye) ak BDEA Blended Learning (yon melanj aprantisaj sou entènèt ak aprantisaj an pèsòn)
- Atansyon pèsonalize pou tout elèv, avèk pwogram akademik ak anrichisman ki bay sipò, yon pwoposyon elèv a pwofesè ki piti, divès sèvis sipò aplentan pou elèv yo, ak konsèy.
- Yon anbyans vivan pou elèv ki pa t janm eksperimente siksè nan lòt lekòl. Elèv yo pwogrese selon vitès pa yo e yo resevwa yon diplòm lòske yo arive montre konpetans yo
- BDEA 2,0 kreye pou elèv ki bezwen aprantisaj pratik e li eksplore divès plan aprè nivo etid segondè a atravè divès staj peye. BDEA Blended Learning (aprantisaj melanje BDEA) se pou elèv ki bezwen yon orè ki pi fleksib e ki fè pifò aprantisaj yo sou entènèt.
- Nou ofri kou inivèsite ak kou karyè pwofesyonèl (pwogram staj, anrichisman, doub enskripsyon) pandan tout semèn nan.
- Genyen sipò pou divès koneksyon ant lakay ak lekòl la atravè ekip konsèy ak sipò pou elèv yo.
- Nou met aksan sou kapasite elèv yo, ki vle di : fò yo pran responsabite pou pwòp edikasyon yo ak kwasans pèsònèl yo.
- Yon Sant Planifikasyon Aprè Etid Segondè ki fè elèv yo patisipe nan planifikasyon lavi yo aprè lekòl segondè depi nan moman enskripsyon an. Chak elèv ki diplome nan BDEA, diplome avèk yon plan pou vi yo aprè yo fin etid segondè yo.
- Divès patenarya solid avèk divès òganizasyon atizay e kominotè ki ede kore aprantisaj elèv yo ansanm ak Bon Abitid y ap Bezwen pou Siksè.
- Yon anfas pou tout lekòl la fòme divès relasyon solid ak yon anfas sou nesite pou n tande « vwa » elèv yo.
- Nou bay sipò, ki sansib anvè chòk emosyonèl elèv yo pran, nou bay yo respè, nou akeyan, nou pa jije moun, se yon kilti ak klima kè kontan.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Admisyon fèt pandan tout ane a : Rele nan nimewo 617-635-6789 oswa 857-269-6962.
- Pou w ranpli ti fòmilè demann nou an konsilte sit entènèt : [www.bdea.com](http://www.bdea.com), osinon vizite lekòl la
- Elèv yo dwe abite Boston.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible SQF Tier\*: **Done Yo Pa Sifi**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 71%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 37%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 14%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Green Academy (6-12)

20 Warren St., Brighton 02135  
 Matthew Holzer, Direktè  
 617-635-9860 • [bostongreenacademy.org](http://bostongreenacademy.org)

Fonde an 2011, lekòl Boston Green Academy se youn nan lekòl ki vin pi amelyore pami Lekòl Piblik Boston yo ak pami tout eta Massachusetts. Nou detèmine pou n founi elèv yo avèk yon pwogram etid ki egzijan e pètinan, divès eksperyans lidèchip, epitou ekspoze yo a inivèsite ak karyè pwofesyonèl. Nou prepare yo pou yo kapab abòde divès pwoblèm anviwònman, sosyal, e ekonomik, atravè divès eksperyans aprantisaj ki pratik e ki santre sou elèv yo. Nou akeyi elèv ki gen divès abilite ; 30% elèv yo genyen bezwen espesyal e 14% se Elèv k ap Aprann Angle. Pandan senk ane ki sot pase yo, nou arive ogmante to elèv k ap diplome yo sot nan 55% rive nan 90% ak to sila yo k al nan inivèsite (kolèj) sot nan 44% rive nan 88%. Lekòl Boston Green Academy akeyi divès elèv ki gen divès abilite, e li edike e ekipe yo pou yo reyisi nan inivèsite ak nan karyè pwofesyonèl yo, e li prepare yo pou yo kapab mennen efò dirabilite pou kominote nou an ak mond lan.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Li se yon lekòl charter (sou kontra) Horace Mann, yon pati Lekòl Piblik Boston, pandanke l genyen plis libète ak plis kontrandi parapò a rannman
- Nou prepare elèv yo pou yo kapab abòde divès pwoblèm anviwònman, sosyal, e ekonomik, atravè divès eksperyans aprantisaj ki pratik e ki santre sou elèv yo : Semèn Pwojè, Divès Eksperyans Aprantisaj Ekstèn (Deyò), Egzibisyon Elèv.
- Genyen yon tèm òganik entegre nan tout kou yo
- Kou syans yo enkli : Fizik, Biyoloji, Chimi, ak Syans Anviwònman AP (Plasman Avanse), ansanm ak divès staj ak pwojè.
- Genyen kou imanite ki konbine alfabetizasyon ak etid sosyal ansanm.
- Genyen omwen kat kou AP (Plasman Avanse) disponib ak doub enskripsyon disponib nan inivèsite (kolèj) lokal yo.
- Karyè pwofesyonèl nan syans Anviwònman ak pwogram edikasyon teknik, kòmanse nan klas 9yèm ane ki abouti a sètifika nan anplwa (travay).
- Atizay, spò, ak espri antrepriz ak leson patikilye pou egzamen SAT avèk « Boston Scholar Athletes in the Zone » (Atlèt Savan Boston yo nan Zòn nan).
- Divès klòb, preparasyon pou egzamen SAT, gouvènman elèv, spò, staj, ak leson patikilye aprè jounen lekòl la
- Yon lekòl klas 6yèm jiska 12yèm ane okonplè, dekwa pou elèv yo ak fanmi yo eksperyans mwens tranzisyon [sot nan yon lekòl al nan yon lòt].

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Enskripsyon fèt selon lotri ; elèv Boston elijib pou yo fè yon demann pou klas 6yèm jiska 12yèm ane
- Dènye delè fòmilè demann yo se 18, fevriye, 2022, a 4:00 nan laprèmidi. Lotri a ap fèt 2 mas, 2022, a 4:00 nan laprèmidi.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon ak fòmilè demann yo, ale sou sit : [www.bostongreenacademy.org](http://www.bostongreenacademy.org)
- Pou w fè yon demann, ranpli fòmilè demann nan, sou sit entènèt : [bostongreenacademy.org/apply](http://bostongreenacademy.org/apply).

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible

SQF Tier\*: **2**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 65%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 32%  
 Elèv k ap Aprann Anglè ..... 16%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Latin Academy (7-12)

205 Townsend St., Dorchester 02121  
Gavin Smith, Direktè Pwovizwa  
617-635-9957 • latinacademy.org

Lekòl Boston Latin Academy genyen yon istwa 135 an ekselans nan zafè akademik avèk yon to estanda konsènan elèv ki ale nan inivèsite (kolèj). Gwoup elèv nou an reprezante popilasyon miltikiltirèl, multi-etnik Boston an, ansanm ak divès administratè ak pèsònèl devwe ki pouse e ankouraje elèv yo. Nou fyè pou n di nou genyen yon asosyasyon ansyen elèv (Alumni Association) ki bay sipò yo ak yon Konsèy Paran aktif ki bay sipò yo. Elèv lekòl BLA yo, paran yo, ak pwofesè yo pataje yon detèminasyon pou ekselans. Pwogram etid nou an devlope pou lasire ke tout elèv byen prepare pou siksè nan inivèsite (kolèj) ak nan lavi a. Nou vize stimile elèv nou yo avèk yon pwogram etid (kourikoulòm) solid pandan ke n ap founi yo, an menm tan, avèk divès sipò yo bezwen pou yo reyisi.

N ap prepare tout elèv pou divès egzamen trèzenpòtan, etid siperyè, ak divès opòtinite karyè pwofesyonèl, nan yon anviwònman ki oryante sou ekite, ki afime e kore tout aspè idantite elèv yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou genyen yon tradisyon ekselans ak eksklisivite depi 1878
- Genyen yon estanda siperyè nan rigè akademik nan yon anviwònman ki pran swen elèv yo.
- « National Blue Ribbon School of Excellence » (Lekòl Ekselans Riban Ble Nasyonal).
- Magazen « News and World Report » lonmen l kòm yon Lekòl Segondè Ameriken Estraòdinè.
- Lekòl Konkou Antre : Admisyon pou klas 7yèm ak 9yèm ane
- Yon Repitasyon Estraòdinè nan zafè mete elèv nan inivèsite (kolèj).
- Genyen Kou Onè ak Plasman Avanse nan tout matyè.
- Pwofesè devwe ki pouse e ankouraje elèv yo pou yo bay meyè rannman posib.
- Nou se yon patisipan aktif nan Lig Klasik Jinyò eta a ak Lig Klasik Jinyò nasyonal la
- Nou genyen yon pwogram leson patikilye ki egzanplè.
- Genyen yon gwo seleksyon spò ak divès klüb ak òganizasyon apre jounen skòlè a
- Genyen yon patenarya avèk konpayi IBM.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Tout admisyon an baze sou nòt elèv yo ak rannman yo bay nan egzamen an. Pou plis detay sou kòman pou w enskri ale sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/exam](http://bostonpublicschools.org/exam).
- Yon Lekòl Konkou Antre : Admisyon pou klas 7yèm ak 9yèm ane.


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Atenn oswa depase objektif yo SQF Tier\*: 1

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Boston Latin School (7-12)

78 Ave. Louis Pasteur, Fenway 02115  
Rachel Skerritt, Direktris  
617-635-8895 • bls.org

Lekòl Boston Latin School, ki te fonde an 1635, se lekòl ki pi ansyen Oz Etazini. BLS sèvi yon popilasyon elèv klas 7yèm jiska 12yèm ki ekonomikman e kiltirèlman divès atravè yon pwosesis admisyon selektif ki etabli pou toule twa lekòl konkou antre yo nan vil la. Lekòl Boston Latin School ap chèche pou l etabli elèv li yo sou yon fondasyon edikasyon klasik kontanporè kòm preparasyon pou yo kapab reyisi nan etid yo nan inivèsite (kolèj), pou yo kapab devni sitwayen ki responsab e angaje, epitou prepare yo pou yon vi satisfèzan.

Nou genyen yon edikasyon solid ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj), ki genyen divès sipò pou elèv yo. Lekòl la konplèman divès aspè akademik avèk divès pwogram atizay solid, plis pase 60 ekip spòtif, plis pase 100 klab ki anba direksyon elèv yo, plizyè aktivite estraskolè, ak dives opòtinite pou lidèchip, vwayaj, ak sèvis kominotè.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Elèv yo diplome avèk katran laten, katran nan yon lang modèn, ak aksè nan yon chwa 27 kou Plasman Avanse ke nou ofri nan klas 10yèm, 11yèm, ak 12yèm ane yo.
- Nou sèvi yon popilasyon plis pase 2.400 elèv ki ekonomikman e kiltirèlman divès.
- Se lekòl segondè piblik nimewo 1 nan zòn New England nan (Nouvèl Angletè) ke magazin « U.S. News and World Report (2021) » rekonèt
- Pwogram etid la genyen klas onè sèlman ladan l e li egzijan, avèk divès kou opsyonèl nan tout matyè yo, ki enkli divès opòtinite pou rechèch ki fèt anba direksyon elèv yo
- Plis pase 97% nan elèv nou yo enskri nan divès inivèsite (kolèj) 4 an, e yo rapòte ke yo santi yo prepare pou egzijans etid inivèsite yo
- Genyen divès sipò pou elèv yo nan lekòl la nan tout nivo, pami yo : divès travay sosyal, yon sikològ lekòl, ak yon patenarya solid avèk lopital Children's Hospital, pou asiste divès elèv avèk divès pwoblèm emosyonèl e sosyal, epitou yo founi sipò pou fanmi yo ak manm pèsone yo
- Nou ofri mizik enstrimantral ak koral pandan jounen skòlè a, nan tout nivo klas
- Genyen yon pwogram atizay ekstraòdinè, solid, ni nan lekòl la ni andeyò lekòl la : Plis pase mwatye elèv yo patisipe nan divès òf ekstansif nan koral ak mizik enstrimantral oswa atizay vizyèl.
- Ti Kominote Aprantisaj Piti pou klas 7yèm ak 8yèm ane.
- Plis pase 30 spò, pami yo : ekip rame kannòt, eskrim (tire epe), lakwòs, lit, ak vwal (navigasyon bato)

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Admisyon baze sou yon egzamen ki bay an novanm pou elèv klas 6yèm ak 8yèm ane, ak sou rezilta kanè nòt nan plizyè matyè. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/exam](http://www.bostonpublicschools.org/exam) oubyen kontakte Maria Vieira nan adrès imel : [mvieira@bostonpublicschools.org](mailto:mvieira@bostonpublicschools.org).


## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Atenn oswa depase objektif yo SQF Tier\*: 1

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Fenway High School

67 Alleghany St., Roxbury 02120  
Geoffrey Walker, Direktè  
617-635-9911 • fenwayhs.org

Pwogram etid nou an kreye pou l devlope abilte ak konesans elèv yo, nan fason yo atake divès pwoblèm ak pwojè menm jan granmoun ki reyisi yo fè sa – syantifik yo, moun biznis yo (komèsan yo), travayè sosyal yo, et setera. Pou n asire ke n ap prepare elèv yo tou pou egzmen standadize yo ak admisyon nan inivèsite yo (kolèj yo), nou konfòme pwogram etid nou an a "Common Core" la ("Edikasyon Baz Komen an") ak estanda sila yo ke òganizasyon matematik ak syans nasyonal yo etabli.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou genyen yon repitasyon nasyonal ak plizyè prim pou inovasyon ak ekselans.
- Nou genyen yon popilasyon elèv/pwofesè divès, ki respekte moun, ki genyen yon espri kominotè.
- Nou genyen yon seri pratik ansèyman etabli ak estrikti lekòl ki chita sou baz twa prensip fondamantal : egzijans entèlektyèl, relasyon pèsonalize, ak kolaborasyon avèk divès òganizasyon ekstèn (òganizasyon deyò).
- Siksè akademik epwouve, san egzijans admisyon akademik.
- Itilizasyon ekstansif divès pòtfolyo (dosye), pwojè, ak ekspozisyon.
- Nou genyen divès pwogram antrepriz riske, pwogram staj 6-semèn pou tout elèv klas 12yèm ane yo.
- Li renome pou siksè li genyen avèk jèn gason koulè yo ak elèv Latino yo.
- Nou genyen elèv ak pwofesè divès, ki respekte moun, epi ki genyen yon espri kominotè.
- Genyen divès gwoup konsèy konsiltatif pou elèv : elèv yo fòme rapò solid avèk pèsònèl yo ak kamarad klas yo pandan yon peryòd katran ansam.
- SEI pou elèv ki pale espayòl.
- Depatman Edikasyon Etazini an rekonèt li kòm yon Lekòl Riban Ble (« Blue Ribbon School »).
- Nou ofri Doub Enskripsyon avèk inivèsite « Emmanuel College », enstiti « Wentworth Institute », ak inivèsite « Fisher College ».
- Genyen yon konsèy konsiltatif ak sipò elèv ki solid.
- Semèn Pwojè - yon semèn elèv yo pase ap etidye andeyò sal de klas yo.
- Divès pwogram antrepriz riske ak divès staj pou elèv klas 12yèm ane yo.
- 90% nan elèv ki diplome yo enskri nan inivèsite (kolèj).
- Pwogram « Teknoloji a Vin Lakay Ou » ("Technology Goes Home") pou fanmi yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI pou elèv ki pale espayòl.
- SEI-espayòl
- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


### Pwosis Espesyal pou Admisyon

- Elèv yo dwe ranpli yon fòmilè demann.
- Ou kapab pran li sou sit entènèt : [www.fenwayhs.org/admissions](http://www.fenwayhs.org/admissions) oubyen rele nan nimewo telefòn : 617-635-9911.
- Fòmilè demann nan egzije yon redaksyon (« essay ») ke elèv la ap ekri, kèk lèt rekòmandasyon, ak relve nòt elèv la fè lekòl.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Pwogrè modere pou atenn objektif yo SQF Tier\*: 3


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 64%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 21%  
Elèv k ap Aprann Angle ..... 21%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Greater Egleston High School (10-12, Laj 17 a 22 an)

80 School St., Roxbury 02119  
Kevin Brill, Direktè  
617-635-6429 • egleston@bostonpublicschools.org

Lekòl Greater Egleston High School la (GEHS) genyen yon Akademi Savan (« Scholar's Academy ») pou klas 10yèm ak 11yèm ane, yon Akademi pou Preparasyon pou Inivèsite (« College Prep Academy » - CPA) pou elèv klas 12yèm ane yo, ak yon Akademi Elèv sou Entènèt (« Online Learners Academy ») pou elèv ki depase laj lekòl ki bezwen travay pou yo ka sipòte fanmi yo, elèv ki paran, ak/oubyen elèv ki genyen kèk sikonstans ki anrapò ak yon kondisyon medikal. CPA la (Akademi Preparasyon pou Inivèsite a) genyen ladan l yon pwogram imèsyon nan inivèsite (kolèj) ki dire 10 semèn. Misyon nou se entrodui elèv yo a divès karyè potansyèl nan fason y ap eksplore e fè rechèch sou divès karyè, fason y ap chwazi yon lokal pou fè staj karyè pwofesyonèl, ak nan fason y ap devlope yon seri konpetans nan domèn karyè pwofesyonèl ki enterese yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou met aksan sou leson ki santre sou elèv yo, lidèchip, divès konpetans pou lavi a, ak aprantisaj kolaboratif.
- Itilizasyon plizyè kalite evalyasyon, pami yo : divès pòtfolyo (dosye), ti pwojè aprantisaj kolaboratif, divès egzibisyon, devwa klas patikilye, ak egzamen MCAS yo.
- Genyen divès evènman ki santre sou lafami : oryantasyon, seremoni rekonesans pou elèv ak prim patnè paran/responsab ki pote sikse, patisipasyon konsèy administrasyon.
- Nou genyen yon wo pousantaj to elèv yo asepte nan inivèsite/kolèj (90 a 100%) chak ane.
- Nou genyen divès staj ak aprantisaj karyè pwofesyonèl toupatou nan Boston.
- Divès pwojè rechèch nan lekòl la, egzijans akademik, ak divès pwogram aprè jounen skolè a.
- Genyen divès kou ki sou nivo inivèsite (kolèj) nan lekòl GEHS ak nan lokal (campus) inivèsite yo (kolèj yo).
- Nou bay konsèy sou afè inivèsite ak aksè nan resous ki anrapò avèk demann inivèsite (kolèj) ak enskripsyon.
- Staj sèvis kominotè.
- Konsèy Administrasyon an angaje l nan lekòl la nan yon fason aktif.
- Rechèch, divès egzijans akademik, divès klib.
- Preparasyon pou Inivèsite (Kolèj) se yon priorite pou tout elèv.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Fòmilè demann pou elèv laj 17 an e pi gran toujou. Admisyon baze sou yon enètvyou ak sou pwosesis seleksyon an. Kontakte lekòl la pou plis enfòmasyon.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\*

**Done Yo Pa Sifi**

**SQF Tier\*: Done Yo Pa Sifi**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 76%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 20%  
Elèv k ap Aprann Angle ..... 11%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Edward M. Kennedy Academy for Health Careers

Klas 9yèm jiska 10yèm ane : 10 Fenwood Rd., Boston 02115

Klas 11yèm a 12yèm ane : 110 The Fenway, Boston 02115

Doktè Caren Walker Gregory, Direktris  
617-373-8576 • kennedyacademy.org

Lekòl Kennedy Academy for Health Careers se yon lekòl segondè ki vize preparasyon pou inivèsite (kolèj) pou elèv Boston sila yo k ap eksplore karyè pwofesyonèl nan domèn sante ak divès pwofesyon ki anrapò ak sante. Akademi a founi yon anviwònman aprantisaj ki bay elèv yo sipò, ki ankouraje respè, epi ki anbrase divèsite. Elèv yo va atenn divès konpetans pou lavi a ke y ap bezwen pou yo devni manm pwodiktif e pozitif nan sosyete a.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Non lekòl la te chanje pou onore defen Senatè Edward M. Kennedy.
- Yon lekòl segondè sekirite ki genyen yon pwogram etid (kourikoulòm) pou prepare elèv yo pou inivèsite ki konsantre sou divès kou sante, matematik, angle, lang mondyal, syans, istwa, ak teknoloji.
- Elèv yo goute eksperyans lokal inivèsite Northeastern University a, epi yo kapab itilize laboratwa syans, laboratwa òdinatè, bibliyotèk, ak lòt resous inivèsite a.
- Se yon plas aprantisaj ki divès e ki genyen anpil respè, kote elèv yo detèmine pou yo reyisi epi manm pèsònèl yo kwè nan potansyèl chak grenn elèv.
- 50% nan pèsònèl anseyan yo genyen doub sètifika nan domèn matyè yo ak nan edikasyon espesyal.
- 60% nan pèsònèl anseyan yo te resewva yon sètifika nan domèn Elèv k ap Aprann Anglè.
- Genyen divès staj, sèvis kominotè, eksperyans travay, ak pwogram sezon ete nan divès anviwònman swen medikal.
- Nou se yon Lekòl Piblik Charter (sou kontra) Horace Mann, ki genyen libète espesyal pou l pousuiv pwogram akademik e estraskolè ki inovatè e egzijan.
- Genyen klas Plasman Avanse nan : Anglè, Biyoloji, Kalkil, Istwa, Statistik, Sikoloji, ak Espayòl.
- Genyen gidans ak sipò endividyèl pou elèv yo pou pwoblèm akademik, pèsònèl, e sosyal.
- Nou genyen Sosyete Onè Nasyonal, baskèt bòl, atletis, besbòl/bòlmòl, Ekip Deba, At Masyal, Foutbòl Ameriken odrapo (« flag football »), Klib Teyat Dram, Konsèy Elèv, liv anyèl souvni lekòl, prom (« bal/dans fen ane a »), divès evènman sosyal, ak divès pwomnad.
- Konsèy Nasyonal la sètifiye plizyè manm pèsònèl yo.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon


- Elèv yo dwe ranpli yon fòmilè demann avan dat limit la pou n mete yo nan lotri enskripsyon an. Pou plis enfòmasyon e pou w jwenn yon kopi fòmilè demann nou an, konsilte sit entènèt : kennedyacademy.org.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ase pwogrè pou atenn objektif yo


SQF Tier\*: 1

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## Madison Park Technical Vocational High School

75 Malcolm X Blvd., Roxbury 02120  
 Sidney Brown, Direktè Egzekitif  
 617-635-8970 • bostonpublicschools.org/madisonpark

Misyon lekòl Madison Park Technical Vocational High School se founi elèv nou yo avèk divès pwogram akademik ak edikasyon teknik solid. Pwogram nou yo ankouraje karaktè nesès pou elèv yo atenn e reyisi nan divès opòtinite ki vini aprè etid segondè yo ak karyè pwofesyonèl yo. Nou vle pou tout sitwayen nou yo devni sitwayen pwodiktif.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Se SÈL lekòl segondè ke Boston genyen pou afè domèn teknik ak karyè pwofesyonèl.
- Genyen 19 pwogram teknik pwofesyonèl chapit-74 apwouve.
- Genyen divès pwogram akademik ak pwogram karyè pwofesyonèl ki chita sou baz standa.
- Genyen twa depatman ki konsantre sou karyè pwofesyonèl.
- Genyen opòtinite pou tout elèv kapab genyen kredi inivèsite (kolèj) ak kredi endistriyèl.
- Genyen kowòperasyon endistriyèl, opòtinite pou elèv yo suiv yon moun tankou moun k ap fè staj, divès staj klinik pou devlope konpetans yo pou karyè pwofesyonèl yo.
- Gwoup suivan yo sètifye nou : « Automotive Youth Education Systems » (« Sistèm Edikasyon Jenès Otomobil »), « National Healthcare Association » (« Asosyasyon Sèvis Sante Nasyonal »), « PrintED (Pwogram Enprimri) », « National Automotive Education Foundation » (« Fondasyon Edikatif Otomobil Nasyonal »), ak Depatman Sante Piblik eta Massachusetts.
- Nou se manm « SkillsUSA », yon patenarya elèv, pwofesè ak endistri k ap travay ansanm pou l asire Etazini genyen yon mendèv ki abil/konpetan.
- 100% nan elèv ki nan Pwogram Okzilyè (Asistan) Enfimiyè a resewva lisans Okzilyè (Asistan) Enfimiyè nan men Kwa Wouj Massachusetts la.
- Nou se manm Sosyete Onè Nasyonal ("National Honor Society").
- Nou genyen sètifika OSHA 10 pou tout pwogram karyè yo (OSHA se: « Administrasyon Sekirite ak Sante Okipasyonèl »).
- Nou genyen divès opòtinite doub enskripsyon avèk inivèsite yo (kolèj yo) nan zòn nan.
- Genyen kou Plasman Avanse pou elèv klas 11yèm ak 12yèm yo.
- Genyen yon Pwogram Eksplorasyon Karyè Pwofesyonèl pou Klas Nvyèm Ane a.
- Genyen divès Pwogram Espò Varsity Chanpyon (Ekip Prensipal lekòl la) ak JV (Jinyò Varsity, ekip jinyò a).
- Divès Opòtinite pou Afè Antrepriz.
- Divès Opòtinite pou Kredi/Diplòm Endistriyèl.
- Genyen Kowòperasyon, Staj, Opòtinite pou Suiv yon Pwofesyonèl, ak Plasman nan yon Staj Klinik.
- Admisyon nan klas 11yèm ak 12yèm ane mande pou yon elèv pase yon entèvyou pou detèmine si gen disponibilite ak si lekòl la korèk pou li.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- SEI-miltileng (plizyè lang), SLIFE-miltileng (plizyè lang),
- ESL (Anglelè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.


### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Ou kapab jwenn yon fòmilè demann nan men konsèyè pedagogik lekòl la, yon Sant Dakèy, oswa sou entènèt, sou sit : [www.madisonparkhs.org](http://www.madisonparkhs.org).
- Tout moun dwe ranpli e remèt tout fòmilè demann bay lekòl Madison Park pa pi ta ke 28 fevriye.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen anpil sipò/sipò okonplè SQF Tier\*: 4


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 76%  
 Elèv ki Genyen Andikap ..... 34%  
 Elèv k ap Aprann Angle ..... 37%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## New Mission High School (7-12)

Hyde Park Education Complex • 655 Metropolitan Ave., Hyde Park 02136

William Thomas, Direktè

617-635-6437 • newmissionhigh.org

New Mission se yon lekòl ki prepare elèv pou inivèsite (kolèj) ki genyen 550 elèv ladan l ansanm ak divès manm pèsone devwe. Nou se « lekòl konkou an tre ki pa bay egzamen an tre a ». Strateji « Plasman Avanse Pou Tout Moun » nou an prepare tout elèv diplome nou yo pou kolèj 4 an. Nou ofri divès kou Plasman Avanse, divès prezantasyon pòtfolyo (dosye), ak yon pwosesis pèsonalize pou demann pou inivèsite (kolèj) pou asiste w nan efò pou w rantr nan inivèsite prefere w la.

Lekòl New Mission High School ekipe tout elèv pou yo kapab devni diplome inivèsite k ap fè bon pwogrè nan lavi yo epi k ap fè bon bagay pou mond lan.

### Kèk Karakteristik Espesyal

- Yon lekòl ki vize ekip elèv nou yo kapab devni elèv ki ka dirije tèt yo, pandan tout rès vi yo.
- Genyen yon nouvo Pwogram Pakou Inivèsite Bonè, an patenarya avèk enstiti « Wentworth Institute of Technology », avèk yon seri kou nan domèn Enjenyeri, Enfòmasyon (Syans Òdinatè), ak Sante, kote elèv yo asiste divès laboratwa sou plas nan « Harvard MedScience ». Epitou nou genyen yon sekans dezan nan Biyoteknoloji avèk pwomnad pwofesyonèl nan divès konpayi biyoteknoloji ak nan laboratwa « Tufts Launchpad BioLabs » yo, ansanm ak divès staj.
- Gwosè klas an mwanyèn : 25 elèv.
- Aksè nan Divès Kou Inivèsite (Kou Kolèj) : Elèv yo montre detèminasyon yo pou yo aprann, abitud mantal yo, ak divès konpetans esansyèl pandan sesyon Konsèy Konsiltatif yo e atavè divès prezantasyon pòtfolyo de (2) fwa pa ane.
- Sipò akademik : Akademi Devwa aprè jounen skolè a, ki ofri èd patikilye ke pwofesè yo ak konseye yo founi, epi patenarya « City Year » la founi sipò pèsonalize.
- Divès kou opsyonèl tankou : Istwa Ameriken Nwa, Defans Tèz pou Elèv Klas Tèminal, Jistis Penal, preparasyon pou egzamen MCAS, ak Ekriti Kreyatif ki founi divès opòtinite pou devlopman konpetans nan domèn matematik ak ekri.
- Nou ofri divès modèl founisman ansèyman pèsonalize bay elèv sila yo ki genyen kèk andikap, ki enkli modèl enklizyon an, men ki pa limite a li sèlman.
- Genyen divès konseye elèv ki suiv avèk atansyon divès defi ak pwogrè chak elèv genyen, epi yo kominike direktèman avèk fanmi yo.
- Nou egzije defans tèz nan nivo klas tèminal la, sèvis kominotè, ak staj nan nivo klas tèminal la kòm egzijans pou elèv yo diplome.
- Nou ofri divès kou inivèsite (kolèj) doub enskripsyon atravè enstiti « Benjamin Franklin Institute », inivèsite (kolèj) MassArt, RCC, enstiti « Wentworth Institute », ak inivèsite (kolèj) « Wheelock College ».

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Anglè kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Edikasyon Espesyal

- Enklizyon konplè pou elèv sila yo ki genyen bezwen espesyal.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Kalandriye a aliyen avèk dat delè 1ye Tou Lekòl Piblik Boston an. Lekòl New Mission genyen yon pwosesis demann ke w kapab kòmanse sou entènèt ([www.newmissionhigh.org](http://www.newmissionhigh.org)) oswa sou papye. Infwa ke w fin soumèt yon demann pou yon elèv, n ap rantr elèv la nan yon lotri epi n ap notfyè w sou estati demann nan atravè BPS.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ase pwogrè pou atenn objektif yo


SQF Tier\*: 1

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



# Admisyon Espesyal nan Lekòl Segondè

## O'Bryant School of Mathematics and Science (7-12)

55 Malcolm X Blvd., Roxbury 02120  
Tanya Freeman Wisdom, Direktris  
617-635-9932 • obryant.us

Lekòl O'Bryant lan se sèl lekòl konkou antre ki refleto (ki pòtrè) a popilasyon elèv Lekòl Piblik Boston an (BPS) an jeneral. Nou mete anfas sou matyè STEM yo (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, ak Matematik) avèk Enjenyeri, Enfòmatrik (Syans Òdinatè), ak divès Pakou Syans Biyomedikal ak yon seri kou Imanite. Pami pwogram nou yo ki fonksyone nan lokal lekòl la genyen : mizik, atizay vizyèl, NJROTC (Kò Antrènman Ofisye Rezèv Marin Jinyò), ak wobotik avèk yon laboratwa modèn.

Lekòl O'Bryant lan genyen yon konsantrasyon sou STEM (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik) ki entegre avèk kou Imanite.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou se yon lekòl konkou antre ki prepare elèv yo pou inivèsite (kolèj) ki genyen divès atant standa akademik e sosyal siperyè pou elèv yo. Admisyon nan klas 7yèm, 9yèm, ak 10yèm ane yo baze sou nòt egzamen ak mwayèn jeneral nòt elèv yo.
- Se yon kominote elèv divès ki bay elèv yo sipò ki angaje yo nan yon pwogram etid solid.
- Nou genyen yon anfas sou syans, teknoloji, enjenyeri ak matematik ki entegre avèk imanite.
- Elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane gwoupe ansanm nan divès kominote aprantisaj piti
- Pwogram akademik spesyalize : Genyen yon Pakou Enjenyeri, Enfòmatrik (Syans Òdinatè) ak Syans Biyomedikal, lekòl mizik "Roland Hayes School of Music", Atizay Vizyèl, ak Kò Antrènman Ofisye Rezèv Marin Jinyò (« Naval Junior Reserve Officer Training Corps » - NJROTC).
- Nou genyen yon to asepsasyon nan inivèsite ak kolèj ki wo, avèk anpil opòtinite pou bous.
- Pwogram Kou Avanse (AP) Capstone ak plis pase 19 kou Klas Avanse (AP) ke nou ofri nan tout matyè yo.
- Sant Konsèy pou Inivèsite (Kolèj) ak Karyè Pwofesyonèl (« College and Career Counseling Center »); Sant Fanmi, Pwogram Spòtif Ekip Besbòl Red Sox pou Savan (« Red Sox Scholar Athletics Program »)
- Nou resewa : Blue Ribbon Award (« Prim Riban Ble »), Siemens Award for Advanced Placement (« Prim konpayi Siemens pou Plasman Avanse »), MassInsight Vanguard Award for outstanding Advanced Placement program (« Prim pou pwogram kou Plasman Avanse Estraòdinè »), Silver Medal from US News and World Report, America's Best High Schools (« Meday Ajan nan men magazen "US News and World Report", 'Meyè Lekòl Segondè oz Eta Zini ' »)
- Ekip spòtif konpetitif.
- Plizyè aktivite estraskolè.
- Pami patnè nou yo, genyen : inivèsite MIT, Harvard, Northeastern, lopital Brigham and Women's Hospital, Colleges of the Fenway (Kolèj/Inivèsite Fenway yo), ak Microsoft.

### Pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle

- ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) nan Edikasyon Jeneral.

### Pwosesis Espesyal pou Admisyon

- Tout admisyon an baze sou nòt elèv yo ak ranman yo bay nan egzamen an. Tanpri konsilte sit entènèt : [bostonpublicschools.org/exam](http://bostonpublicschools.org/exam) pou w jwenn detay sou kòman pou w enskri.

\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.


### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Atenn oswa depase objektif yo SQF Tier\*: 1

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



### Reyisit nan Inivèsite



# Lekòl Edikasyon Espesyal

Moun pa kapab chwazi lekòl sa yo atravè pwosesis plasman regilye a.  
Elèv yo dwe refere atravè yon reyinyon Ekip Evalyasyon Edikasyon Espesyal.

## The Carter School

396 Northampton St., Boston 02118  
Mark O'Connor, Direktè  
617-635-9832 • williamecarterschool.org

Elèv nou yo ki demontre delè kognitif (mantal) sevè/pwofon, andikap fizik, ak kondisyon medikal konplike, bezwen swen pèsoneèl okonplè. Nan lekòl nou an, nou mete sou pye yon Modèl Transdisiplinè (ki travèse plizyè disiplin/domèn) kote pwofesè/terapèt (terapis) travay sou objektif aprantisaj yo ansanm. Kominote skolè nou an reprezante plizyè ras ak kilti. «Jaden Gerizon Sansoryèl Klas Deyò» nou an ajoute sou espas aprantisaj yo, epi l bay aksè a divès aktivite «vèt» (òganik/natirèl) ansanm ak mouvman fizik elèv nou yo ka fè deyò.

### Kèk Karekteristik Espesyal

- Nou genyen yon pwogram edikasyon espesyal pèsonele entansif ki genyen yon pwopòsyon 5:3 elèv a pèsoneèl.
- Travayè sosyal ak liyezon fanmi ki bileng (ki pale de [2] lang).
- De (2) enfimye aplentan.
- Apwòch ekip tranzdisiplinè (plizyè disiplin).
- Terapi ki disponib sou plas : terapi fizik, terapi okipasyonèl (ègoterapi), kominikasyon, konpòtman, vizyon, atizay kreyatif, ak edikasyon fizik adaptif.
- Terapi Akwatik (Terapi avèk itilizasyon Dlo) nan lopital « Massachusetts Hospital School ».
- Aprantisaj deyò ak rekreyasyon nan bèl Jaden Sansoryèl, ki genyen kèk santye aksesib avèk chèz woulant ansanm ak kèk enstalasyon dlo.
- Divès eksperyans kominotè : Senfoni, prom (bal/dans fen ane a), Holiday Stroll (Pwomnad Jou Fèt).
- Genyen divès asansè plafon motorize (otomatik), ekipman terapi fizik.
- Nou sitye nan yon plas santral dèyè inivèsite Northeastern University a, nan Stasyon « Mass. Ave. » Sou liy tren oranj lan (Orange Line).
- Divès patnè lekòl la : Patnè lekòl la : inivèsite « Boston College » ak « Northeastern » (Enfimye, P.T.), Inivèsite « Boston Architectural College », inivèsite « Berklee College of Music », konpayi konsepsyon « Anderson Miller Design », konpayi konsepsyon « Cannon Design », konpayi jesyon konstriksyon « Structure Tone » ak konpayi konstriksyon « Gilbane Construction Company », Zanmi lekòl William E. Carter School la, achitèk peyizaj « David Berarducci Landscape Architect », ak sant sante « Whittier Street Health Center ».


### Evalyasyon Kontrandi Eta a\*

**Done Yo Pa Sifi**

**SQF Tier\*: Done Yo Pa Sifi**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Edikasyon Espesyal

Moun pa kapab chwazi lekòl sa yo atravè pwosesis plasman regilye a.  
Elèv yo dwe refere atravè yon reyinyon Ekip Evalyasyon Edikasyon Espesyal.

## Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing

40 Armington St., Allston 02134  
Michelle Eisan-Smith, Direktris  
617-635-8534 (V/TTY) • [bostonpublicschools.org/horacemann](http://bostonpublicschools.org/horacemann)

Antan lekòl piblik lajounen pi ansyen pou Moun ki Soud Oz Etazini, lekòl Horace Mann School la rete inik nan jan li sèvi elèv, laj 3 an jiska 22 an, nan yon lekòl okonplè k ap abòde pwoblèm refòm edikasyonèl la. Lekòl Horace Mann se yon lekòl Premye Ran nan zafè Edikasyon Elèv Soud, e ki aktif nan modèl ansèyman ki pi resan yo, k ap founi opòtinite pandan jounen skolè a pou divès Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl pou tout manm pèsònèl yo. Nou analize evalyasyon endividyèl yo pou asire kwasans ak akonplisman kontinyèl elèv yo, ansanm ak kalite aksè yo genyen nan estanda akademik yo.

### Kèk Karekteristik Espesyal


- Sèvis endivyalize, pèsonalize, klinik e akademik pou elèv ki soud e ki gen difikilte tande depi nan nivo lekòl matènèl rive nan lekòl segondè.
- Sèvis pou timoun ki genyen teknoloji enplan "Cochlear" la.
- Yon Plas Entèn Pedyat nan lopital Mass General Hospital.
- Terapi odyoloji ak langaj/lang.
- Ansèyman Lang Siy Ameriken (ASL), vwa avèk sipò siy/jès ak ansèyman oral sèlman.
- Ekip Koneksyon : divès sèvis sikolojik, sosyal, klinik, e dyagnostik.
- Pwogram sansibilizasyon paran/timoun piti pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte tande, li genyen ladan l ansèyman ASL (Lang Siy Ameriken) pou paran.
- Entènèt Gwo Ekran ak videyo dijital (nimerik).
- Sistèm Kominikasyon Ijans nan uit plas santral epapiye nan tout lekòl la, PA sal de klas Vizyèl.
- Sant sante «JM Smith Health Center, M.D.» ak yon enfimye N.P. nan lokal lekòl la-a tan pasyèl.
- Plas staj ak klinik pou 25 elèv inivèsite ki sot nan inivèsite « Boston University », « Boston College », « Lesley University », « Emerson College », « Harvard University », « McDaniel College » nan eta Maryland, ak inivèsite « San Diego State University » nan eta California (Kalifòni).
- Divès patnè lekòl la : AIIM-International, Fidelity, ImageMax DataMax, Mass. Housing, Mellon Bank CORE, ak IKON.
- Divès sèvis klinik e adakemik.
- Edikasyon regilye avèk divès opsyon tradisyonèl.

### Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Done Yo Pa Sifi

SQF Tier\*: **Done Yo Pa Sifi**

Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.


### Enskripsyon ak Prezans



### Moun ki Dezavantaj

ekonomik yo ..... 73%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 100%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 68%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Lekòl Edikasyon Espesyal

Moun pa kapab chwazi lekòl sa yo atravè pwosesis plasman regilye a.  
Elèv yo dwe refere atravè yon reyinyon Ekip Evalyasyon Edikasyon Espesyal.

## McKinley Schools

Cindie Neilson, Direktris  
617-635-9976

**McKinley Elementary**  
90 Warren Ave., Boston 02116  
Christine Stella, Direktris  
617-635-99978

**McKinley Middle**  
50 St. Mary St., Boston 02215  
Jennifer Sweeney, Direktris  
617-635-9853

**McKinley Preparatory High**  
97 Peterborough St., Boston 02215  
Johnathan Scott, Direktè  
617-635-9907

**McKinley South End Academy**  
90 Warren Ave., Boston 02116  
Christine Stella, Direktris  
617-635-9976

Lekòl McKinley Boston yo se kat lekòl ansanm ki fè youn, k ap founi edikasyon espesyal pou elèv ki nan jadendanfan jiska klas 12yèm ane.

### Kèk Karekteristik Espesyal


- Genyen yon anfas sou bezwen emosyonèl, konpòtmantal, ak bezwen aprantisaj.
- Genyen yon sistèm byen striktire pou jere konpòtman.
- Divès sipò klinik entansif.
- Divès pwogram akademik okonplè.
- Nou bay tout elèv yo deziyasyon selon yon Reyinyon Ekip Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP).
- Nou genyen Kat Pèsonèl ki resevwa Prim "Meyè Edikatè nan Boston pou Ane a".
- Genyen yon Kuizin pou Ansèyman--lekòl McKinley Preparatory High School.
- Nou genyen patenarya avèk sèvis timoun « Wediko Children Services », « Sole Train », « Vertex », « 'Fab Lab' Mel King » nan « BU, Institute for Contemporary Art » (Enstiti Atizay Kontanporè inivèsite « Boston University »), teyat « Huntington Theatre », ak inivèsite (kolèj) Roxbury Community College.
- Aprantisaj ki baze sou konpetans.

## Evalyasyon Kontrandi Eta a\* Ki bezwen Sipò Konsantre/Sible

SQF Tier\*: **Done Yo Pa Sifi**


Aprann kòman nou klase lekòl yo nan paj 13.

### Enskripsyon ak Prezans




Moun ki Dezavantaj ekonomik yo ..... 83%  
Elèv ki Genyen Andikap ..... 100%  
Elèv k ap Aprann Anglè ..... 21%

### Done Gradyasyon Lekòl Segondè 4-an (2020)




### Reyisit nan Inivèsite



\*Enfòmasyon kontrandi ak enfòmasyon SQF (Estrikti Kalite Lekòl yo) yo reprezante divès detèminasyon ane ki sot nan ane 2019.

# Nòt



# Resous pou Fanmi ak Elèv

## Lekòl Piblik Boston

[www.bostonpublicschools.org](http://www.bostonpublicschools.org)

Nimewo Prensipal La/Tout Depatman Yo.....	617-635-9000
Edikasyon Granmoun .....	617-635-9300
Prezans .....	617-635-8035
Komite Lekòl Boston.....	617-635-9014
Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC).....	617-635-9660
Kominikasyon .....	617-635-9265
Sèvis Konsèy.....	617-635-8030
Opsyon Edikasyonèl .....	617-635-8035
Angajman (biwo santral la) .....	617-635-9660
Biwo deyò a.....	617-635-7750
Elèv k ap Aprann Anglè.....	617-635-9435
Egalite (pwoblèm diskriminasyon ak dwa sivil) .....	617-635-9650
Sèvis Manje ak Nitrisyon .....	617-635-9144
Sèvis Konsèy Pedagogik.....	617-635-8030
Sante ak Byenèt.....	617-635-6643
Sant Resous Edikasyon Moun Sanzabri.....	617-635-8037
Sant Evalyasyon ak Konsèy Elèv ki Fenk Vini .....	617-635-1565
Inivèsite Paran .....	617-635-7750
Sant Re-angajman .....	617-635-2273
Sèvis Sekirite (Polis Lekòl) .....	617-635-8000
Liy Dirèk Lekòl La (Out, Septanm, ak Janvyè) .....	617-635-9046
Edikasyon Espesyal.....	617-635-8599
Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal ( <a href="http://www.BostonSpedPac.org">www.BostonSpedPac.org</a> ).....	617-297-7335
Dosye Elèv .....	617-635-9037
Biwo Sipèntandan An .....	617-635-9050
Sant Fòmasyon Tit I (atelye pou fanmi) .....	617-635-7750
Transpòtasyon.....	617-635-9520
Sant Dakèy Yo:	
Dorchester.....	617-635-8015
East Boston.....	617-635-9597
Roslindale .....	617-635-8040
Roxbury.....	617-635-9010

## Sèvis ak Òganizasyon Kominotè

Aksyon pou Devlopman Kominote Boston Yo (ABCD)

617-357-6000 / [www.bostonabcd.org](http://www.bostonabcd.org)

GED, diplòm lekòl segondè, pwogram travay, "Head Start"

Asistans pou Elèv Ameriken, ASA – Sant Planifikasyon pou Inivèsite

1-877-332-4348 / [www.asa.org/plan](http://www.asa.org/plan)

Enfòmasyon gratis sou edikasyon siperyè, èd finansyè, ak karyè

Sant Boston pou Lajènès ak Fanmi – Sant Kominotè

617-635-4920 / [www.cityofboston.gov/BCYF](http://www.cityofboston.gov/BCYF)

Pwogram pou lajènès, edikasyon pou adilt, rekreyasyon, GED

Navigatè Boston .....

[www.BOSTONnavigator.org](http://www.BOSTONnavigator.org)

Baz done ekstansif pou rechèch pou pwogram ki andeyò lè lekòl

Patnè Boston nan Edikasyon 617-451-6145/[www.bostonpartners.org](http://www.bostonpartners.org)

Volontè lekòl, fòmasyon paran

Bibliyotèk Piblik Boston..... [www.bpl.org](http://www.bpl.org)

Liv, videyo, itilize òdinatè, aktivite pou tout laj, tikè lese-pase pou mize, ak enfòmasyon sou bibliyotèk branch yo ki fè pati sistèm nan

Altènativ pou Lajènès EDCO .....

617-262-9562 / [www.edcoyouthalternative.com](http://www.edcoyouthalternative.com)

Diplòm lekòl segondè ak pwogram tranzisyon pou jèn moun ki pa lekòl, sot nan lekòl pou kòmanse yon karyè

Federasyon pou Timoun ki Genyen Bezwen Espesyal .....

617-482-2915 / [www.fcsn.org](http://www.fcsn.org)

Defans, enfòmasyon, ak fòmasyon

Mayor's Health Line (Liy Sante Majistra A) .....

800-847-0710

Enfòmasyon sou vaksinasyon ak plis bagay toujou

Mayor's Youthline (Liy Majistra a pou Lajènès).....

617-635-2240 / [www.bostonyouthzone.com](http://www.bostonyouthzone.com)

Aktivite ak enfòmasyon pou Lajènès

Fondasyon "Steppingstone" .....

617-423-6300 / [www.tsf.org](http://www.tsf.org)

Preparasyon akademik gratis pou lekòl konkou antre ak lekòl prive

## Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè eta Massachusetts

[www.doe.mass.edu](http://www.doe.mass.edu)

781-338-3300

Lekòl Charter.....

781-338-3227 / [www.doe.mass.edu/charter](http://www.doe.mass.edu/charter)

Enfòmasyon sou lekòl piblik ki disponib pou tout moun ki abite Boston ki pa fè pati Lekòl Piblik Boston

Liy Dirèk pou Paran sou Enfòmasyon egzamen MCAS La.....

866-662-7220

